

**PANGANGGENING UNDHA-USUK BASA JAWI WONTEN ING
PANGGUGAH**

SKRIPSI

Dipunajengaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta

minangka Salah Satunggaling Sarat

Anggayuh Gelar Sarjana Pendidikan



Dening

Rista Khayatun

NIM 16205241020

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
2020**

PASARUJUKAN

Skripsi kanthi irah-irahan Panganggening Undha-Usuk Basa Jawi Wonten ing Panggugah menika sampun dipunsarujuki dening dosen pembimbing kangge dipunuji.



Yogyakarta, 11 Maret 2020

Ingkang nyarujuki,

Pembimbing


Dra. Siti Mulyani M.Hum.

NIP 19620729 198703 2 002

PANGESAHAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Panganggening Undha-Usuk Basa Jawi Wonten ing Panggugah* menika sampun dipunandharaken wonten pendadaran ing sangajengipun Dewan Penguji rikala surya 20 Maret 2020 saha dipuntetepaken lulus.

DEWAN PENGUJI

Asma	Jabatan	Tapak Asma	Tanggal
Dra. Siti Mulyani, M.Hum.	Ketua Penguji		07 April 2020
Dra. Hesti Mulyani, M. Hum.	Sekretaris Penguji		07 April 2020
Dr. Mulyana, M. Hum.	Penguji Utama		07 April 2020

Yogyakarta, 07 April 2020
Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
Dekan,



Dr. Sri Harti Widyastuti, M. Hum.
NIP.196210081988032001

WEDHARAN

Ingkang tapakasma ing ngandhap menika, kula.

Nama : Rista Khayatun

NIM : 16205241020

Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa

Fakultas : Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta

ngandharaken bilih *karya ilmiah* menika asiling panaliten kula piyambak. Samangartos kula, *karya ilmiah* menika beda kaliyan *skripsi* ingkang sinerat dening panaliti sanes, kejawi perangan tartamtu ingkang kula pendhet dados sarana kangge dhasar seratan kanthi nggatosaken tata cara saha paugeran panyeratan *karya ilmiah* ingkang limrah.

Seratan wonten ing wedharan menika kaserat kanthi saestu. Menawi kasunyatanipun kabukti bilih wedharan menika boten leres, prakawis menika dados tanggél jawab kula pribadi.

Yogyakarta, 13 Maret 2020
Panyerat,



Rista Khayatun

SESANTI

*Samukawisipun dipunwiwiti kanthi donga, usaha, saha tawakal, dipunpungkasi
kanthi sabar tuwin sukur.*

(Panyerat)

PISUNGSUNG

Alhamdulillah, puji sukur kula aturaken dhumateng Gusti ingkang Maha Agung,
skripsi kanthi irah-irahan *Panganggening Undha-Usuk Basa Jawi Wonten ing
Panggugah*, menika kula kapingsungsungaken dhumateng:

Tiyang sepuh kula, Bapak Muhammad Sodik saha Ibu Lasinah ingkang sampun
paring donga pangestunipun, panyengkuyung, *motivasi*, pambiyantu, sarta
katresnan ingkang boten winates satemah *skripsi* menika saged paripurna.

Mbakyu kula, Iis Aulia ingkang tansah paring panjurung saha panyengkuyung
kangge nyekapaken panaliten menika.

PRAWACANA

Puji sukur konjuk dhumateng ngarsanipun Gusti Allah ingkang sampun paring kasarasan, satemah panyerat saged mujudaken *skripsi* kanthi irah-irahan *Panganggening Undha Usuk Basa Jawi Wonten ing Panggugah*, kanthi lancar boten wonten pepalang satunggal menapa. *Skripsi* menika dipunserat supados saged nambah seserepan dhateng para pamaos ngengingi udha-usuk basa Jawi.

Seratan *skripsi* menika saged dipunwujudaken awit panyengkuyung saking mapinten-pinten pihak. Awit saking menika, panaliti ngaturaken agunging panuwun dhumateng:

1. Bapak Prof. Dr. Sutrisna Wibawa, M. Pd., minangka Rektor Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring idi anggen kula ndamel *skripsi*,
2. Ibu Dr. Sri Harti Widyastuti, M. Hum., minangka Dekan Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring kalodhangan anggen kula ndamel *skripsi*,
3. Bapak Dr. Drs. Afendy Widayat. M. Phill., minangka Pangarsa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring panyengkuyung supados nyekapaken *skripsi* menika,
4. Ibu Dra. Siti Mulyani, M. Hum., minangka Pembimbing *Skripsi* ingkang sampun paring bimbingan, wewarah, ilmu, saha panjurung kanthi wicaksana,
5. Ibu Prof. Dr. Endang Nurhayati, M. Hum., minangka Pembimbing Akademik ingkang sampun paring pambiyantu saha pamrayogi wonten bab-bab ingkang gayut kaliyan kuliah ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah,
6. Bapak saha Ibu Dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah matur nuwun awit saking ngelmu, piwulang ingkang murakabi saha staf administrasi Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun mbiyantu babagan administrasi tumrap panyerat,
7. Dewan penguji sadangunipun *Ujian Tugas Akhir Skripsi* ingkang sampun paring pitedah dhateng panyerat kangge ndamel *skripsi* saha ujian saged katampi,

8. Bapak Muhammad Sodik saha Ibu Lasinah, minangka tiyang sepuh panyerat ingkang tansah paring donga pangestu, panyengkuyung, saha panjurung ingkang tanpa winates,
9. Mbakyu kula Iis Aulia, A. Md, Kep., ingkang tansah paring panyengkuyung saha panjurung,
10. Kanca-kanca Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah mliginipun kelas A saha sadaya mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah angkatan 2016 awit saking panjurungipun,
11. Kanca-kanca Pengurus Hima Jawa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah angkatan 2017-2018 awit saking panjurungipun,
12. Kanca-kanca PLP UNY 2019 wonten ing SMP N 4 Wonosari Gunung Kidul awit saking panjurungipun,
13. Kanca-kanca KKN G-184 UNY 2019 wonten ing Dhusun Gertengah Kidul, Desa Jati, Kecamatan Sawangan, Kabupaten Magelang awit saking panjurungipun,
14. sadaya ingkang sampun paring pambiyantu satemah *skripsi* menika saged paripurna ingkang boten saged dipunsebutaken sadaya.

Temtu kemawon *skripsi* menika dereng saged kawastanan sae, jangkep, menapa malih sampurna. Pramila saking menika sadaya pangandikan menapa dene panyaruwe ingkang tumuju murih langkung sae, jangkep, saha sampurnaning *skripsi* menika, tansah katampi kanthi bingahing manah saha atur agunging panuwun. Wasana kanthi raos andhap-asor panyerat gadhah pangajap mugi-mugi *skripsi* menika saged murakabi tumrap pamaos saha panyerat.

Yogyakarta, 13 Maret 2020

Panyerat,



Rista Khayatun

DHAFTAR ISI

Kaca

IRAH-IRAHAN	i
PASARUJUKAN	ii
PANGESAHAN	iii
WEDHARAN	iv
SESANTI	v
PISUNGSUNG	vi
PRAWACANA	vii
DHAFTAR ISI	ix
PRATELAN TABEL	xiii
PRATELAN LAMPIRAN	xiv
PRATELAN CETAKAN	xv
SARINING PANALITEN	xvi
BAB I PURWAKA	1
A. Dhasaring Panaliten	1
B. Underaning Prakawis	5
C. Watesaning Prakawis	5
D. Wosing Panaliten	5
E. Ancasing Panaliten	6
F. Paedahing Panaliten	6
G. Pangartosan	7
1. Undha-usuk	7
2. Panggugah	7

BAB II GEGARAN TEORI	8
A. Landhasan <i>Teori</i>	8
1. <i>Sosiolinguistik</i>	8
2. <i>Variasi Basa</i>	10
3. Undha-Usuk	12
a). Ngoko	14
(1). Ngoko lugu	14
(2). Ngoko alus	16
b). Krama	17
(1). Krama lugu	18
(2). Krama alus	19
4. <i>Fungsi Basa</i>	21
a. <i>Fungsi basa emotif</i>	21
b. <i>Fungsi basa referensial</i>	22
c. <i>Fungsi basa puitik</i>	23
d. <i>Fungsi basa fatik</i>	24
e. <i>Fungsi basa metalingual</i>	24
f. <i>Fungsi basa konatif</i>	25
5. <i>Komponen Tutar</i>	26
a. <i>Setting and scene</i>	26
b. <i>Participants</i>	27
c. <i>Ends and goal</i>	28
d. <i>Act sequences</i>	29
e. <i>Key or tone</i>	30
f. <i>Instrumentalities</i>	31
g. <i>Norms</i>	32
h. <i>Genres</i>	33
6. Pangartosan Cerkak saha Dongeng	34
a. Cerkak	34
b. Dongeng	35

B. Panggugah	36
C. Panaliten Ingkang Jumbuh	37
D. Nalaring Pikir	39
BAB III CARA PANALITEN	42
A. Jinising Panaliten	42
B. <i>Data saha Sumber Data</i>	42
C. Cara Ngempalaken <i>Data</i>	44
D. Pirantosing Panaliten	46
E. Caranipun Ngalalisis <i>Data</i>	46
F. Cara Ngesahaken <i>Data</i>	47
BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN	49
A. Asiling Panaliten	49
B. Pirembaganipun	80
1. Ngoko lugu	80
a. Ngoko lugu <i>fungsi emotif</i>	81
b. Ngoko lugu <i>fungsi referensial</i>	88
c. Ngoko lugu <i>fungsi puitik</i>	90
d. Ngoko lugu <i>fungsi fatik</i>	91
e. Ngoko lugu <i>fungsi konatif</i>	92
2. Ngoko alus	99
a. Ngoko alus <i>fungsi emotif</i>	99
b. Ngoko alus <i>fungsi referensial</i>	107
c. Ngoko alus <i>fungsi puitik</i>	109
d. Ngoko alus <i>fungsi konatif</i>	112
3. Krama lugu	118
a. Krama lugu <i>fungsi emotif</i>	118
b. Krama lugu <i>fungsi referensial</i>	121
c. Krama lugu <i>fungsi puitik</i>	123
d. Krama lugu <i>fungsi fatik</i>	125

e. Krama lugu <i>fungsi konatif</i>	126
4. Krama alus	134
a. Krama alus <i>fungsi emotif</i>	135
b. Krama alus <i>fungsi referensial</i>	143
c. Krama alus <i>fungsi puitik</i>	145
d. Krama alus <i>fungsi fatik</i>	146
e. Krama alus <i>fungsi konatif</i>	148
BAB V PANUTUP	158
A. Dudutan	158
B. <i>Implikasi</i>	160
C. Pamrayogi	160
KAPUSTAKAN	162
LAMPIRAN	164

PRATELAN TABEL

Kaca

Tabel 1 : Kertu <i>data</i>	45
Tabel 2 : Jinis undha-usuk basa Jawi, <i>fungsi</i> basa, saha prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi wonten ing Panggugah	49

PRATELAN LAMPIRAN

Kaca

Lampiran : <i>Analisis Data</i> Panggugah	165
---	-----

PRATELAN CETAKAN

- A** : *Act sequences*
- E** : *End*
- G** : *Genres*
- I** : *Instrumentalities*
- K** : *Keys*
- N** : *Norms*
- P** : *Participants*
- S** : *Setting and scene*

Panganggening Undha Usuk Basa Jawi Wonten ing Panggugah

dening

Rista Khayatun

NIM 16205241020

SARINING PANALITEN

Asiling panaliten menika kangge ngandharaken jinising undha-usuk basa Jawi, *fungsi* panganggening undha-usuk basa Jawi, sarta prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi wonten ing Panggugah. Panganggening undha-usuk basa Jawi wonten ing Panggugah saged dipundadosaken tuladha panganggening undha-usuk basa Jawi wonten ing padintenan.

Jinis panaliten ingkang dipunginakaken inggih menika panaliten *deskriptif*. *Data* panaliten menika awujud ukara-ukara ingkang nedahaken panganggening undha-usuk basa Jawi wonten ing buku Panggugah. *Data* dipunkempalaken kanthi *teknik* maos saha *teknik* nyerat, salajengipun dipunserat wonten ing kertu *data* saperlu dipun*analisis* kanthi *deskriptif*. Pirantosing panaliten inggih menika panaliti piyambak. Caranipun ngesahaken *data* lumantar *validitas expert judgement* utawi lelimbangan ahli, saha *reliabilitas intrarater*.

Asiling panaliten menika nedahaken jinis undha-usuk basa Jawi ingkang dipunginakaken para paraga anggenipun wicantenan, inggih menika ngoko lugu, ngoko alus, krama lugu, saha krama alus. *Fungsi* panganggenipun undha-usuk basa Jawi ingkang wonten ing panaliten, inggih menika *fungsi* *emotif*, *fungsi* *referensial*, *fungsi* *fatik*, *fungsi* *puitik*, saha *fungsi* *konatif*. *Fungsi* *emotif* saged dipunwujudaken kangge ngandharaken raos bingah, gumun, sedhih, ajrih, kuciwa, jengkel, bingung, saha kaget. *Fungsi* *referensial* saged dipunwujudaken kangge ngandharaken pawartos. *Fungsi* *puitik* saged dipunwujudaken kangge ngandharaken pamanggih nyata saha khayalan. *Fungsi* *fatik* saged dipunwujudaken kangge uluk salam. *Fungsi* *konatif* saged dipunwujudaken kangge naweni, ngandharaken panyuwunan, nyarujuki, boten sarujuk, pamrayogi, nyuwun pirsu, saha ndhawuhi. Prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi ingkang wonten ing panaliten, inggih menika kadadosan resmi saha boten resmi sarta gineman langsung saha boten langsung dhateng mitra tuturipun.

Pamijining tembung: *Undha-usuk basa Jawi, Panggugah*.

BAB I

PURWAKA

A. Dhasaring Panaliten

Basa Jawi minangka salah satunggaling basa ingkang dipunginakaken tiyang Jawi saha dumugi samenika taksih ngrembaka saha dipunlestantunaken wonten ing masarakat Jawi. Panganggening basa Jawi mliginipun dipunginakaken dening masarakat ingkang gesangipun wonten ing Jawa Tengah, Daerah Istimewa Yogyakarta saha Jawa Timur. Wonten ing tlatah kasebut, basa Jawi minangka sarana kangge ngandharaken pamanggihipun masarakat saha kangge nindakaken wawan-rembag wonten ing pagesangan. Anggenipun ngandharaken pamanggih saha wawan-rembag wonten ing masarakat Jawi kedah nggatosaken undha-usuk basa Jawi.

Undha-usuk basa Jawi inggih menika tataraning basa Jawi ingkang dipuntemtokaken dening panutur dhateng mitra-tutur utawi tiyang ingkang dipuntuturaken. Ancasipun undha-usuk basa Jawi, inggih menika kangge ngormati tiyang sanes saha kangge nedahaken *status sosial*. Panganggening undha-usuk wonten ing masarakat Jawi adhedhasar *status sosial*, inggih menika adhedhasar yuswa, pedamelan, *pendidikan*, *keturunan*, saha kasugihan.

Salajengipun prakawis ingkang kedah dipungatosaken nalika ngginakaken undha-usuk basa Jawi, inggih menika sinten ingkang gineman, sinten ingkang dipunajak gineman, menapa ingkang dipunginemaken, wekdal saha papanipun rikala gineman, sarta kawontenan gineman. Ginemanipun tiyang

enem dhateng tiyang ingkang langkung sepuh menika beda kaliyan ginemanipun tiyang ingkang sepantaran. Panganggening undha-usuk nalika gineman ugi kedah nggatosaken papan saha wekdal, tegesipun gineman nalika wonten ing griya kaliyan nalika wawan-pangandikan wonten ing kempalan menika beda. Bedanipun inggih menika menawi wonten ing griya ginemanipun *non-formal* saha menawi wawan-pangandikan wonten ing kempalan ginemanipun *formal* (Sriwahyu, 2016: 94).

Saking andharanipun Sriwahyu (2016: 94) saged dipunpendhet dudutanipun, bilih wonten jaman samenika tiyang enem kathah ingkang boten mangartos babagan panganggening undha-usuk basa Jawi ingkang leres, satemah ngginakaken tetembungan ingkang lepat nalika wawan-rembag kaliyan tiyang sanes. Mila dipunbetahaken tuladha-tuladha panganggening undha-usuk basa Jawi ingkang ancasipun supados boten wonten malih tiyang ingkang lepat anggenipun ngginakaken undha-usuk basa Jawi. Salah satunggaling tuladha panganggening undha-usuk basa Jawi kapanggihaken wonten ing *karya sastra*.

Kajawi wonten ing padintenan, panganggening undha-usuk basa Jawi ugi kapanggihaken wonten ing *karya sastra*. *Karya sastra* inggih menika *karya estetika* ingkang dipunasilaken dening panyeratipun. Salah satunggaling jinis *karya sastra*, inggih menika cerkak saha dongeng. Cerkak utawi cariyos cekak, inggih menika cariyos ingkang ngandharaken satunggal prakawis kanthi cekak. Tegesipun, wonten ing cerkak menika ngewrat satunggal *alur*, prakawis, wekdal, papan, pitutur luhur saha paraga ingkang sakedhik sarta cariyos dipunpungkasi kanthi cekak aos. Dongeng menika salah satunggaling jinis *karya sastra* awujud

cariyos *khayalan* ingkang ngewrat pitutur luhur. Wonten ing cerkak saha dongeng ingkang katliti awujud pacelathonipun para paraga wonten ing kempalaning cerkak saha dongeng ingkang dipunwastani kaliyan *antologi*.

Antologi cerkak saha dongeng inggih menika kempalaning cariyos kanthi irah-irahan ingkang beda. Biasanipun dipunwujudaken dados satunggal buku. Buku *antologi* cerkak saha dongeng ingkang katliti kanthi asesirah Panggugah. Buku Panggugah menika salah satunggaling waosan basa Jawi ingkang dipuntujukaken kangge para lare. Buku Panggugah menika kadhapuk saking 10 cariyos kanthi irah-irahan ingkang beda. Wonten ing buku Panggugah, ngewrat panganggening undha-usuk basa Jawi ingkang maneka warni, kados dene panganggening undha-usuk basa Jawi wonten ing padintenan. Satemah buku Panggugah menika saged kangge tuladha tumrap pamaos mliginipun kangge lare.

Panaliten ngengingi undha-usuk basa Jawi dipunraos wigatos sanget. Salajengipun, panaliten undha-usuk basa Jawi wonten ing buku Panggugah dipunangkah saged dados tuladha panganggening undha-usuk basa Jawi wonten ing padintenan. Biasanipun wonten ing padintenan anggenipun paring tuladha panganggening undha-usuk basa Jawi menika dipuntuturaken kanthi langsung. Ananging, wonten ugi tuladha panganggening undha-usuk basa Jawi ingkang boten langsung, inggih menika lumantar waosan saking salah satunggaling *karya sastra* cerkak saha dongeng. Awit saking waosan cerkak saha dongeng menika ngewrat kawontenan, paraga, saha basa ingkang maneka werni ingkang gampil dipunmangartosi dening pamaos. Satemah saged narik kawigatosanipun pamaos

saha saged ndadosaken murih gampiling anggenipun nyinau undha-usuk basa Jawi.

Wonten ing ngandhap menika salah satunggaling tuladha gineman langsung antawisipun Pakdhe Sastra kaliyan Galang ngginakaken undha-usuk krama lugu *fungsi konatif* naweni kapetik saking *data* kaca 35-36.

Konteks : Kawontenan boten resmi wonten ing pelataran dalemipun Galang saha gineman kaliyan Pakdhe Sastra nalika naweni Pakdhe Sastra.

Pakdhe Sastra : “*Iki ya karo kok dol?*”

Galang : “***Nggih, Pakdhe. Pakdhe badhe nyobi nanem wit serut?***”
(kapethik saking *data* kaca 35-36)

Pethikan pacelathon ing nginggil menika minangka ginemanipun Galang ngginakaken undha-usuk krama lugu. Galang ngginakaken undha usuk krama lugu amargi kangge ngurmati dhateng Pakdhe Sastra. Ginemanipun Galang ngginakaken tembung krama lugu katitik saking wontenipun tembung krama badhe, nyobi, nanem, sarta kacampur tembung madya nggih.

Ginemanipun Galang ngewrat *fungsi* basa *konatif* naweni amargi Galang gadhah pepenginan naweni Pakdhe Sastra kangge nanem serut. Titikanipun Galang naweni Pakdhe Sastra inggih menika saking ukara “.....*Pakdhe badhe nyobi nanem wit serut?*”

Prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi inggih menika ginemanipun Galang kaliyan Pakdhe Sastra ing pelataran dalemipun Galang. Kadadosan boten resmi amargi kekalih paraga sami gineman babagan wit serut saha nalika Galang taksih ngupakara tanemanipun.

B. Underaning Prakawis

Saking dhasaring panaliten ingkang sampun kaandharaken ing nginggil, saged kapendhet undering prakawis, inggih menika:

1. jinising undha-usuk basa Jawi wonten ing Panggugah,
2. *fungsi* panganggening undha-usuk basa Jawi wonten ing Panggugah,
3. *kaidah* undha-usuk basa Jawi wonten ing Panggugah,
4. prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi wonten ing Panggugah.

C. Watesaning Prakawis

Pirembagan ing panaliten menika perlu dipunwatesi, supados anggenipun ngrembag saged langkung dipuntengenaken. Saking underaning prakawis kasebut, panaliten manika dipunwatesi namung ngrembag:

1. jinising undha-usuk basa Jawi wonten ing Panggugah,
2. *fungsi* panganggening undha-usuk basa Jawi wonten ing Panggugah,
3. prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi wonten ing Panggugah.

D. Wosing Panaliten

Saking watesaning prakawis wonten ing nginggil menika saged dipunpendhet wosing panaliten, inggih menika:

1. menapa kemawon jinising undha-usuk basa basa Jawi wonten ing Panggugah?

2. menapa kemawon *fungsi* panganggening undha-usuk basa Jawi wonten ing Panggugah?
3. menapa kemawon prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi wonten ing Panggugah?

E. Ancasing Panaliten

Panaliten babagan panganggening undha-usuk basa Jawi wonten ing Panggugah gadhah ancas saperlu:

1. ngandharaken jinising undha-usuk basa Jawi wonten ing Panggugah,
2. ngandharaken *fungsi* panganggening undha-usuk basa Jawi wonten ing Panggugah,
3. ngandharaken prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi wonten ing Panggugah.

F. Paedahing Panaliten

Asiling panaliten menika kaangkah saged dados *sumbangan* wonten ing *hasanah sociolinguistik*, mliginipun ngengingi *variasi* basa Jawi. *Variasi* basa wonten ing Panggugah saged kaginakaken minangka piwulang tumrap panaliti, pamaos sarta masarakat minangka panganggening undha-usuk basa Jawi. Panaliten menika kaangkah saged dipundadosaken gambaran tumrap panganggening undha usuk basa Jawi wonten ing Panggugah.

G. Pangartosan

Saking paedahing panaliten ingkang sampun dipunandharaken ing nginggil, kapendhet pangartosan ingkang gayut kaliyan babagan ingkang katliti, inggih menika.

1. Undha-usuk

Undha-usuk miturut Wedhawati (2006: 10), inggih menika *variasi* basa ingkang dipunbedakaken adhedhasar solah-bawa panutur dhateng *mitra* tutur utawi tiyang ingkang kaping tiga ingkang dipunwicantenaken. Undha-usuk basa boten namung kapanggihaken wonten ing pagesangan masarakat, nanging ugi kapanggihaken wonten ing *karya sastra*. Wonten ing panaliten menika, kaandharaken panganggening undha usuk Jawi wonten ing Panggugah.

2. Panggugah

Panggugah menika salah satunggaling buku waosan basa Jawi kangge lare. Wonten ing waosan Panggugah, wonten 10 irah-irahan saha 10 panganggit. Urutan 1 dumugi 5 awujud cerkak salajengipun urutan 6 dumugi 10 minangka cariyos dongeng.

BAB II

GEGARAN TEORI

A. Landhasan Teori

1. Sociolinguistik

Basa minangka sarana *komunikasi* kangge nindakaken *interaksi sosial* wonten ing masyarakat. Ngelmu ingkang ngrembag babagan basa kaliyan masarakat minangka panutur basa inggih menika *sociolinguistik*. Miturut Nababan (1986: 2) *sociolinguistik* menika kadhapuk saking tembung “*sosio*” saha “*linguistik*”. Tembung “*sosio*” tegesipun masarakat saha “*linguistik*” tegesipun basa. Satemah saged dipunpendhet dudutanipun bilih *sociolinguistik* inggih menika ngelmu ingkang nyinau babagan basa, masarakat, saha sesambetanipun basa kaliyan masarakat.

Salajengipun, Nababan (1986: 2) ugi ngandharaken bilih *sociolinguistik*, inggih menika ngelmu ingkang ngrembag babagan basa ingkang gayut kaliyan masarakat minangka panganggening basa. Tegesipun, *sociolinguistik* ngrembag babagan basa saha panganggenipun basa wonten salebeting masarakat. Gegayutanipun basa saha panganggening basa ingkang dipunrembag kedah nggatosaken masarakat ingkang ngginakaken basa. Pamanggihipun Nababan ngenginggi *sociolinguistik* menika dipunkiyataken dening Chaer saha Leoni Agustina.

Chaer saha Leoni Agustina (2004: 2) ngandharaken bilih *sociolinguistik*, inggih menika ngelmu babagan basa ingkang gayut kaliyan masarakat minangka

ingkang ngginakaken basa. Chaer saha Leoni Agustina ugi ngandharaken bilih basa menika wonten sambung raketipun kaliyan masarakat ingkang ngginakaken basa. Satemah basa kaliyan masarakat boten saged madeg piyambak, nanging sami gegayutan. Salajengipun kaandharaken pamanggihipun Fishman (Chaer saha Agustina, 2010: 5) bilih kajian *sociolinguistik* sipatipun *kualitatif* saha wonten gayutanipun basa kaliyan panutur, *topik tuturan*, saha *latar tuturan*.

Salajengipun, wonten pamanggih sanes saking Ronald Wardhaugh (1986: 13) bilih: “*sociolinguistics is concerned with investigating the relationships between language and society with the goal being a better understanding of the structure of language and of how language function in communication*”. Tegesipun, *sociolinguistik* ngengingi panaliten babagan basa saha masarakat kanthi ancas langkung mangertosi babagan *struktur* saha *fungsi* basa rikala *komunikasi*. Ronald (1986: 13), ugi ngandharaken bilih *sociolinguistik* menika gegayutanipun basa kaliyan masarakat supados langkung mangartosi babagan *struktur* basa. Saking pamanggih Ronald Wardhough (1986: 13), menika saged dipunpendhet dudutanipun bilih *sociolinguistik* mliginipun ngrembag babagan gegayutanipun basa kaliyan masarakat, ingkang ancasipun supados langkung mangertosi babagan *struktur* basa sarta masarakat minangka ingkang ngginakaken basa.

Saking *teori-teori* para ahli wonten ing inggil ngengingi *sociolinguistik* menika saged dipunpendhet dudutanipun. *Sociolinguistik* inggih menika salah satunggaling ngelmu basa ingkang ngrembag sesambetanipun basa kaliyan masarakat ingkang ngginakaken basa sarta babagan *sosial* wonten ing gesang

bebrayan. Wonten ing masarakat Jawi, panganggening *variasi* basa menika nedahaken undha-usuk basa Jawi. Awit saking menika, panaliten ngrembag babagan undha usuk basa ingkang wonten ing Panggugah ingkang kalebet prakawis pirembagan *sosiolinguistik*.

2. *Variasi* Basa

Masarakat ingkang ngginakaken basa kangge *sarana komunikasi* saha ingkang ngasilaken maneka warni jinis basa utawi ingkang dipunsebut *variasi* basa. *Variasi* basa inggih tuturan kanthi *topik* ingkang beda-beda ingkang dipunasilaken dening panutur dhateng mitra tutur saha tiyang ingkang dipuntuturaken (KBBI, 2003: 920). Kadadosan wontenipun *variasi* basa boten namung dipunsebabaken dening panutur ingkang *heterogen*, nanging ugi *interaksi sosial*ipun ingkang dipuntindakaken kanthi *variasi* (Chaer saha Agustina, 2010: 62).

Salajengipun miturut Soeparno (2002: 71), *variasi* basa inggih menika jinis basa ingkang dipunginakaken kangge sarana *interaksi sosial* ing masarakat. *Variasi* basa minangka sarana *interaksi sosial*, tegesipun kangge wicantenan kaliyan tiyang sanes ingkang ancasipun kangge *komunikasi*. Rikala *komunikasi* ing masarakat, panutur ngandharaken wujud saha teges tuturan ingkang beda-beda. Wujud saha teges ingkang beda-beda ingkang dipunasilaken panutur menika ingkang dipunsebat kaliyan *topik tuturan*. Ngengingi pangartosan *variasa* basa, boten namung kapanggihaken saking pamanggihipun Soeparno, nanging ugi dipunkiyataken kaliyan pamanggihipun Kartomihardjo ingkang langkung rinci.

Miturut Kartomihardjo (1988: 32), *variasi* basa inggih menika jinis basa ingkang dipunasilaken kanthi wujud saha makna ingkang beda-beda. Bedanipun wujud saha makna menika dipunwujudaken wonten ing *struktur* ukaranipun. *Struktur* ukara ingkang maneka werni menika kadadosan saking masarakat ingkang *heterogen*. Adhedhasar *definisi* babagan *variasi* basa ingkang dipunandharaken Kartomihardjo saged dipunpendhet dudutanipun bilih *variasi* basa dipunsebabaken wontenipun kegiatan *interaksi sosial* ingkang dipuntindakaken dening *kelompok* masarakat ingkang beda-beda, saha dipunsebabaken dening tiyang ingkang ngginakaken basa *heterogen*. *Variasi* basa menika langkung kathah menawi basa dipunginakaken dening penutur ingkang kathah ugi, sarta wonten ing wilayah ingkang wiyar.

Miturut Poedjosoedarmo (1976: 5-6), *variasi* basa dipunsebabaken wontenipun *ragam sosial* panutur basa saha *ragam fungsi* basa. Kangge njangkepi *funksinipun* basa kedah ngginakaken pirantos *interaksi sosial* wonten masarakat. Wonten tigang kelas *variasi* basa, inggih menika *dialek (dialect)*, undha-usuk (*speech levels*), sarta ragam (*styles*).

Pangenggening *variasi* basa boten namung kapanggihaken wonten ing pagesangan nanging ugi kapanggihaken wonten ing Panggugah. Wonten ing Panggugah, kapanggihaken *variasi* basa ingkang awujud pacelathon utawi wawan-rembag para paraga ingkang ancasipun kangge *komunikasi*. Wonten ing Panggugah anggenipun ngginakaken *variasi* basa nggatosaken unggah-ungguh basa ingkang dipunsebat undha-usuk basa Jawi. Awit saking paraga wonten ing

Panggugah gadhah undha-usuk basa Jawi piyambak-piyambak ingkang jumbuh kaliyan kawontenan.

3. Undha-usuk

Wonten ing pagesangan masarakat kedah nggatosaken jinising basa kangge sarana *komunikasi*. *Komunikasi* menika kaginakaken kangge wawan-rembag ing masarakat. Awit saking wawan-rembag menika kedah nggatosaken wawan-rembag kaliyan sinten, kados pundi *status* mitra-tuturipun saha kedah nggatosaken wonten pundi papanipun nalika wawan-rembag. Satemah kedah mangertosi bilih wawan-rembag menika wonten tingkat tutur utawi undha-usuk basanipun.

Undha-usuk miturut Wedhawati (2006: 10) inggih menika *variasi* basa ingkang dipunbedakaken adhedhasar solah-bawa panutur dhateng mitra-tutur utawi tiyang ingkang kaping tiga ingkang dipunwicantenaken. Titikan kangge mbedakaken nalika ngginakaken undha-usuk inggih menika saking *faktor* yuswa, derajat *tingkat sosial*, saha *jarak* antawis panutur saha mitra-tutur. Tuladhanipun ginemanipun lare dhateng tiyang sepuh, Pak RT dhateng Lurah, murid dhateng guru. Satemah kanthi titikan menika saged nedahaken wontenipun raos kurmat dhateng mitra-tutur sarta tiyang ingkang dipuntuturaken.

Miturut Poedjosoedarmo (1979: 6-9) undha-usuk basa, inggih menika salah satunggaling jinis *kode sistem tingkat tutur*. Salajengipun Poedjosoedarmo ugi ngandharaken bilih undha-usuk (*speech level*) inggih menika salah satunggaling *kode* minangka pirantos kangge ngandharaken raos kurmat utawi

tata krama wonten salebeting *unsur* tetembungan, paugeran *sintaksis*, *morfologi*, saha *fonologi* tartamtu.

Poedjosoedarmo (1979: 14-15) ugi ngandharaken bilih cak-cakanipun basa Jawi ing padintenan kaperang dados tigang jinis inggih menika basa ngoko, madya, saha krama. Undha-usuk ngoko inggih menika dipunginakaken menawi tiyang menika badhe mujudaken pasedherekan dhateng mitra-tutur. Undha-usuk madya inggih menika undha-usuk *menengah* antawisipun basa ngoko kaliyan krama, nanging taksih nedahaken tata krama dhumateng mitra-tutur. Salajengipun undha-usuk krama, inggih menika nedahaken raos kurmat dhateng O1 dhateng O2, saha O3. Pamanggihipun Poedjosoedarmo ing nginggil menika dipunkiyataken dening Uhlenbeck (1970: 11).

Miturut Uhlenbeck (1970: 11, lumantar Chaer saha Agustina), undha-usuk basa Jawi kaperang dados tigang tataran inggih menika krama, madya, saha ngoko. Sedayanipun kaperang malih dados mudha krama, kramantara, saha wredakrama, madya ngoko, madyantara, saha madyakrama, sarta ngoko andhap saha ngoko lugu.

Miturut Sudaryanto (1991: 5) ing wekdal *era globalisasi* wonten kalih undha-usuk basa Jawi inggih menika ngoko saha krama. Undha-usuk ngoko kaperang dados ngoko lugu lan ngoko alus, saha undha-usuk krama kaperang dados krama lugu lan krama alus. Pamanggih sanesipun saking Suwadi (1994: 13-14) ngandharaken kados ing andhap menika:

“Kanggo nggampangke, becike basa Jawi dipilahake dadi rong werna, yaiku ngoko saha krama, sabanjure ngoko dipilahake maneh dadi ngoko lugu saha ngoko alus, dene krama dipilahake uga dadi krama lugu saha krama alus. Basa patang werna iku sing saiki dipersudi ing pamulangan ing sekolahan saha uga ing masarakat awam.”

Miturut pamanggih wonten ing nginggil, Suwadi (1994: 13-14) ngandharaken bilih undha-usuk wonten kalih inggih menika undha-usuk ngoko saha krama. Undha-usuk ngoko kaperang dados ngoko lugu saha ngoko alus, wondene krama kaperang dados krama lugu saha krama alus.

a). Ngoko

Basa ngoko menika basa ingkang lugu, dereng wonten ewah-ewahanipun. Cacahipun kirang langkung wonten 20.000 tembung. Panganggening basa ngoko kados mekaten:

- (1). tumrap sesaminipun ingkang sampun kulina sanget,
- (2). tumrap andhahan utawi kaprenah langkung enem (dhateng lare wayah, murid, batur, garwa, tiyang alit, lan sadherek nem),
- (3). menawi ngunandika, inggih menika : gadhah usik, gineman piyambak, utawi gineman salebeting manah,
- (4). menawi dereng saged gineman ingkang jangkep, kados dene: lare alit utawi gineman kaliyan sinten kemawon (Kementerian Pengadjaran Pendidikan dan Keboedajaan, 1949: 64-65).

Basa ngoko menika kaperang dados kalih werni Suwadi (1994: 13-14): inggih menika ngoko lugu saha ngoko alus.

(1). Ngoko Lugu

Suwadi (1994: 13) ngandharaken bilih basa ngoko lugu inggih menika basa ingkang tembungipun ngginakaken ngoko, ater-ater saha panambang ugi

ngginakaken ngoko sadaya. Ngoko lugu inggih menika wujud undha-usuk basa ingkang tetembunganipun awujud ngoko sadaya saha *netral* (Sasangka, 2004: 95). Dados, basa ngoko lugu boten wonten tetembungan krama, krama inggil utawi krama andhap. Miturut Antunsohono (1953: 44) titikanipun ngoko lugu inggih menika sadaya tetembungan ngginakaken ngoko. Katitik saking tembung aku, kowe, ater-ater (dak-), (kok-), (di-), saha panambang (-ku), (-mu), (-ake).

Panganggening basa ngoko lugu miturut Harjawiyana saha Supriya (2001: 35-36) kados mekaten:

- a. kangge wicantenan utawi sesambetan kaliyan sesami utawi tiyang ingkang kalenggahan utawi *status*ipun langkung andhap, tuladhanipun guru kaliyan murid, tiyang sepuh kaliyan lare, ugi kaliyan tiyang ingkang sampun kulina sanget, lsp,
- b. kangge sesorah, suka andharan, dhumateng tiyang kathah (*audience*) ingkang tangkepipun (*interaksi*) sampun akrab, saha karaos langkung sakeca menawi mawi basa ngoko,
- c. kangge seratan ing kalawarti, *bulletin*, buku, lsp ingkang mirunggan mbetahaken basa ngoko,
- d. kangge sesambetan (*komunikasi/informasi*) ingkang asipat umum, kadosta: wara-wara, plang (*papan nama*), utawi dagangan (*iklan*), lsp, kejawi ingkang mbetahaken basa krama.

Salajengipun kaandharaken satunggal tuladha saking pethikan pacelathon

Panggugah kanthi undha-usuk ngoko lugu.

Konteks	: Kawontenan boten resmi wonten ing pelataran dalemipun Galang lan Pakdhe Sastra gineman kanthi raos gumun wonten ing pundi anggenipun Galang mbedhol wit menika.
Pakdhe Sastra	: <i>“Lha biyen anggonmu mbedhol ngendi gedhene semene iki?”</i>
Galang	: <i>“Saking pekarangan wingking nika, cedhak lepen”</i> (kapethik saking data kaca 36).

Pethikan pacelathon ing nginggil menika minangka ginemanipun Pakdhe Sastra kaliyan Galang ngginakaken undha-usuk ngoko lugu. Pakdhe Sastra ngginakaken undha-usuk ngoko lugu amargi piyambakipun langkung sepuh saha minangka Pakdhenipun Galang. Ginemanipun Pakdhe Sastra ngginakaken tembung ngoko lugu sedaya. Tembung-tembung ngoko lugu menika katitik saking tembung biyen, anggonmu, mbedhol, ngendi, gedhe, semene, iki lan wonten tembung sesulih ngoko (-mu) ing tembung anggonmu sarta panambang ngoko (-ne) ing tembung gedhene.

(2). Ngoko Alus

Basa ngoko ingkang kaping kalih inggih menika basa ngoko alus. Suwadji (1994: 14) ngandharaken bilih ngoko alus inggih menika basa ingkang tetembunganipun ngginakaken tembung ngoko saha krama, wondene ater-ater saha panambangipun ngoko. Ngoko alus inggih menika jinising undha-usuk basa Jawi ingkang salebetipun wonten tetembungan ngoko, krama saha krama inggil utawi krama andhap (Sasangka, 2004:99).

Miturut Antunsuhono (1953: 47) basa ngoko alus inggih menika tetembungan ngoko kacampur kaliyan tetembungan krama inggil, tuturan dipuntujukaken dhumateng mitra-tuturipun kangge nedahaken raos kurmat. Titikanipun basa ngoko alus inggih menika tembung panjenengan, sampean, rikala, kangmas, sliramu, kengslira, adhi, saha aku. Wonten ugi ater-ater ngoko alus inggih menika (dak-), (kok-), (di-), saha panambang ngoko alus inggih menika (-ku), (-mu), (-ake), (-e).

Panganggening basa ngoko alus miturut Harjawiyana saha Supriya (2001: 49) kados mekatan:

- a. kangge wicantenan kaliyan tiyang ingkang *statusipun* sami, ananging kanthi raos ngormati,
- b. kangge wicantenan kaliyan tiyang ingkang *statusipun* langkung inggil, ananging sampun rumaket sanget,
- c. kangge wicantenan kaliyan tiyang ingkang *statusipun* saperangan langkung inggil, ananging saperangan malih langkung andhap,
- d. kangge ngraosi utawi ngginep tiyang sanes ingkang *statusipun* langkung inggil.

Salajengipun kaandharaken satunggal tuladha saking pethikan pacelathon Panggugah kanthi undha-usuk ngoko alus.

Konteks : kawontenan boten resmi wonten dalemipun Mbok Arja nalika Pak Hardiman badhe nyuwun pamit.
 Pak Hardiman : “*Rasah wae, Ndhuk. Bapak wis arep kondur kok!*”
 (Kapethik saking *data* kaca 5).

Tuturan ing inggil menika kalebet tuturan ngoko alus, amargi Pak Hardiman gineman kaliyan Siti. Ginemanipun Pak Hardiman kalebet ngoko alus katitik saking sadaya tembungipun awujud tembung ngoko kacampur kaliyan tembung kriya krama ing tembung kondur.

b). Krama

Miturut Antunshono (1953: 45) basa krama inggih menika basa ingkang ancasipun kangge ngajeni saha paring raos kurmat dhateng tiyang ingkang dipunajak gineman. Basa krama kaperang dados kalih inggih menika krama lugu saha krama alus (Suwadji, 1994: 13).

(a). Krama Lugu

Miturut Suwadji (1994: 13) basa krama lugu inggih menika sadaya tembungipun ngginakaken basa krama, ater-ater saha panambangipun ugi ngginakaken basa krama. Undha-usuk basa krama lugu inggih menika jinising undha-usuk basa Jawi ingkang tetembunganipun ngginakaken krama madya, *netral* saha saged dipunparingi tetembungan utawi *leksikon* krama inggil utawi krama andhap (Sasangka, 2004: 105).

Panganggening undha-usuk basa krama lugu miturut Harjawiyana saha Supriya (2001: 79) kados makaten:

- kangge wicantenan kaliyan tiyang ingkang *statusipun* kirang langkung sami, sampun kulina, sami ajen-inajenan, ananging boten urmat sanget,
- kangge wicantenan kaliyan tiyang ingkang *statusipun* langkung andhap, nanging dereng kulina, utawi sampun kulina nanging mila nedya ngormati,
- kangge sesorah ingkang asipat umum, boten mawi unggah-ungguh dhateng tiyang utawi golongan tartamtu,
- kangge ngripta basa sinerat ingkang ugi asipat umum, boten mawi unggah-ungguh dhateng tiyang utawi golongan tartamtu.

Salajengipun kaandharaken satunggal tuladha saking pethikan pacelathon Panggugah kanthi undha-usuk krama lugu.

Konteks	:kawontenan boten resmi wonten ing kelas 6, Pak Agus gineman kaliyan Karimin ingkang telat anggenipun mlebet sekolah.
Pak Agus	: “ <i>Kena apa telat?</i> ”
Karimin	: “ <i>Karipan, Pak?</i> ”
Pak Agus	: “ <i>Kawanen ndelok Mak Lampir?</i> ”
Karimin	: “ <i>Mboten gadhah tivi, Pak</i> ”
Pak Agus	: “ <i>Sinau?</i> ”(Kapethik saking <i>data</i> kaca 28).

Tuladha wonten ing nginggil menika minangka tuturan ingkang ngginakaken undha-usuk basa krama lugu. Limrahipun krama lugu dipunginakaken tumrap tiyang ingkang drajatipun sami utawi langkung andhap saking panuturipun. Ginemanipun Karimin dhumateng Pak Agus ngginakaken basa krama lugu. Tetengeripun Karimin ngginakaken tembung krama lugu inggih menika katitik saking ukaranipun ingkang kalebet krama kacampur kaliyan madya. Tembung krama mboten kacampur kaliyan tembung kriya madya gadhah.

(b). Krama Alus

Basa krama alus miturut Suwadi (1994: 13) inggih menika ngginakaken tetembungan krama saha krama inggil sarta krama andhap, ater-ater saha panambangipun ugi ngginakaken krama. Krama alus nedahaken pakurmatan saha tata krama ingkang langkung inggil. Undha-usuk krama alus wujud tetembunganipun inggih menika *leksikon* krama saha *leksikon* krama inggil utawi krama andhap (Sasangka, 2004: 111). Titikanipun basa krama alus inggih menika ngginakaken tetembungan kula, panjenengan, jenengan, saha wonten ater-ater (tak-) ewah dados kula, (ko-) ewah dados (dipun-), salajengipun wonten ugi panambang antawisipun (-ku) ewah dados kula, (-mu) ewah dados panjenengan, (-e) ewah dados (-ipun), (-ake) ewah dados (-aken).

Panganggening undha-usuk basa krama alus miturut Harjawiyana saha Supriya (2001: 102) kados mekaten:

- a. kangge wicantenan kaliyan tiyang ingkang *status*ipun kirang langkung sami, samidene urmat-kinormatan, amargi boten utawi dereng patos sami tepang.

Menawi nyebat dhirinipun piyambak limrahipun mawi tembung krama: *kula*, awis –awis mawi tembung krama inggil: *adalem*,

- b. kangge wicantenan kaliyan tiyang *statusipun* langkung inggil. Menawi nyebat dhirinipun piyambak limrahipun mawi tembung krama: *kula*, awis-awis mawi tembung krama inggil: *adalem*,
- c. kangge ngraosi utawi micantenanken tiyang sanes, kanthi katrangan bilih: ingkang ngraosi migunakaken basa krama alus, saha perlu migatosaken ancer-ancer caranipun ngginakaken tembung krama inggil,
- d. kangge sesorah ingkang swasananipun perlu unggah-ungguh kanthi jangkep, tuladhanipun: para pranatacara, tiyang ingkang sesorah ing pahargyan,
- e. kangge ngripta basa sinerat ingkang perlu migunakaken unggah-ungguh basa jangkep tumrap para nupiksa.

Salajengipun kaandharaken satunggal tuladha saking pethikan pacelathon

Panggugah kanthi undha-usuk krama alus.

Konteks : kawontenan boten resmi wonten ing dalemipun Bu Rini minangka Gurunipun Beja, ginemanipun Beja dhateng Bu Rini menika badhe nyuwun tulung ngampil arta.

Beja : ***“Saderengipun kula nyuwun pangapunten awit badhe ngrepoti panjenengan. Menawi kepareng, kula badhe nyuwun ngampil arta kalih dasa ewu kangge nyuntikaken Simbok kula”***

Bu Rini : *“Gerahe biyungmu wis pirang dina?”* (Kapethik saking *data kaca 17*).

Tuturan ing nginggil menika kalebet tuturan krama alus. Katitik saking ginemanipun Beja ingkang ngginakaken tembung krama saha krama inggil. Tetembungan ingkang kalebet tembung krama alus inggih menika ing sadaya tembung ginemanipun Beja. Panutur ngginakaken undha-usuk krama alus amargi panutur menika muridipun Bu Rini. Satemah panutur nedahaken raos kurmat dhateng mitra tuturipun.

Saking andhararan para ahli wonten ing inggil menika saged kapendhet dudutan undha-usuk basa Jawi. Bilih undha-usuk basa Jawi inggih menika salah satunggaling jinis *variasi* basa ingkang dipunbedakaken adhedhasar solah-bawa

panutur dhateng mitra tutur utawi tiyang ingkang dipunwicantenaken. Jinisipun undha-usuk basa Jawi wonten kalih inggih menika ngoko saha krama. Undha-usuk basa Jawi ngoko kaperang malih dados ngoko lugu saha ngoko alus, salajengipun undha-usuk basa Jawi krama ugi kaperang dados krama lugu saha krama alus.

4. *Fungsi Basa*

Undha-usuk basa Jawi kaperang dados sakawan inggih menika basa ngoko lugu, ngoko alus, krama lugu saha krama alus. Saking sakawan undha-usuk basa menika dipunbedakaken saking panganggenipun mliginipun kangge paring raos kurmat dhateng tiyang sanes saha nedahaken *strata sosial*. Awit saking menika, basa gadhah *fungsi*. *Fungsi* basa inggih menika minangka sarana *komunikasi* utawi pawicantenan antawisipun tiyang satunggal kaliyan sanesipun. Supados *proses komunikasi* saged kalaksanan kanthi sae, tiyang ingkang wicantenan kedah ngginakaken basa ingkang sae ugi. Satemah pawicantenan saged mangartosi sadaya menapa kemawon ingkang dipunkajengaken nalika wicantenan. Miturut Jakobson lumantar (Soeparno, 2002: 7) *fungsi* basa kaperang dados 6 inggih menika.

a. *Fungsi basa Emotif*

Underaning pirambagan wonten ing penutur dipunsebat *emotif*. *Fungsi* basa menika dipunginakaken kangge ngandharaken *emosi*, pepinginan utawi pangraosan anggenipun ngandharaken peksan. *Fungsi emotif* limrahipun awujud basa ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken raos bingah, gumun, sedhih,

ajrih, kuciwa, jengkel, bingung , lan kaget. Salajengipun kaandharaken satunggal tuladha awujud pethikan saking Panggugah ingkang nedahaken *fungsi emotif* sedhih.

Konteks : Kawontenan boten resmi wonten ing pesawat nalika Pak Jamin mundhut pirsa dhateng Galang amargi Galang ketinggal sedhih amargi kengetan Ibunipun.

Pak Jamin : “*Ngapa mripatmu kaca-kaca Le?*”

Galang : “***Pak, kula kemutan Ibu sing wonten griya. Ati kula keranta-ranta***” (Kapethik saking data Panggugah kaca 43).

Tuturan menika kalebet tuturan kanthi *fungsi emotif*, katitik saking ukaranipun Galang “... *Ati kula keranta-ranta*”. Raos sedhih dhateng Ibunipun Galang ingkang wonten griya piyambakan amargi Galang lan Pak Jamin tindak dhateng Tokyo badhe wonten pameran bonsai.

b. *Fungsi basa Referensial*

Underaning pirembagan wonten ing *konteks* dipunsebat *fungsi referensial*. Basa menika nggadhahi *fungsi* minangka pirantos kangge ngandharaken *objek* utawi prastawa ingkang wonten ing lingkungan penutur utawi ingkang wonten ing budaya wiyaripun. *Fungsi referensial* limrahipun awujud basa ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken pawartos. Salajengipun kaandharaken satunggal tuladha awujud pethikan saking Panggugah ingkang nedahaken *fungsi referensial* paring pawartos.

Konteks : kawontenan boten resmi rikala Pak Kadhus gineman kaliyan Galang ingkang ancasipun gineman menika paring layang kangge ndherek pameran bonsai wonten ing Jepang.

Galang : “*Mangga Pak Kadhus, wonten menapa, Pak?*”

Pak Kadhus : “***Ngene, Mas. Iki aku entuk layang saka Bale Desa mau, sing ditujokake marang Mas Galang. Wacanen dhewe apa mungguh surasane layang iki!***” (Kapethik saking data kaca 41).

Tuturan menika kebet tuturan kanthi nedahaken *fungsi referensial*, dipuntingali saking ginemanipun Pak Kadhus ingkang paring pawartos dhateng Galang. *Fungsi referensial* katitik saking ukaranipun Pak Kadhus “*Ngene, Mas. Iki aku entuk layang saka Bale Desa mau, sing ditujokake marang Mas Galang. Wacanen dhewe*”.

c. *Fungsi basa Puitik*

Underaning pirembagan wonten ing pitutur (*mesaage*) dipunsebat *fungsi puitik*. *Fungsi puitik* dipunginakaken kangge ngandharaken pamanggih, gagasan saha pangraosan ingkang sejatosipun utawi ingkang namung *imajinasi* (khayalan) kemawon. Salajengipun kaandharaken satunggal tuladha awujud pethikan saking Panggugah ingkang nedahaken *fungsi puitik* paring pamanggih.

Konteks	: kawontenan boten resmi wonten ing pelataran dalemipun Galang lan gineman kaliyan Pakdhe Sastra ingkang ancasipun gineman menika kangge ngandharaken pamanggihipun bilih wit serut samenika dados griya dhuwit.
Pakdhe Sastra	: “ <i>Le, wit serut kuwi rak kanggo omah dhemit, ta?</i> ”
Galang	: “ <i>Pakdhe, wit serut menika rumiyin kangge griya dhemit, yen samenika kangge griya dhuwit</i> ” (Kapethik saking data kaca 35).

Tuturan menika kalebet tuturan kanthi *fungsi puitik*, katitik saking ukara ginemanipun Galang “*Pakdhe, wit serut menika rumiyin kangge griya dhemit, yen samenika kangge griya dhuwit*”. Ukara ginemanipun Galang menika ngandharaken pamanggih dhateng Pakdhe Sastra bilih samenika wit serut dados griya arta sanes kangge griya dhemit.

d. *Fungsi basa Fatik*

Underaning pirembagan wonten ing konteks dipunsebut *fungsi fatik*. Tegesipun, basa menika nggadhahi *fungsi* saged ngawontenaken sesambetan, nglestantunaken, kangge nedahaken raos pasedherekan utawi *solidaritas sosial*. Tetembungan ingkang dipunandharaken limrahipun sampun gadhah pola ingkang tetep, kadosta manawi pamit, kepanggih tiyang utawi nyuwun pirsu kawontenanipun. Salajengipun kaandharaken satunggal tuladha awujud pethikan saking *data* Panggugah ingkang nedahaken *fungsi fatik* uluk salam.

Konteks	: Kawontenan boten resmi wonten dalemipun Bu Rini lan Beja paring uluk salam dhateng Bu Rini ingkang minangka gurunipun Beja.
Beja	: <i>“Kula nuwun....!”</i>
Bu Rini	: <i>“Mangga...! O, Kowe ta! Kene kene...mlebu omah”</i>
Beja	: <i>“Inggih, Bu. Matur nuwun”</i> (Kapethik saking <i>data</i> kaca 16).

Tuturan menika kalebet tuturan kanthi *fungsi fatik*, katitik saking ukara ginemanipun Beja *“Kula nuwun....!”*. Ukara menika nedahaken ukara uluk salam amargi Beja menika badhe mertamu dhateng dalemipun Bu Rini.

e. *Fungsi basa Metalingual*

Underaning pirembagan wonten ing *kode* dipunsebut *fungsi metalingual*. Tegesipun, basa menika dipunginakaken kangge ngandharaken basa menika piyambak. Limrahipun basa menika dipunginakaken kangge ngandharaken prakawis sanes kadosta *ekonomi*, kawruh utawi *pengetahuan*. Ananging wonten ing *fungsi*ipun basa menika dipunginakaken kangge ngandharaken basa.

f. *Fungsi basa Konatif*

Underaning pirembagan wonten ing mitra tutur dipunsebut *fungsi konatif*. *Fungsi* basa menika boten namung mujudaken tiyang ingkang mirengaken nglampahi menapa kemawon, nanging nglampahi tumindak jumbuh kaliyan ingkang dipunkajengaken kaliyan panutur. *Fungsi konatif* limrahipun awujud basa ingkang dipunginakaken saged ngandharaken kangge naweni, panyuwunan, nyarujuki, boten sarujuk, pamrayogi, nyuwun pirsu saha dhawuhi. Salajengipun kaandharaken satunggal tuladha awujud pethikan saking *data* Panggugah ingkang nedahaken *fungsi konatif* ukara sarujuk.

Konteks	: kadadosan boten resmi nalika Budi gineman kaliyan Utama. Kekalih tiyang menika sami ginemaken babagan tandha mata kangge Ibu Budi.
Utama	: “ <i>Kira-kira apa sing ibumu durung kagungan,</i> ”
Budi	: “ <i>Wis...dhompet wae,</i> ”
Utama	: “ <i>Kuwi ya apik,</i> ”
Budi	: “ <i>Nanging dhuwite saka ngendi?</i> ” (Kapethik saking <i>data</i> kaca 51).

Tuturan menika kalebet tuturan kanthi *fungsi konatif*, katitik saking ukara ginemanipun Utama “*Kuwi ya apik,*”. Ukara menika minangka ukara nyarujuki pamanggihipun Budi ingkang badhe paring dhompet kangge wujud tandha mata dhateng Ibu Budi.

Kajian menika ngginakaken *teori* Jakobson lumantar Soeparno wonten ing *fungsi* basa menika kaperang dados 6 *fungsi*, inggih menika: *fungsi puitik, fatik, emotif, konatif, referensial, metalingual*. Panaliten ngginakaken *teorinipun* Jakobson kangge nganalisis *fungsi* panganggening undha usuk basa Jawi amargi

wonten ing *teori* menika ingkang jumbuh kaliyan kawontenan panaliten inggih menika wonten ing Panggugah.

5. Komponen Tutur

Gayut kaliyan prakawis ingkang sampun dipunandharaken wonten dhasaring panaliten bilih *ujaran* utawi tuturan wujudipun dipundayani kaliyan saperangan babagan. Miturut Hymes (1974: 53) ngandharaken bilih *komponen tutur* menika kaperang dados 16 peranan. Perangan-perangan *komponen tutur* inggih menika *messege form, message content, setting, scene, speaker (sender), addressor, hearer (receiver or audience), addressee, purpose-out comes, purpose-goal, key, channels, form of speech. norms of interactions, norm of interpretation, sarta genre*. Sadaya peranan menika dipundadosaken 8 peranan kaliyan Hymes ingkang dipunsebat kanthi *akronim S-P-E-A-K-I-N-G*. Andharan ingkang jangkep ngengingi *S-P-E-A-K-I-N-G*, inggih menika.

a. *Setting and scene*

Setting and scene inggih menika papan saha kawontenan wicantenan. *Setting* inggih menika dhasaring *fisik* ingkang kaperang dados papan saha wekdal kawontenan *peristiwa tutur*. *Scene* inggih menika dhasaring *psikis* ingkang nedahaken kawontenan *psikologis* salebeting *peristiwa tutur* menika. Panganggenipun basa ugi dipunpangribawani dening papan saha kawontenan nalika wicantenan. Bedanipun papan, wekdal saha kawontenan wicantenan mujudaken *variasi* basa ingkang dipunginakaken dhumateng penuturipun.

Salajengipun kaandharaken satunggal tuladha awujud pethikan saking *data* Panggugah ingkang nedahaken *setting and scene* wonten ing sekolahan.

Konteks : kawontenan ing sekolah rikala Siti taksih sadeyan mbang gula. Pak Guru Hardiman gineman kaliyan Siti, ngandharaken bilih Isah pipis wonten ing kelas.

Pak Hardiman : “Ndhuk, apa bener kae *adhimu?*”

Siti : “*Inggih, Pak. Lha wonten menapa?*”

Pak Hardiman : “***Adhimu mau pipis ana njero kelas IV. Bareng takdangu kok malah nangis,***” (kapethik saking *data* kaca 4).

Tuturan wonten ing nginggih menika kalebet salah satunggaling tuladha saking *komponen tutur setting and scene*. Tuturan menika kalebet *setting and scene* katitik saking ukara ginemanipun Pak Hardiman “*Adhimu mau pipis ana njero kelas IV. Bareng takdangu kok malah nangis,*”. Kadadosan menika wonten ing sekolahan.

b. *Participants*

Participants inggih menika *pihak-pihak* ingkang wonten salebeting pawicantenan (panutur, *mitra tutur*, pamidhanget, saha tiyang ingkang dipunwicantenaken). *Faktor* menika saged dipunsebut minangka *peserta tutur*, tegesipun tiyang ingkang wonten ing kawontenan wicantenan mawi langsung utawi boten langsung. *Peristiwa tutur* ingkang wonten ing kawontenan wicantenan ugi saged ndadosaken *proses komunikasi* ingkang nembe kalampahan. *Status sosial, unsur, tingkat pendidikan*, padamelan saged ndadosaken ragam basa ingkang dipunginakaken wonten ing wicantenan. Salajengipun kaandharaken

satunggal tuladha awujud pethikan saking *data* Panggugah ingkang nedahaken *participants* gineman kanthi langsung.

- Konteks : kawontenan boten resmi wonten ing dalemipun Mbok Sayem, rikala Beja bibar sinau lajeng gineman kaliyan Mbok Sayem ingkang tansah buneg.
- Beja : “Mbok! Kok Simbok ketingal sedhih menika wonten menapa?”
- Mbok Sayem : “Ora mikir apa-apa kok. Ya mung kesel wae?”
- Beja : “Mbok...kula saged nggagapi menapa ingkang panjenengan penggalih. Simbok temtu menggalih kula, awit kula dereng mbayar BP3 lan kaos olahraga.” (kapethik saking *data* kaca 14).

Tuturan wonten ing inggil menika kalebet tuturan kanthi *komponen tutur participants*, amargi katitik saking gineman kekalih paraga menika kanthi langsung inggih menika Beja kaliyan Mbok Sayem.

c. *Ends and goal*

Ends and goal menika kadhapuk saking kalih tembung inggih menika *ends* tegesipun asil utawi pamanggih ingkang dipunajengaken dening panutur, saha *goals* tegesipun ancasing panutur. Pawicantenan inggih menika ngandharaken peksan dhumateng tiyang sanes, saengga kedah cetha ancasipun nalika wicantenan. Panutur nalika ngajengaken asil pamanggih saking peksan ingkang dipuntuturaken jumbuh kaliyan ancasipun anggenipun nindhakaken tuturan. Ancasipun panutur ngadharaken asil pamanggih saking peksan ingkang dipuntuturaken jumbuh kaliyan ancasipun anggenipun nglampahi tuturan. Salajengipun kaandharaken satunggal tuladha awujud pethikan saking *data* Panggugah ingkang nedahaken *ends and goal* paring pawartos.

Konteks	: kawontenan boten resmi, ginemanipun Pak Kadhus kaliyan Galang kanthi ancas ngandharaken pawartos supados ndherek pameran bonsai wonten ing Jepang.
Galang	: “ <i>Mangga Pak Kadhus, wonten menapa Pak?</i> ”
Pak Kadhus	: “ <i>Ngene, Mas. Iki aku entuk layang saka Bale Desa mau, sing ditujokake marang Mas Galang. Wacanen dhewe apa mungguh suarane layang iki!</i> ” (kapethik saking data kaca 41).

Tuturan wonten ing inggil menika kalebet wonten ing *komponen tutur ends and goal*. Amargi *ends and goal* menika nedahaken ancas saking ginemanipun Pak Kadhus dening Galang. Ancas saking gineman Pak Kadhus inggih menika paring pawartos kangge Galang supados ndherek pameran bonsai wonten ing Jepang.

d. *Act sequences*

Act Sequences inggih menika prastawa anggenipun tiyang ingkang micara nalika ngginakaken wekdal anggenipun micara ingkang kaperang dados wujud peksan saha wosing peksan. Wujud saha wosing (*bentuk saha isi*) peksan inggih menika komponen pokok utawi wigatos wonten ing tindak tutur. Wujudipun peksan ingkang jumbuh badhe mujudaken pamanggih ingkang jumbuh kaliyan wosing peksan, saengga jumbuh kaliyan ancasipun penutur. Salajengipun kaandharaken satunggal tuladha awujud pethikan saking data Panggugah ingkang nedahaken *act sequences* ukara pakon.

Konteks	: kawontenan boten resmi wonten ing alas pejaten nalika Ari gineman dhateng tiyang ingkang sami njarah jati supados mboten negori jati malih.
Ari	: “ <i>He, padha rugokna! Yen kowe kabeh kepengin padha slamet, kepengin anak putumu ora rekasa uripe,</i>

ayo, enggal lunga seka kene! Ora kena negori alas jati iki!”

Tiyang ingkang jarah jati: “*Inggih...inggih, kula mboten badhe negori jati malih*” (kapethik saking data kaca 84).

Tuturan wonten ing inggil menika kalebet *komponen tutur act Sequences*, katitik saking ukara ginemanipun Ari “*He, padha rugokna! Yen kowe kabeh kepengin padha slamet, kepengin anak putumu ora rekasa uripe, ayo, enggal lunga seka kene! Ora kena negori alas jati iki!”*. Ukara menika awujud ukara pakon dhateng tiyang ingkang sami njarah jati wonten ing alas supados boten njarah jati malih.

e. *Key or tone*

Key inggih menika nada, cara saha greget saking peksan ingkang dipuntuturaken. Tegesipun, bilih cara saha nada anggenipun nuturaken menika kangge nemtokaken penutur kangge nemtokaken bentuk utawi wujud tuturanipun. Babagan menika saged ugi dipuntemtokaken mawi salah-bawa saha *isyarat*. Salajengipun kaandharaken satunggal tuladha awujud pethikan saking data Panggugah ingkang nedahaken *key or tone* swanten inggil.

Konteks	:kawontenan boten resmi wonnten ing pekarangan, Johar manis gineman kaliyan Markisa kinthing. Ginemanipun kekalih paraga menika sami ngrembag babagan pagesanganipun Markisa kunthing ingkang tanpa guna.
Johar manis	: “ <i>Dhasar kowe markisa kunthing, uripmukuwi tanpa guna, tur tansah nyilakani wong liya!</i> ”
Markisa	: “ <i>Aku ora mudheng karo karepmu johar manis, apa kang kok karepake nyilakani wong liya?</i> ”
Johar manis	: “ <i>Mesthi ora ngerti, mesthi ora rumangsa, dhasar goblog!</i> ” (kapethik saking data kaca 98).

Turutan wonten ing inggil menika kalebet *komponen tutur key or tone*. Katitik saking ukara ginemanipun Johar manis ingkang tansah gumedhe “*Mesthi ora ngerti, mesthi ora rumangsa, dhasar goblog!*” sarta swantenipun ingkang inggil dhateng Markisa kunthing.

f. *Instrumentalities*

Instrumentalities inggih menika piranti kangge wicanten utawi ngandharaken pamanggih, mawi lesan saha seratan. *Instrumentalities* inggih menika piranti tutur ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken wosing saha maksud tuturan ingkang dipunkajengaken. Salajengipun kaandharaken satunggal tuladha awujud pethikan saking *data* Panggugah ingkang nedahaken *instrumentalities* paring pamanggih.

Konteks	: kawontenan boten resmi wonnten ing pekarangan, Johar manis gineman kaliyan Markisa kinthing. Ginemanipun kekalih paraga menika sami ngrembag babagan pagesanganipun Markisa kunthing ingkang tanpa guna.
Johar manis	: “ <i>Kudune kowe ora perlu amor aku, kowe kudu urip dhewe. Kowe kudu mbudi daya supaya wohmu iku enak dipangan, dadi ana wong kang seneng marang kowe. Yen kowe kasil nduweni woh kang enak dipangan, mesthi akeh kang welas karo kowe. Bisa uga kowe ditandur lan dirumat dening manungsa. Nanging yen kahananmu mung kaya ngono kuwi mesthi kowe tetep disungkrah-sungkrah. Wis gawe repot aku, tambah maneh who lan witmu tanpa guna. Yen aku dadi kowe, luwih becik ora perlu urip wae</i> ”
Markisa	: “ <i>He johar manis, urip mono mung saderma nglakoni. Urip iki ora ajeg. Ana unen-unen, urip ikudigambarake kaya dene cakra manggilingan. Tegese urip iku kaya dene rodha kang mlaku mubeng, kadhang kala ing ngisor kadhang kala ing ndhuwur. Semono uga urip ing alam donya iki, kadhangkala rekasa kadhangkala kepenak. Nalika rekasa aja banget-banget anggone sambat lan ngundhat-undhat kan Gawe Jagad, nalika kepenak mulya uga aja leluwihan lan aja daksiya marang sepadha-padha. Aja rumangsa bisa, aja gimedhe lan takabur, mundhak mengko</i>

ora becik tembe mburine. Urip kuwi ana garise, wis ana kodrate. Uripku kang mrambat marang kowe iku wis dikersakake dening Gusti Kang Maha Urip. Gpdhongku, wohku, witku kang kok anggep tanpa guna iku wis dadi kersaNe. Mbok menawa sesuk tembe mburi godhong, wit lan wohku iki uga ana gunane mung wae durung dingerteni manungsa. Bisa uga kanggo obat, tamba utawa jamu. Jalaran apa kang durung dingerteni manungsa ing dina iki, tembe mburi bisa uga dingerteni. Bab iku marga manungsa diparingi akal lan budi. Kanthi akal lan budi mau manungsa bisa sinau lan nyoba-nyoba kan tujuane kanggo ningkatake karaharjan urip tumrap manungsa apa dene kemakmuraning donya” (kapethik saking data kaca 99).

Saking tuturan wonten ing inggil menika kalebet *komponen tutur Instrumentalities*. Katitik saking ginemanipun kekalih paraga ingkang ngandharaken pamanggihipun kanthi *langsung*. Johar manis paring pamanggih supados Markisa kunthing saged migugani ing pagesangan. Markisa kunthing ugi paring pamanggih bilih gesang menika kados cakra manggilingan.

g. Norms

Norms inggih menika gegaran saha kukum ingkang awujud lesan utawi seratan ingkang wonten ing masarakat saha ugi saged dados daya pangribawa penutur anggenipun nemtokaken wujud ingkang utawi bentuk panganggenipun basa wonten ing interaksi utawi wicanten. *Norms* inggih menika norma ingkang dipuntindakaken para paraga nalika nindakaken pirambagan. Saha ugi nggadhahi teges minangka kaidah utawi gegaran babagan basa ingkang wonten ing lingkungan tuturan saha gegaran ingkang kedah wonten supados tuturan menika jumbuh kaliyan kahanan. Salajengipun kaandharaken satunggal tuladha awujud pethikan saking *data* Panggugah ingkang nedahaken *norms* gineman kanthi andhap asor.

- Konteks : kawontenan boten resmi wonnten ing pekarangan, Johar manis gineman kaliyan Markisa kinthing. Ginemanipun kekalih paraga menika sami ngrembag babagan pagesanganipun Markisa kunthing ingkang tanpa guna.
- Johar manis : *“Ora ngandel, kang cetha uripmu tanpa guna. Beda karo aku, wohku gedhe, wangi, marak ati tur enak dipangan, rasane legi maneh. Aku urip mandhireng pribadi, madeg dhewe ora mlarat lan ngrepoti liyan kaya kowe! Oyotku bakuh saengga ora gampang rungkat. Kayuku atos tur kena kanggo bangunan omah pangeyupane para manungsa. Lan yen kowe? Witmu mubet-mubet ora kena kanggo gawe. Cekake uripmu tanpa guna”*
- Markisa : *“**Aku urip mung netepi darmene urip, Johar manis!**”* (kapethik saking data kaca 100).

Tuturan wonten ing nginggil menika kalebet *komponen tutur norms*.

Katitik saking ginemanipun Markisa kunthing dhateng Johar manis ingkang tansah andhap asor.

h. *Genres*

Genres inggih menika jinising *kategori* ingkang saged dados pathokan penutur kangge ngandharaken peksan. Saha gadhah teges wujuding wacana saking pirembagan. Jinising maksud tuturan saged ndayani dhumatang penutur kangge nemtokaken wujud utawi bentuk panganggenipun basanipun. Salajengipun kaandharaken satunggal tuladha awujud pethikan saking *data* Panggugah ingkang nedahaken *genres* ngginakaken basa padintenan.

- Konteks : kawontenan boten resmi wonten ing dalemipun Utama lan Budi gineman kangge ngandharaken pawartos bilih badhe paring tandha mata dhateng Ibunipun Budi.
- Budi : *“Aku kadhung janji, yen taun iki aku kepingin nyaosi kandha mata kagem ibu”*
- Utama : *“Wah...mung kaya ngono wae gawat”*
- Budi : *“Ya iku sing ngganjel pikiranku”* (kapethik saking data kaca 50).

Tuturan wonten ing inggil menika kalebet *komponen tutur genres*. Katitik saking ginemanipun Budi kaliyan Utama ingkang nedahaken *genre* basa padintenan katitik saking sedaya ginemanipun kekalih paraga wonten ing inggil menika.

Pamanggih saking Dell Hymes wonten ing nginggil saged ndadosaken gegaran saking pamanggih-pamanggih ingkang sampun dipunandharaken saking ahli basa. *Teori S-P-E-A-K-I-N-G* menika saged dados salah satunggaling *faktor* ingkang ndayani saha dhasaring Panganggening Undha-Usuk Basa Jawi Wonten ing Panggugah.

6. Pangertosan Cerkak saha Dongeng

a. Cerkak

Pangertosan cerkak kanthi *harfiah* inggih menika cariyos ingkang cekak. Miturut Widayat (2011: 97) cerkak inggih menika satunggaling jinis *karya sastra* Jawa *modern* ingkang dipundayani saking *sastra* Barat. Cerkak menika sampun wonten awit abad-19. Salajengipun abad-20 cerkak langkung nengenaken babagan pitutur luhuripun saha *alur* wonten ing cerkak ngewrat prakawisipun paraga utama. Salajengipun pamangihipun Widayat dipunkiyataken dening Suparta.

Cerkak inggih menika cariyos ingkang dipuncetakaken kanthi cekak aos. Tegesipun cekak inggih menika cariyos ingkang sampurna ngewrat sadaya *unsur* cerkak (Suparta Brata lumantar Widayat, 2011: 98). *Unsur* cerkak inggih menika

wonten *tema, plot, perwatakan, sudut pandangan, latar, lan gaya* (Korrie Layun, 2009: 3-8).

Saking pangartosan cerkak wonten ing inggil menika saged kapendhet dudutan inggih menika cerkak utawi cariyos cekak salah satunggaling jinis *karya sastra Jawa modern* ingkang awujud *prosa*. Cerkak inggih menika cariyos cekak ingkang gadhah *unsur* ingkang sami kaliyan novel. Nanging menawi novel menika salah satunggaling jinis *prosa* wonten ing *karya sastra* ingkang cariyosipun langkung panjang tinimbang cerkak. Kekalih jinis *karya sastra* menika boten nyariyosaken *istanasentris* nanging nyariosaken pagesangan padintenan masarakat.

b. Dongeng

Dongeng inggih menika salah satunggaling jinis *karya sastra* ingkang nyariyosaken satunggaling kadadosan boten nyata utawi *khayalan*. Dongeng nyariyosaken kadadosan ingkang boten nate kadadosan ananging awujud kapitadosan masarakat. Wonten ing dongeng, basa saha *alur*ipun prasaja satemah ndadosaken cariyos dongeng langkung gampil dipunmangertosi dening pamaos. Dongeng ugi gadhah ancas inggih menika kangge panglipur sarta ngewrat pitutur luhur (Nurgiyantoro, 2015: 198).

Miturut Hartoko saha Rahmanto (1986: 34) jinisipun dongeng wonten kalih inggih menika dongeng rakyat saha dongeng kabudayan. Dongeng rakyat inggih menika cariyos ingkang dipunwiyaraken mawi lesan utawi gethok tular. Biasanipun panganggit, papan saha wekdal wonten ing dongeng boten

dipunmangertosi, satemah cariyos dongeng menika saged ewah gingsir. Salajengipun dongeng kabudayan inggih menika cariyos ingkang dipunanggit kanthi *imajinasinipun* satunggal penganggit kemawon. Satemah cariyos dongeng kabudayan menika boten ewah gingsir kados dongeng rakyat.

Saking pamanggihipun para ahli ngengingi pangertosan cerkak saha dongeng wonten ing nginggil menika saged dipunpendhet dudutan bilih cerkak inggih menika *karya sastra* awujud prosa ingkang nyariyosaken prakawis pagesangan padintenan kanthi cekak aos. Dongeng inggih menika jinis *karya sastra fiksi* ingkang cariyosipun awujud *khayalan* utawi boten nate kadadosan wonten ing pagesangan, nanging salah satunggaling wujud kapitadosan masarakat.

B. Panggugah

Panggugah ingkang katliti inggih menika salah satunggaling irah-irahan wacan basa Jawa ingkang kadhapuk saking Panggugah menika salah satunggaling jinis *karya sastra* ingkang wujudipun kempalaning cerkak saha dogeng. Wonten ing salebeting cerkak saha dongeng ngewrat wawan-rembag paraga satunggal kaliyan sanesipun ingkang dipunsebut *dialog*. *Dialog* wonten ing Panggugah ngewrat undha-usuk basa Jawi ingkang saged dados tuladha ingkang leres.

Panggugah inggih menika waosan ingkang dipuntujukaken kangge para lare SD saha kawula mudha Jawi saha tiyang ingkang badhe nyinau basa Jawi. Panggugah menika minangka *karya sastra* ingkang dipunlombakaken saking Dinas Pendidikan saha Pengajaran Yogyakarta. Lomba menika ngasilaken

antawisipun 200 irah-irahan. Salajengipun saking sadaya irah-irahan menika dipunpremati dening Tim Juri, satemah ngasilaken 10 irah-irahan ingkang langkung sae. Saking 10 irah-irahan ingkang sampun dipunseleksi menika dipundadosaken satunggal *karangan* buku. Wonten ing *karangan* buku Panggugah menika kadhapuk saking 10 irah-irahan saha 10 panganggit ingkang beda-beda. Urutan 1 dumugi 5 menika jinis *karya sastra* awujud cerkak lajeng urutan 6 dumugi 10 inggih menika jinis *karya sastra* awujud dongeng.

C. Panaliten Ingkang Jumbuh

Panaliten ngengingi undha-usuk basa Jawi sampun katindakaken dening Endri Kurniawati taun 2013 asesirah “Undha-Usuk Basa Jawi Masarakat Dhusun Cekelan Blondo”. Asiling panaliten mnaggihaken sakawan jinis undha-usuk ingkang dipunginakaken masarakat Dhusun Cekelan Blondo inggih menika ngoko lugu, ngoko alus, krama lugu, saha krama alus.

Undha-usuk ngoko lugu saged katitik saking panganggenipun tetembungan saking tembung ngoko kanthi ancasipun wicantenan kaliyan tiyang ingkang sampun akrab antawisipun masarakat dhusun Cekelan Blondo. Undha-usuk ngoko alus saged katitik saking panganggenipun tetembungan saking tembung ngoko kaliyan krama andhap kangge tiyang ingkang kaping setunggal, wondene krama kaliyan krama inggil kangge tiyang kaping kalih kaliyan kaping tiga ingkang dipunwicantenaken kanthi ancasipun wicantenan kaliyan tiyang ingkang sampun akrab antawisipun masarakat dhusun Cekelan Blondo namung taksih angurmati mitra tutur. Undha-usuk krama lugu saged katitik saking

panganggenipun tetembungan saking tembung krama, madya, ngoko, krama inggil kaliyan krama andhap. Babagan menika nggadhahi ancas inggih menika kangge angurmati dhumateng mitra tutur wonten ing tatanan ingkang samadya. Undha-usuk krama alus saged katitik saking panganggenipun tetembungan saking tembung namung krama, wondene tetembungan krama inggil kaliyan krama andhap kangge mitra tutur kanthi ancas ingkang sopan kaliyan santun anggenipun wicantenan kangge angurmati mitra tutur.

Kajaba jinis undha-usuk ingkang kapanggihaken wonten ing masarakat Dhusun Cekelan Blondo ugi kapanggihaken 4 *fungsi* inggih menika *fungsi fatik*, *emotif*, *konatif kaliyan referensial*. *Fungsi fatik* saged dipunwujudaken kangge uluk salam tiyang sanes. *Fungsi emotif* saged dipunwujudaken kangge ngandharaken raos jengkel, kuciwa, sedhih, gumun saha bingah. *Fungsi konatif* saged dipunwujudaken kangge ndhawuhi, ngemutaken, pamrayogi, nawakaken panyuwun, kawratan, nyarujuki saha pamundhutan pirsu. *Fungsi referensial* saged dipunwujudaken kangge ngandharaken pawartos.

Sesambetan antawisipun panaliten ingkang katindakaken dening Endri Kurniawati kaliyan panaliten menika inggih menika sami-sami ngrembag undha-usuk basa Jawi, nanging panaliten ngengingi undha-usuk basa Jawi mliginipun ingkang wonten ing *antologi* cerkak saha dongeng Panggugah dereng nate dipuntindakaken. Babagan menika tamtu wigati dipuntliti ngengeti menawi panganggening undha-usuk basa Jawi wonten ing *antologi* cerkak saha dongeng Panggugah kathah saha wonten tetembungan ingkang mligi dipunginakaken wonten ing padintenan masarakat.

D. Nalaring Pikir

Panaliten kanthi asesirah “Panganggening Undha-Usuk Basa Jawi Wonten ing Panggugah”, panaliten menika ngginakaken *pendekatan metode* saha *teori*. *Metode* panaliten ingkang dipunginakaken inggih menika *metode deskriptif* kanthi ngginakaken *teori sociolinguistik*. Wonten ing *teori sociolinguistik* menika ngrembag babagan sesambetanipun basa kaliyan masarakat ingkang ngginakaken basa. Awit saking menika, basa gadhah *fungsi* inggih menika kangge sarana *komunikasi* saengga ngasilaken maneka warni jinis basa utawi ingkang dipunsebut kaliyan *variasi* basa. *Variasi* basa kaperang dados tigang jinis inggih menika *dialek*, undha-usuk basa, sarta ragam basa.


Undha-usuk basa Jawi wonten jaman samenika kaperang dados kalih jinis inggih menika ngoko saha krama. Salajengipun undha-usuk basa ngoko kaperang dados ngoko lugu saha ngoko alus. Basa krama ugi kaperang dados krama lugu saha krama alus. Wontenipun undha-usuk basa Jawi menika ancasipun kangge nedahaken raos kurmat saha nedahaken *strata sosial*. Wondene ewahing jaman ingkang samsaya ngrembaka ndadosaken kathah tiyang ingkang boten mangertos babagan undha-usuk basa Jawi.

Salajengipun anggenipun ngaji panganggening undha-usuk basa Jawi menika ngginakaken *fungsi* basa saha *prinsip S-P-E-A-K-I-N-G*. *Fungsi* basa saking Jakobson lumantar Soeparno (*emotif, referensial, puitik, fatik, metalingual, konatif*). Saha ngginakaken *prinsip S-P-E-A-K-I-N-G* saking Dell

Hymes (*setting and scene, participants, ends, act sequence, key, instrumentalities, norms, and genres*).

Adhedhasar *metode* saha *teori* kasebut, saged dipunginakaken kangge nliti jinis basa, *fungsi* basa, saha prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi. Wonten ing panaliten menika *subjek* ingkang dipuntliti inggih menika undha-usuk basa Jawi ing pacelathon *data* Panggugah.

Saengga ngasilaken nalaring pikir kados wonten ing ngandhap menika.



BAB III

CARA PANALITEN

A. Jinising panaliten

Jinising panaliten menika kalebet jinis panaliten *deskriptif*. Panaliten *deskriptif* inggih menika panaliten ingkang dipuntindakaken adhedhasar kasunyatan wujud basa ingkang wonten ing masarakat. Satemah asilipun awujud basa ingkang sipatipun sampun limrah kadosta *potret*, *paparan* kados dene kasunyatanipun (Sudaryanto, 1988: 62). Ancas saking panaliten menika kangge nggandharaken jinis basa, *fungsi* basa saha prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi wonten ing Panggugah.

B. Data saha Sumber Data

Data panalitenipun awujud ukara-ukara ingkang nedahaken undha-usuk basa Jawi wonten ing Panggugugah. Wosipun Panggugah menika saged dipuntanggél jawabaken amargi *sumber*ipun kapustakan ugi saking buku Panggugah. *Sumber*ipun *data* panaliten menika awujud buku karangan kanthi irah-irahan Panggugah anggitanipun Sigit Setyawan dkk. Buku Panggugah menika ngginakaken basa padintenaning masarakat Jawi saha ngewrat 120 kaca, kanthi 10 irah-irahan cariyos ingkang beda.

Wonten ing andhap menika kaandharaken *biodata* saking panganggit
cerkak saha dongeng wonten ing Panggugah.

1. Irah-irahan : Angen-angen
Dening : Sigit Setyawan
Alamat : SD Prambanan, Sleman 55572
2. Irah-irahan : Beja sing Begja
Dening : Marciana Sarwi
Alamat : SD Kanisius I, Yogyakarta 55152
3. Irah-irahan : Karimin
Dening : Fajar Gitarena
Alamat : SD Badran I, Yogyakarta 55244
4. Irah-irahan : Raja Serut
Dening : Muhammad Yamin
Alamat : SD Sonosewu III, Kasihan, Bantul 55182
5. Irah-irahan : Tandha Mata
Dening : Tri Suprpti
Alamat : SD Brajan, Kasihan, Bantul 55813
6. Irah-irahan : Asal Usule Desa “Lendah”
Dening : Nur Hidayat
Alamat : SD Kradenan, Sentolo, Kulon Progo 55672
7. Irah-irahan : Jaran Kristal
Dening : M. Prihati Wiyani
Alamat : SD Lempuyangan III, Yogyakarta 55112

8. Irah-irahan : Upacara Ngarak Bekakak
Dening : Drs. Untung Budiyono
Alamat : SD Caturtunggal, Depok, Sleman 55002
9. Irah-irahan : Wit Manggur lan Wit Semangka
Dening : Kamari, S. Pd
Alamat : SD Mlarangan, Panjatan, Kulon Progo 55655
10. Irah-irahan : Dumadine Kraton Ratu Boko
Dening : Suharyanto BP
Alamat : SD Ambarukmo, Depok, Sleman 55002
11. Irah-irahan : Panggugah
Dipunbesut : E. Suharjendra
Alamat : Kursus Budaya Jawa YASNA, Jogonalan Lor 151,
Yogyakarta 55181

C. Cara Ngempalaken *Data*

Cara ngempalaken *data* ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten inggih menika *teknik* maos saha *teknik* nyerat. *Teknik* maos wonten ing panaliten menika dipunwiwiti saking maos *data* Panggugah lan maos *teori-teori* ingkang gayut kaliyan *data* menika. Sasampunipun maos *teori-teori* menika satemah saged netepaken jinis undha-usuk basa Jawi. Menawi netepaken jinis undha-usuk basa Jawi salajengipun netepaken konteks lan manggihaken konteks *data*. Ingkang pungkasan netepaken *fungsi* basa lan prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi. *Teknik* maos menika dipuntindakaken kanthi premati

saengga saged manggihaken *data-data* ingkang dipunbetahaken wonten ing panaliten menika.

Salajengipun inggih menika *teknik* nyerat, *teknik* nyerat katindakaken kanthi cara nyerat pancelathonipun paraga ing Panggugah ingkang sampun dipunsukani tandha wonten ing kertu *data*. Wosipun kertu *data* inggih menika no *data* lampiran, konteks, jinis undha usuk, *fungsi* basa, saha prakawis ingkang ndayani. Wonten ing ngandhap menika kaandharaken satunggal tuladha saking wujud kertu *data* kados mekaten.

Tabel 1: Tuladha Kertu Data

No Data Lampiran	174
Konteks	pacelathon kadadosan boten resmi wonten ing dalemipun Pak Jamin nalika Pak Kadhus paring layang kangge pameran bonsai wonten ing kutha Tokyo, Jepang.
Galang Pak Kadhus	<u>“Pak Kadus, menapa tanemanipun bonsai inggih dipunbekta sedaya?”</u> “Bab tanduran sing bakal kanggo pameran mengko luwih becik dipilih sing paling apik dhewe, dadi ora perlu etungan, ana sepuluh sing apik ya digawa kabeh, bab ongkos barang uga wis ditanggung panitiya”
Jinis Undha Usuk	krama alus amargi basanipun Galang awujud tembung krama saha kacampur tembung krama andhap ing tembung dipunbekta.
<i>Fungsi</i>	<i>konatif</i> amargi Galang menika mundhut pirsu bilih taneman ingkang badhe dipunbekta menika pinten.
Prakawis ingkang ndayani	kawontenan boten resmi wonten ing dalemipun Pak Jamin. Wontenipun raos kurmat dhateng tiyang ingkang statusipun langkung sepuh saha minangka salah satunggaling tokoh masarakat.

D. Pirantosing Panaliten

Miturut Arikunto (2010: 201) ngandharaken pirantosing panaliten inggih menika pirantos utawi *alat* ingkang dipunginakaken dening panaliten anggenipun ngempalaken *data* supados pandamelanipun langkung gampil saha asilipun langkung sae. Tegesipun langkung tliti, jangkep, saha *sistematis* satemah langkung gampil dipunkaji. Satemah saged dipunpendhet dudutanipun bilih pirantosing panaliten inggih menika sedaya pirantos ingkang dipunginakaken kangge mendhet *data* mliginipun dipungayutaken kaliyan *teori-teori* ingkang gayut kaliyan panaliten menika. Pirantos panaliten ingkang *pokok* ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten menika inggih menika *human instrument*.

E. Caranipun Nganalisis *Data*

Cara nganalisi *data* ingkang katindakaken wonten ing panaliten inggih menika.

1. Panyerat ndamel *deskripsi* sedaya ingkang sampun dipuntetepaken wonten ing caranipun ngempalaken *data*. Ing antawisipun inggih menika maos *data* panaliten saha *teori-teori* ingkang gayut kaliyan *data*. Salajengipun panyerat netepaken jinis undha-usuk basa Jawi, netepaken *teori*, *konteks*, *fungsi* basa lan prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi ingkang kapanggihaken wonten ing Panggugah kasebat kanthi cetha.
2. Salajengipun panyerat ndamel kertu *data* kados ingkang sampun kaandharaken wonten ing caranipun ngempalaken *data*. Kertu *data* menika ancasipun kangge mantha-mantha undha-usuk basa Jawi wonten salebeting

data. Satemah dipunkaji ngginakaken *kajian sociolinguistik*, mliginipun kanthi *fungsi* basa sarta kanthi *akronim S-P-E-A-K-I-N-G*. *Fungsi* basa sarta *akronim* menika dipunginakaken saperlu mangartosi prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi wonten ing Panggugah. Kanthi ngginakaken *fungsi* basa sarta *akronim* menika kaangkah dipunmangartosi prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk menika sampun leres menapa dereng. *Fungsi* basa menika wonten *emotif, referensial, puitik, fatik, metalingual*, lan *konatif*. Salajengipun rantamanipun *akronim S-P-E-A-K-I-N-G* inggih menika *setting and scene, participants, ends, act sequences, key, instrumentalities, norms, genres*.

F. Cara Ngesahaken Data

Ancasipun panaliten menika kangge ngukur satunggaling *gejala* ngginakaken *instrumen* panaliten. *Instrumen* panaliten menika minangka *validitas* saha *reliabilitas data*. Kegiatan *validitas* ingkang dipuntindakaken kangge nggayuh asiling panaliten ingkang *valid* inggih menika kanthi maos, nggatosaken, saha nganalisis kanthi premati kanthi pandom ingkang sampun kaandharaken wonten ing gegaran *teori*. Cara kangge ngesahaken *data* wonten ing panaliten menika ngginakaken *validitas expert judgement* utawi lelimbangan ahli. *Validitas* ingkang dipunginakaken menika ancasipun kangge mangertosi *data* adhedhasar kasunyatanipun inggih menika pirembakan saking para paraga wonten ing Panggugah. *Validitas expert judgement* dipuntindakaken kanthi manggihaken *data-data* asiling panaliten dhateng dosen minangka ahli *linguistik*.

Panaliten ngginakaken *reliabilitas intrarater* ingkang tegesipun *data* wonten ing panaliten menika dipunwaos saha dipun*analisis* kanthi makaping-kaping satemah pikantuk *data* ingkang tetep, prakawis menika dipuntindakaken dening panyerat piyambak. Asilipun *data* lajeng dipunkaji miturut wosing prakawis ingkang dipuntindakaken wonten ing panaliten. Panaliten menika saged dipunpungkasi menawi *data* ingkang kapanggihaken menika sampun saestu tetep, satemah sampun saged dipun*analisis* wonten ing *karya ilmiah*.

BAB IV

ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN

A. Asiling Panaliten

Panggugah inggih menika salah satunggaling jinis irah-irahan *karya sastra* ingkang ngewrat undha-usuk basa Jawi. Panaliten panganggening undha-usuk basa Jawi wonten ing Panggugah menika kangge ngandharaken jinis undha-usuk basa Jawi, *fungsi* basa saha prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi. Awit saking menika asiling panalitenipun inggih menika awujud *deskripsi* panganggening undha-usuk basa Jawi ingkang dipunginakaken dening para paraga wonten ing Panggugah. Asiling panaliten ngengingi jinis undha-usuk basa Jawi, *fungsi* basa, saha prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi langkung jangkep kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

Tabel 2 : Jinisipun undha-usuk basa Jawi, *fungsi* basa, saha prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi wonten ing Panggugah

No	Undha Usuk	Fungsi basa	Prakawis ingkang ndayani	Data
1	2	3	4	5
1.	Ngoko lugu	a. <i>emotif</i> bingah	Nalika Ari ngimpi mabur lan gineman piyambak.	Ari: “Jebul asri banget negaraku yen disawang saka gegana, lan sebutan Zamrut Katulistiwa iku pancen nyata temenan” (kapethik saking <i>data</i> kaca 82). 1. Ngoko lugu amargi ukaranipun Ari ngewrat tembung ngoko sadaya, tembung sesulih ngoko (-ku) ing tembung negaraku, sarta

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
				wuwuhan ngoko (di-) ing tembung disawang. 2. <i>Fungsi emotif</i> bingah amargi sampun dipunandharaken ugi wonten <i>data</i> kaca 82 bilih manahipun Ari menika tansah bingah sarta bombong. 3. Prakawis ingkang ndayani kawontenan boten resmi amargi gineman piyambak wonten pangimpenipun Ari.
		Gumun	Wonten ing Jepang nalika Pak Jamin ngraos gumun ningali kitha wonten ing negara Jepang.	Pak Jamin: “Wah, wah, wah...gek kutha apa kaya ngene apike iki?” (kapethik saking <i>data</i> kaca 44). 1. Ngoko lugu amargi ukaranipun Pak Jamin ngewrat tembung ngoko sadaya lan panambang ngoko (-e) ing tembung apike. 2. <i>Fungsi emotif</i> gumun katitik saking ukara “Wah, wah, wah.. gek kutha apa kaya ngene apike iki” 3. Prakawis ingkang ndayani kawontenan boten resmi nalika Pak Jamin gineman langsung kaliyan Galang ing Jepang lan ancas ginemanipun Pak Jamin ngandharaken raos gumunipun dhateng kitha Tokyo ingkang endah.
		Jengkel	Wonten ing lepen nalika lare gineman kaliyan Karimin.	Bocah cilik: “Teka keru nesu, sakarepku ta!” (kapetik saking <i>data</i> kaca 23). 1. Ngoko lugu amargi ukaranipun bocah cilik ngewrat tembung ngoko sadaya lan wonten tembung sesulih ngoko (-ku) ing tembung sakarepku.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
				2. <i>Fungsi emotif</i> jengkel katitik saking ukara “...sakarepku ta! Ngawur!” 3. Prakawis ingkang ndayani kawontenan boten resmi nalika lare menika mangsuli Karimin ing lepen saha ancas ginemanipun lare menika kangge ngandharaken raos jengkel dhateng Karimin.
		bingung	Wonten ing dalemipun Utama nalika Budi gineman kaliyan Utama.	Budi: “Aku isih bingung wujud barang kang pantes”(kapethik saking <i>data</i> kaca 51). 1. Ngoko lugu amargi ukaranipun Budi ngewrat tembung ngoko sadaya lan wonten tembung sesulih ngoko aku. 2. <i>Fungsi emotif</i> bingung katitik saking ukara “Aku isih bingung...”. 3. Prakawis ingkang ndayani kawontenan boten resmi nalika Budi gineman langsung kaliyan Utama ing dalemipun Utama saha ancas ginemanipun Budi ngandharaken bilih piyambakipun bingung barang kangge Ibunipun.
		Kaget	Wonten ing mergi nalika Pak Agus gineman kaliyan Karimin.	Pak Agus: “Ha??? Kowe maling?” (kapetik saking <i>data</i> kaca 30). 1. Ngoko lugu amargi ukaranipun Pak Agus ngewrat tembung ngoko sadaya lan tembung sesulih ngoko kowe. 2. <i>Fungsi emotif</i> kaget katitik saking ukara “Ha???.....”

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
				3. Prakawis ingkang ndayani kawontenan boten resmi nalika Pak Agus gineman langsung kaliyan Karimin saha kepanggih ing mergi.
		b. <i>referensial</i> pawartos	Wonten ing dalemipun Galang nalika Pak Kadhus gineman kaliyan Galang.	Pak Kadhus: “Ngene, Mas. Iki aku entuk layang saka Bale Desa mau, sing ditujokake marang Mas Galang. Wacanen dhewe apa mungguh surasane layang iki!” (kapethik saking <i>data</i> kaca 41). 1. Ngoko lugu amargi ukaranipun Pak Kadhus ngewrat tembung ngoko sadaya, tembung sesulih ngoko aku, wuwuhan ngoko (di-) lan panambang ngoko (-ake) ing tembung ditujokake lan panambang ngoko (-ne) ing tembung surasane. 2. <i>Fungsi referensial</i> pawartos katitik saking ukara “...Iki aku entuk layang saka Bale Desa mau, sing ditujokake marang Mas Galang...”. 3. Prakawis ingkang ndayani kawontenan boten resmi amargi Pak Kadhus merdhayoh kangge maringaken serat saking Bale Desa dhateng Galang.
		c. <i>Puitik</i> pamanggih	Wonten ing Jepang nalika Pak Jamin gineman kaliyan Galang.	Pak Jamin: “Ya apik kene, Le! Iki kutha internasional, wiwit jaman perang kene wis maju” (kapethik saking <i>data</i> kaca 44-45). 1. Ngoko lugu amargi ukaranipun Pak Jamin ngewrat tembung ngoko sadaya saha wonten tembung wancah ngoko wis.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
				2. <i>Fungsi puitik</i> pamanggih katitik saking ukara “Ya apik kene, Le!.....” 3. Prakawis ingkang ndayani kawontenan boten resmi nalika Pak Jamin gineman langsung kaliyan Galang minangka putranipun.
		d.fatik uluk salam	Wonten ing pelataran dalemipun Ari nalika Hari, Asti, Arya sami gineman kaliyan Ari.	Hari, Asti, lan Arya: “Ari, ayo mangkat!” (kapetik saking <i>data</i> kaca 78). 1. Ngoko lugu amargi ukaranipun Hari, Asti, lan Arya ngewrat tembung ngoko sadaya. 2. <i>Fungsi fatik</i> uluk salam katitik saking ukara “Ari, ayo mangkat!”. 3. Prakawis ingkang ndayani kawontenan boten resmi amargi Hari, Asti, saha Arya ngampiri Ari menyang pados watu ing lepen.
		e.konatif nyarujuki	Wonten ing Mataram nalika Jangkung gineman kaliyan para warga.	Jangkung: “Yoh! Kena kowe kabeh mbedhek menang kucinge” (kapethik saking <i>data</i> kaca 66). 1. Ngoko lugu amargi ukaranipun Jangkung ngewrat tembung ngoko sadaya, wonten tembung sesulih ngoko kowe, saha panambang ngoko (-e) ing tembung kucinge. 2. <i>Fungsi konatif</i> nyarujuki katitik saking ukara “Yoh! Kena.....” 3. Prakawis ingkang ndayani kawontenan boten resmi amargi Jangkung gineman kaliyan para warga ingkang sami mirsani Jangkung sulapan ing Mataram.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
		boten sarujuk	Wonten ing dalemipun Utama nalika Budi gineman kaliyan Utama.	Budi: “Wa, ora. Iki tak gawe <i>rahasia</i>” (kapethik saking <i>data</i> kaca 51). 1. Ngoko lugu amargi ukaranipun Budi ngewrat tembung ngoko sadaya saha wuwuhan ngoko (tak-) ing tembung tak gawe. 2. <i>Fungsi konatif</i> boten sarujuk utawi kawratan katitik saking ukara “Wa, ora....” 3. Prakawis ingkang ndayani kawontenan boten resmi nalika Budi gineman langsung kaliyan Utama ing dalemipun Utama saha ancas ginemanipun Budi kangge ngandharaken bilih tanda mata menika <i>rahasia</i>.
		pamrayogi	Wonten ing dalemipun Utama nalika gineman kaliyan Budi.	Utama: “Tabunganmu isih pira, ya wis dijupuk wae” (kapethik saking <i>data</i> kaca 51). 1. Ngoko lugu amargi ukaranipun Utama ngewrat tembung ngoko sadaya, tembung wancah ngoko ya, wis, saha tembung sesulih ngoko (-mu) ing tembung tabunganmu, sarta wuwuhan ngoko (di-) ing tembung dijupuk. 2. <i>Fungsi konatif</i> pamrayogi katitik saking ukara “Tabunganmu isih pira, ya wis dijupuk wae”. 3. Prakawis ingkang ndayani kawontenan boten resmi nalika Utama gineman langsung kaliyan Budi ing dalemipun Utama saha ancas ginemanipun Utama menika paring pamrayogi supados

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
				Budi mendhet tabunganipun kemawon.
		nyuwun pirsu	Wonten ing pesantren Sunan Kudus nalika Santri gineman kaliyan Saridin.	Santri: “Paceran kok ditawu, arep golek apa ta, kowe kuwi?” (kapethik saking <i>data</i> kaca 61). 1. Ngoko lugu amargi ukaranipun Santri ngewrat tembung ngoko sadaya, tembung sesulih ngoko kowe, saha wuwuhan ngoko (di-) ing tembung ditawu. 2. <i>Fungsi konatif</i> nyuwun pirsu “.....arep golek apa ta, kowe kuwi?” 3. Prakawis ingkang ndayani kawontenan boten resmi nalika Santri gineman langsung kaliyan Saridin ingkang taksih nawu paceren ing pesantren Sunan Kudus.
		ndhawuhi	Wonten ing pesantren Sunan Kudus nalika Sunan Kudus gineman kaliyan Saridin.	Sunan Kudus: “Wis, Saridin, aja mbok terusake maneh, ora becik yen pamer kabisan kaya mangkono iku” (kapethik saking <i>data</i> kaca 61-62). 1. Ngoko lugu amargi ukaranipun Sunan Kudus ngewrat tembung ngoko sadaya, wonten tembung wancah ngoko wis, sarta panambang ngoko (-ake) ing tembung terusake. 2. <i>Fungsi konatif</i> ndhawuhi katitik saking ukara “....aja mbok terusake maneh....” 3. Prakawis ingkang ndayani kawontenan boten resmi nalika Sunan Kudus gineman langsung kaliyan Saridin ingkang taksih nawu paceren ing pesantren Sunan Kudus.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
2.	Ngoko alus	a. <i>emotif</i> bingah	Wonten dalemipun Mbok Arja nalika gineman kaliyan Isah.	Mbok Arja: “Wis, Nduk. Aku ngerti apa kang kok rasakake. Aku dhewe bungah, saka kasile mbakyumu. Saiki ayo padha nambah anggone muji sukur marang Gusti, marga paringane kang banget gedhe iki” (kapethik saking <i>data</i> kaca 2). 1. Ngoko alus amargi tembungipun ngoko ngerti, rasakake, bungah, kasile, saiki, kacampur tembung madya paring, tembung wancah wis, tembung sesulih ngoko aku lan (-mu) ing tembung mbakyumu, sarta panambang ngoko (-ake) ing tembung rasakake, (-e) ing tembung kasile, (-ne) ing tembung anggone saha tembung paringane. 2. <i>Fungsi emotif</i> bingah katitik saking tembung “....Aku dhewe bungah....” 3. Prakawis ingkang ndayani kawontenan boten resmi amargi Isah taksih maos serat saking Siti saha Mbok Arja gineman langsung kaliyan Isah minangka putranipun Mbok Arja sarta wos ginemanipun Mbok Arja menika kangge ngajak Isah supados muji sukur dhateng Gusti.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
		Gumun	Nalika Ari ngimpi mabur lan gineman piyambak.	Ari: “O, pancen agung karyane Gusti Allah iku!” (kapethik saking <i>data</i> kaca 85). 1. Ngoko alus amargi tembugipun ngoko pancen, iku, saha kacampur tembung krama agung lan karya, sarta wonten panambang ngoko (-ne) ing tembung karyane. 2. <i>Fungsi emotif</i> gumun katitik saking ukara “O, pancen agung 3. Prakawis ingkang ndayani kawontenan boten resmi nalika Ari gineman piyambak wonten ing pangimpenipun.
		Sedhih	Wonten ing dalemipun Pak Madi nalika Pak Marja gineman kaliyan para warga.	Pak Marja: “Kula saguh nragadi nganti rampung SLTP!” (kapethik saking <i>data</i> kaca 33). 1. Ngoko alus amargi tembungipun ngoko saguh, nragadi, nganti, rampung lan kacampur tembung sesulih krama kula. 2. <i>Fungsi emotif</i> sedhih amargi wonten ing <i>data</i> kaca 33 sampun dipunandharaken bilih Pak Marja ngraos trenyuh dhateng Karimin. 3. Prakawis ingkang ndayani kawontenan resmi lan Pak Marja gineman langsung kaliyan para warga nalika sami wawanrembag ing dalemipun Pak Madi saha wosipun inggih babagan Karimin ingkang dipunpitnah dados maling.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
		Ajrih	Wonten ing dalemipun Mbok Arja nalika Siti gineman piyambak.	Siti: “Aja-aja Pak Hardi duka banjur nglapurake marang biyung” (kapethik saking <i>data</i> kaca 5). 1. Ngoko alus amargi tembungipun ngoko lugu aja-aja, nglapurake, kacampur tembung madya marang saha tembung krama duka sarta wonten panambang ngoko(-ake) ing tembung nglapurake. 2. <i>Fungsi emotif</i> ajrih katitik saking ukara “Aja-aja Pak Hardi duka...” 3. Prakawis ingkang ndayani kawontenan boten resmi nalika Siti gineman piyambak ing dalemipun Mbok Arja minangka biyungipun.
		Kaget	Wonten ing Parangtumalit is nalika Begawan Samudana gineman kaliyan Rara Singlon	Begawan Samudana(Prabu Dipakusuma): “I, I, iya. A.,a.,awit,..awit ora ngira babar pisan yen garwaku,...garwaku sawijining putra narendra agung binathara” (kapethik saking <i>data</i> kaca 111). 1. Ngoko alus amargi tembungipun ngoko iya, ora, ngira, babar pisan, yen, lan kacampur tembung krama garwa, agung, tembung sesulih (-ku) ing tembung garwaku. 2. <i>Fungsi emotif</i> kaget katitik saking ukara “I, I, iya. A.,a.,awit,..awit ora ngira babar pisan yen garwaku,...garwaku sawijining putra narendra agung binathara” 3. Prakawis ingkang ndayani kawontenan boten resmi

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
				nalika Begawan Samudana gineman kaliyan Rara Singlon minangka garwanipun wonten ing Parangtumaritis.
		b. <i>referensial</i> pawartos	Wonten dalemipun Mbok Arja nalika Mbok Arja gineman kaliyan Siti.	Mbok Arja: “Ngene ya, Ndhuk. Pak Hardi ngendika akeh banget. Salah sijine bab kulawargane. Sesuk kurang luwih seminggu maneh sakulawarga bakal tindak Jakarta, ngayahi tugas anyar. Kamangka putrane isih cilik-cilik. Dadine mesthi wae repot banget. Sateruse....” (kapethik saking <i>data</i> kaca 6). 1. Ngoko alus amargi tembungipun ngoko ngene, akeh, banget, sesuk, ngayahi, tugas kacampur tembung krama ngendika, tindak, wonten tembung wancah ngoko ya, sarta panambang ngoko (-ne) ing tembung kulawargane, putrane, dadine, panambang (-e) ing tembung sateruse. 2. <i>Fungsi referensial</i> pawartos katitik saking ukara “Ngene ya, Ndhuk. Pak Hardi ngendika akeh banget. Salah sijine bab kulawargane. Sesuk kurang luwih seminggu maneh sakulawarga bakal tindak Jakarta, ngayahi tugas anyar.....”

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
				3. Prakawis ingkang ndayani kawontenan boten resmi nalika Mbok Arja gineman langsung kaliyan Siti ing dalemipun Mbok Arja minangka simbokipun Siti ingkang sami gineman ngandharaken babagan Pak Hardiman ingkang badhe tindak Jakarta.
		c. <i>putik</i> pamanggih	Wonten dalemipun Mbok Arja nalika Mbok Arja gineman kaliyan Siti.	Mbok Arja: “Ora teges simbok tegel marang kowe, Ndhuk. Bareng tak rasa ngendikane Pak Hardi bener banget” (kapethik saking <i>data</i> kaca 6). 1. Ngoko alus amargi tembungipun ngoko ora, teges, tegel, marang, rasa, bener, sanget lan kacampur tembung krama ngendika, tembung sesulih ngoko kowe, sarta wonten panambang ngoko (-ne) ing tembung ngendikane. 2. <i>Fungsi putik</i> pamanggih katitik saking ukara “.....Bareng tak rasa....” 3. Prakawis ingkang ndayani kawontenan boten resmi nalika Mbok Arja gineman langsung kaliyan Siti ing dalemipun Mbok Arja minangka simbokipun Siti nyariyosaken ancas saking rawuhipun Pak Hardiman.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
		khayalan	Wonten dalemipun Simbah Kakung nalika Simbah Kakung gineman kaliyan Ari.	Simbah Kakung: “Kejaba pinter, Sang Raja uga sekti mandra guna lan wicaksana, seneng tetulung marang sapa-dha-padha, lan dadi kekasihe para dewa. Sang Raja kagungan reca jaran saka kaca (kristal), gedhene sak jaran tenan, sing ngendikane peparinge dewa. Dene istimewaane reca Jaran Kristal mau, yen dikersakake Sang Raja bisa dadi urip sanajan wujudé isih saka kristal. Eloke maneh, Jaran Kristal mau bisa mlayu banter ngungkuli bantering angin lan bisa mabur ngambah jumantara” (kapethik saking <i>data</i> kaca 77). 1. Ngoko alus amargi tembungipun ngoko seneng, kekasihe, gedhene, bisa, dadi, urip, wujudé, mlayu, ngungkuli, mabur sarta kacampur tembung krama kagungan, ngendika, paring, kersa, wuwuhan ngoko (di-) ing tembung dikersakake, panambang ngoko (-ne) ing tembung gedhene, ngendikane, (-e) ing tembung kekasihe, peparinge, (-ake) ing tembung dikersakake. 2. <i>Fungsi puitik</i> khayalan katitik saking ukara “....lan dadi kekasihe para dewa..... sing ngendikane peparinge dewa.... bisa dadi urip sanajan wujudé isih saka kristal.....” 3. Prakawis ingkang ndayani kawontenan boten resmi nalika Simbah Kakung gineman

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
				langsung kaliyan Ari ing dalemipun Simbah Kakung lan ginemanipun Simbah Kakung nyariyosaken satunggaling dongeng kangge Ari.
		d. <i>konatif</i> naweni	Wonten ing dalemipun Utama nalika gineman kaliyan Budi.	Utama: “Gampang. Sesuk dakterake arep menyang toko ngendi?” (kapethik saking <i>data</i> kaca 50). 1. Ngoko alus amargi tembungipun ngoko gampang, sesuk, terke, ngendi, saha kacampur tembung madya menyang, wuwuhan ngoko (dak-) ing tembung dakterake, lan panambang ngoko (-ake) ing tembung dakterake. 2. <i>Fungsi konatif</i> naweni katitik saking ukara “.... Sesuk dakterake arep menyang toko ngendi?”. 3. Prakawis ingkang ndayani kawontenan boten resmi nalika Utama gineman langsung kaliyan Budi ing dalemipun Utama saha wos ginemanipun Utama kangge naweni Budi badhe dhateng toko pundi.
		panyuwunan	Wonten ing kraton Ratu Baka nalika Rara Jonggrang gineman kaliyan Baka.	Rara Jonggrang: “Yoh Prabu Baka, aku gelem dadi garwamu. Nanging panjenengan kudu bisa nyirnakake Bandung Bandawasa, yaiku pawongan sing uga arep mundhut garwa marang aku...” (kapethik saking <i>data</i> kaca 119). 1. Ngoko alus amargi tembung ngoko gelem, dadi, kudu, bisa, nyirnakake, yaiku, pawongan, sing, uga, arep, tembung madya nanging, marang, sarta kacampur

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
				tembung krama garwa, mundhut, wonten tembung sesulih ngoko aku saha (-mu) ing tembung garwamu, tembung sesulih krama panjenengan, panambang ngoko (-ake) ing tembung nyirnakake. 2. <i>Fungsi konatif</i> panyuwunan katitik saking ukara “.....Nanging panjenengan kudu bisa nyirnakake Bandung Bandawasa.....” 3. Prakawis ingkang ndayani kawontenan boten resmi nalika Rara Jonggrang gineman langsung kaliyan Baka ing kraton Ratu Baka saha wos ginemanipun Rara Jonggrang ngandharaken panyuwunan supados mejahi Bandung Bandhawasa.
		nyuwun pirsu	Wonten ing mergi nalika Bu Rini gineman kaliyan Beja.	Bu Rini: “Gerahe biyungmu wis pirang dina?” (kapethik saking <i>data</i> kaca 17). 1. Ngoko alus amargi tembungipun ngoko pirang, dina saha kacampur tembung krama gerah, wonten tembung sesulih ngoko (-mu) ing tembung biyungmu, tembung wancah ngoko ing tembung wis, sarta panambang ngoko (-e) ing tembung gerahe. 2. <i>Fungsi konatif</i> nyuwun pirsu katitik saking ukara “Gerahe biyungmu wis pirang dina?”

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
				3. Prakawis ingkang ndayani kawontenan boten resmi nalika Bu Rini gineman langsung kaliyan Beja ing dalemipun Bu Rini saha wos ginemanipun Bu Rini kangge nyuwun pirsu babagan gerahipun Mbok Sayem minangka biyungipun Beja.
		ndhawuhi	Wonten ing regol sekolah nalika Pak Satpam gineman kaliyan Karimin.	Pak Satpam: “Layang iki diaturake Pak Guru” (kapethik saking <i>data</i> kaca 24). 1. Ngoko alus amargi tembungipun ngoko layang, iki saha kacampur tembung krama katur, wuwuhan ngoko (di-) sarta panambang ngoko (-ake) ing tembung diaturake. 2. <i>Fungsi konatif</i> ndhawuhi katitik saking ukara “Layang iki diaturake Pak Guru” 3. Prakawis ingkang ndayani kawontenan resmi nalika Pak Satpam gineman langsung kaliyan Karimin ing regol sekolah saha ancas ginemanipun Pak Satpam dhawuhi Karimin ngaturaken serat dhateng Pak guru.
3.	Krama lugu	a. <i>emotif</i> sedhih	Wonten ing dalemipun Pak Madi lan Pak Agus gineman kaliyan Pak Madi.	Pak Agus: “Sae sanget niat warga ngriki, ananging ndadosna kawuninagan kasaenan punika kados muspra” (kapethik saking <i>data</i> kaca 33). 1. Krama lugu amargi tembungipun krama sae, sanget, ngriki, ananging, kawuningan, kesaenan, punika, kados, tembung madya ndadosna saha tembung ngoko muspra,

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
				wonten panambang ngoko (-na) ing tembung ndadosna. 2. <i>Fungsi emotif</i> sedhih amargi sampun dipunandharaken wonten ing <i>data</i> kaca 33 bilih Pak Agus tansah trenyuh. 3. Prakawis ingkang ndayani kawontenan resmi nalika sami wawanrembag kaliyan para warga lan Pak Agus gineman langsung kaliyan Pak Madi ing dalemipun Pak Madi.
		jengkel	Wonten ing mergi nalika Pak Agus gineman kaliyan para warga.	Pak Agus: “Sampeyan ngertos?” (kapethik saking <i>data</i> kaca 31). 1. Krama lugu amargi tembungipun krama ngertos saha tembung sesulih madya sampeyan. 2. <i>Fungsi emotif</i> jengkel amargi wonten <i>data</i> kaca 31 sampun dipunandharaken bilih Pak Agus anggenipun gineman tansah muntab dhateng para warga. 3. Prakawis ingkang ndayani kawontenan boten resmi nalika Pak Agus gineman langsung kaliyan para warga ing mergi sarta wos ginemanipun Pak Agus kangge ngandharaken raos jengkelipun dhateng para warga ingkang sampun ndakwa maling Karimin.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
		b. <i>referensial</i> pawartos	Wonten ing dalemipun Pak Madi nalika Pak Madi gineman kaliyan para warga.	Pak Madi Ketua RW: “Warga purun mbiyantu punika kanthi pangajap urusan polisi dipunanggep rampung” (kapethik saking <i>data</i> kaca 33). 1. Krama lugu amargi tembungipun krama purun, mbiyantu, pangajab saha tembung ngoko anggep, rampung, saha wonten panambang krama (dipun-) ing tembung dipunanggep. 2. <i>Fungsi referensi</i> pawartos katitik saking ukara “Warga purun mbiyantu punika kanthi pangajap urusan polisi dipunanggep rampung” 3. Prakawis ingkang ndayani kawontenan resmi nalika wawanrembag saha Pak Madi gineman langsung kaliyan para warga ing dalemipun Pak Madi.
		c. <i>puitik</i> pamanggih	Wonten ing kelas 6 nalika Karimin gineman kaliyan Pak Agus.	Karimin: “Mboten gadhah tivi, Pak” (kapethik saking <i>data</i> kaca 24). 1. Krama lugu amargi tembungipun krama mboten kacampur tembung madya gadhah. 2. <i>Fungsi puitik</i> pamanggih katitik saking ukara “Mboten gadhah tivi, Pak” 3. Prakawis ingkang ndayani kawontenan resmi nalika Karimin gineman langsung kaliyan Pak Agus ing kelas enem.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
		d. <i>fatik</i> uluk salam	Wonten ing mergi nalika Pak Madi gineman kaliyan Pak Agus.	Pak Madi Ketua RW: “Kula ketua RW. Saenipun kita rembag sae-sae selak mesakake lare punika” (kapethik saking <i>data</i> kaca 32). 1. Krama lugu amargi tembungipun krama saenipun, rembag, lare, punika saha ngoko selak, mesakake, wonten tembung sesulih krama kula, kita, sarta wonten panambang krama (-ipun) ing tembung saenipun. 2. <i>Fungsi fatik</i> uluk salam katitik saking ukara “Kula ketua RW.....” 3. Prakawis ingkang ndayani kawontenan boten resmi amargi Pak Madi gineman langsung kaliyan Pak Agus nalika kepanggi ing mergi.
		e. <i>konatif</i> naweni	Wonten ing pelataran dalemipun nalika Galang gineman kaliyan Pakdhe Sastra.	Galang: “Nggih, Pakdhe. Pakdhe badhe nyobi nanem wit serut?” (kapethik saking <i>data</i> kaca 36). 1. Krama lugu amargi tembungipun krama badhe, nyobi, nanem saha tembung wancah madya nggih. 2. <i>Fungsi konatif</i> naweni katitik saking ukara “....Pakdhe badhe nyobi nanem wit serut?” 3. Prakawis ingkang ndayani kawontenan boten resmi nalika Galang gineman langsung kaliyan Pakdhe Sastra ing pelataran dalemipun Galang lan wos ginemanipun Galang kangge naweni Pakdhe Sastra.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
		panyuwunan	Wonten ing dalemipun Mbok Arja nalika Mbok Arja gineman dhateng kaliyan Gusti Allah.	Mbok Arja: “Gusti, paringana kuwat dhumateng kawula” (kapethik saking <i>data</i> kaca 6) 1. Krama lugu amargi tembungipun krama paring, dhumateng saha kacampur tembung ngoko kuwat, sesulih krama kawula, panambang krama (-ana) ing tembung paringana. 2. <i>Fungsi konatif</i> panyuwunan katitik saking uakara “Gusti, paringana kuwat dhumateng kawula” 3. Prakawis ingkang ndayani kawontenan boten resmi ing dalemipun Mbok Arja nalika Mbok Arja gineman piyambak kangge nyenyuwun dhateng Gusti.
		nyarujuki	Wonten ing dalemipun Pak Madi lan para warga gineman kaliyan Pak Madi.	Para Warga: “Kula nggih B. Kula sagah dhonor, Pak RW!” (kapethik saking <i>data</i> kaca 34). 1. Krama lugu amargi tembungipun krama sagah saha kacampur tembung wancah krama nggih, lan wonten tembung sesulih krama kula. 2. <i>Fungsi konatif</i> nyarujuki katitik saking ukara “.....Kula sagah dhonor....” 3. Prakawis ingkang ndayani kawontenan resmi nalika sami wawanrembag saha para warga gineman langsung kaliyan Pak Madi ing dalemipun Pak Madi.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
		boten sarujuk	Wonten ing kraton Sulbi nalika Daruwati gineman kaliyan Prabu Dipakusuma.	Dewi Daruwati: “Mboten Rama, kula kedah ndherek. Kula badhe ndherek!” (kapethik saking <i>data</i> kaca 107). 1. Krama lugu amargi tembungipun krama mboten, kedah, badhe saha kacampur tembung madya ndherek, sarta wonten tembung sesulih krama kula. 2. <i>Fungsi konatif</i> boten sarujuk katitik saking ukara “Mboten Rama.....” 3. Prakawis ingkang ndayani kawontenan boten resmi nalika Daruwati gineman langsung kaliyan Prabu Dipakusuma ing kraton Sulbi saha wos ginemaipun Dewi Daruwati kangge ngandharaken bilih piyambakipun badhe ndherek Darumaya.
		nyuwun pirsu	Wonten ing Mataram nalika Jangkung gineman kaliyan Sunan Kalijaga.	Jangkung: “Nanging kados pundi caranipun? Lha wong badhe pinanggih Ratu mawon mboten saged, kok badhe nyuwita” (kapethik saking <i>data</i> kaca 65). 1. Krama lugu amargi tembungipun krama nanging, kados, pundi, caranipun, pinanggih, badhe, boten, saged saha kacampur ngoko lha, wong, kok, panambang krama (-ipun) ing tembung caranipun. 2. <i>Fungsi konatif</i> mundhut pirsu “Nanging kados pundi caranipun?.....”

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
				3. Prakawis ingkang ndayani kawontenan boten resmi nalika Jangkung gineman langsung kaliyan Sunan Kalijaga ing Mataram saha wos ginemanipun Jangkung kangge mundhut pirsacaranyipun kangge pinanggih Sultan Agung.
4.	Krama alus	a. <i>emotif</i> bingah	Nalika Jin gineman kaliyan Ari wonten pangimpenipun Ari ing lepen.	Jin: “Kula matur sanget nuwun, kula sampun panjenengan luwaraken saking botol menika” (kapethik saking <i>data</i> kaca 80). 1. Krama alus amargi tembungipun sadaya krama saha krama andhap luwaraken, tembung sesulih krama kula, panjenengan, sarta wonten panambang krama (-aken) ing tembung luwaraken. 2. <i>Fungsi emotif</i> bingah katitik saking ukara “Kula matur sanget nuwun,...” 3. Prakawis ingkang ndayani kawontenan boten resmi nalika Jin gineman langsung kaliyan Ari wonten ing pangimpenipun Ari.
		Gumun	Wonten ing Rum nalika Sultan Rum gineman kaliyan Jamal.	Sultan Rum: “Menapa leres samenika kula aben ajeng kaliyan panjenenganipun Sultan Agung saking tanah Jawi?” (kapethik saking <i>data</i> kaca 71). 1. Krama alus amargi sadaya tembungipun krama leres, aben ajeng, wonten tembung sesulih krama kula, panjenengan, sarta panambang krama (-ipun) ing tembung panjenenganipun.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
				2. <i>Fungsi emotif</i> gumun amargi wonten ing <i>data</i> kaca 71 sampun dipunandharaken bilih Sultan Rum menika gumun menawi sampun aben ajeng kaliyan Sultan Agung. 3. Prakawis ingkang ndayani kawontenan boten resmi nalika Sultan Rum gineman langsung kaliyan Jamal utawi Jangkung ing Rum saha wos ginemanipun Sultan Rum ngandharaken raos gumun menawi aben ajeng kaliyan Sultan Agung.
		Ajrih	Wonten pangimpenipun Ari ing wana lan tiyang ingkang negori jati sami mangsuli Ari.	Tiyang ingkang negori jati: “Inggih...inggih, kula mboten badhe negori jati malih” (kapethik saking <i>data</i> kaca 84). 1. Krama alus amargi sedaya tembungipun krama inggih, mboten, badhe, negori, malih lan tembung sesulih krama kula. 2. <i>Fungsi emotif</i> ajrih amargi wonten ing <i>data</i> kaca 84 sampun dipunakdharaken bilih tiyang menika sami ajrih dhateng Ari. 3. Prakawis ingkang ndayani kawontenan boten resmi nalika tiyang ingkang sami negori jati menika gineman langsung kaliyan Ari ing wana lan kadadosan menika wonten pangimpenipun Ari.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
		Kuciwa	Wonten ing padhepokan gunung prau nalika Begawan Samudana gineman kaliyan Begawan Dewakusuma.	Begawan Samudana (Prabu Dipakusuma): “Menawi mekaten Kakang Begawan,... tetiyang kanthi lelampahan menika kula piyambak,..pramila paedah menapa kula gesang...!” (kapethik saking <i>data</i> kaca 113). 1. Krama alus amargi sadaya tembungipun krama lelampahan, gesang, sarta wonten tembung sesulih krama kula. 2. <i>Fungsi emotif</i> kuciwa “.....pramila paedah menapa kula gesang...!” 3. Prakawis ingkang ndayani kawontenan boten resmi nalika Begawan Samudana gineman langsung kaliyan Begawan Dewakusuma ing padhepokan gunung prau saha wos ginemanipun Begawan Samudana ngandharaken bilih piyambakipun kuciwa amargi sampun nerak paugeraning bebrayan.
		bingung	Wonten ing Rum nalika Sultan Rum gineman kaliyan Jamal lan Jamil.	Sultan Rum: “Nyuwun pangapunten, sejatosipun panjenengan kekalih menika sinten?” (kapethik saking <i>data</i> kaca 72). 1. Krama alus amargi sadaya tembungipun krama nyuwun, pangapunten, sejatosipun, sinten, saha wonten tembung sesulih krama panjenengan, sarta panambang krama (-ipun) ing tembung sejatosipun. 2. <i>Fungsi emotif</i> bingung katitik saking ukara “....sejatosipun

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
				panjenengan kekalih menika sinten?” 3. Prakawis ingkang ndayani kawontenan boten resmi nalika Sultan Rum gineman langsung kaliyan Jamal saha Jamil ing Rum sarta wos ginemanipun kangge ngandharaken raos bingung dhateng Jamal lan Jamil.
		kaget	Wonten ing dalemipun Pak Madi lan gineman kaliyan Pak Agus.	Pak Madi Ketua RW: “Sampun kados pundi?” (kapethik saking <i>data</i> kaca 34). 1. Krama alus amargi sadaya tembungipun krama sampun, kados, pundi. 2. <i>Fungsi emotif</i> kaget “Sampun kados pundi?” lan wonten ing <i>data</i> kaca 34 sampun dipunandharaken bilih Pak Madi menika kaget. 3. Prakawis ingkang ndayani kawontenan resmi nalika sami wawanrembag saha Pak Madi gineman kaliyan Pak Agus ing dalemipun Pak Madi.
		b.referensial pawartos	Wonten ing dalemipun Pak Madi nalika Pak Madi gineman kaliyan para warga.	Pak Madi Ketua RW: “Bapak-Ibu, Alhamdulillah, Nak Karimin wilujeng Piyambakipun mboten nilar donya!” (kapethik saking <i>data</i> kaca 34). 1. Krama alus amargi sedaya tembungipun krama wilujeng, nilar, wonten panambang krama (-ipun) ing tembung piyambakipun. 2. <i>Fungsi referensial</i> pawartos “Bapak-Ibu, Alhamdulillah, Nak Karimin wilujeng Piyambakipun mboten nilar donya!”

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
				3. Prakawis ingkang ndayani kawontenan resmi nalika sami wawanrembag saha Pak Madi gineman langsung kaliyan para warga ing dalemipun Pak Madi bilih Karimin boten nilar ndonya.
		c. <i>puitik</i> pamanggih	Wonten ing pesantren Sunan Kudus balika Saridin gineman kaliyan Sunan Kudus.	Saridin: “Sejatosipun kula badhe pados tambahing pangertosan ilmu agami dhateng Bapa Sunan Kudus, nanging engga sapriki kula mboten dipunparingi” (kapethik saking <i>data</i> kaca 62). 1. Krama alus amargi sadaya tembungipun krama sejatosipun, badhe, pados, tambahing, pangertosan, agami, dhateng, nanging, sapriki, mboten, saha krama inggil dipunparingi, wonten tembung sesulih krama kula, lan wuwuhan krama (dipun-) ing tembung dipunparingi, sarta panambang krama (-ipun) ing tembung sejatosipun. 2. <i>Fungsi puitik</i> pamanggih katitik saking uakara “Sejatosipun kula badhe pados tambahing pangertosan ilmu agami dhateng Bapa Sunan Kudus...” 3. Prakawis ingkang ndayani kawontenan boten resmi amargi Saridin gineman langsung kaliyan Sunan Kudus ing pesantren Sunan Kudus nalika Saridin nawu paceran.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
		d. <i>fatik</i> uluk salam	Wonten ing kelas nalika Bu Rini gineman kaliyan para siswa.	Bu Rini: “Sugeng enjing” (kapethik saking <i>data</i> kaca 12). 1. Krama alus amargi sedaya tembungipun krama sugeng, enjing. 2. <i>Fungsi fatik</i> uluk salam “Sugeng enjing” 3. Prakawis ingkang ndayani kawontenan resmi nalika Bu Rini uluk salam kaliyan para murid ing kelas 5.
		e. <i>konatif</i> naweni	Wonten pangimpenipun Ari ing lepen nalika Jin gineman kaliyan Ari.	Jin: “Kula sampun nate prasetya, menawi kula saged luwar, kula badhe minangkani sadaya pepenginan lan panyuwunipun sinten kemawon ingkang mitulungi kula. Samenika panjenengan ingkang saged ngluwaraken kula, pramila mangga kula aturi ngendika panjenengan badhe ngersakaken menapa? Raja brana, utawi menapa kemawon, kula badhe mbudidaya nyembadani” (kapethik saking <i>data</i> kaca 80). 1. Krama alus amargi sedaya tembungipun krama saha krama inggil nyuwun, aturi, ngendika, ngersakaken, tembung sesulih krama kula, panjenengan, wonten panambang krama (-ipun) ing tembung panyuwunipun, (-aken) ing tembung ngersakaken. 2. <i>Fungsi konatif</i> naweni katitik saking ukara “.... pramila mangga kula aturi ngendika panjenengan badhe ngersakaken menapa? Raja brana, utawi menapa

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
				kemawon, kula badhe mbudidaya nyembadani”. 3. Prakawis ingkang ndayani kawontenan boten resmi ing pangimpenipun Ari nalika Jin gineman langsung kaliyan Ari ing lepen.
		panyuwunan	Wonten ing pekarangan nalika Markisa Kunthing gineman kaliyan Johar manis.	Markisa Kunthing: “Dhuh Gusti, mugi panjenengan paring usada dhumateng kula, mboten wonten daya kekiyatan kejawi saking Panjenengan. Panjenengan ingkang Maha Welas lan Maha Asih” (kapethik saking <i>data</i> kaca 102). 1. Krama alus amargi sadaya tembungipun krama saha krama inggil paring, kiyat, wonten tembung sesulih krama panjenengan, kula. 2. <i>Fungsi konatif</i> panyuwunan katitik saking ukara “...mugi panjenengan paring usada dhumateng kula...” 3. Prakawis ingkang ndayani kawontenan boten resmi nalika Markisa Kunthing gineman saha nyenyuwun dhumateng Gusti ing pekarangan sarta wos ginemanipun inggih menika nyuwun kekiyatan dhateng Gusti.
		nyarujuki	Wonten ing wana Palembang nalika Jangkung gineman kaliyan Sunan Palembang.	Jangkung: “Kula sagah ngupiyakaken nyuwun dhumateng Allah ingkang Maha Agung supados pageblug menika enggal kabengkas jalaran mboten wonten ingkang saged mungkasi musibah menika kejawi namung Allah ingkang Maha Agung” (kapethik saking <i>data</i> kaca 64).

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
				1. Krama alus amargi sadaya tembungipun krama saha krama inggil sagah, ngupiyakaken, saha wonten tembung sesulih krama kula, sarta panambang krama (-aken) ing tembung ngupiyakaken. 2. <i>Fungsi konatif</i> sarujuk katitik saking ukara “Kula sagahi.....” 3. Prakawis ingkang ndayani kawontenan boten resmi nalika Jangkung gineman langsung kaliyan Sunan Palembang ing wana Palembang.
		boten sarujuk	Wonten pangimpenipun Ari ing lepen nalika Jin gineman kaliyan Ari.	Jin: “Menawi menika ingkang panjenengan kersakaken, nyuwun pangapunten kula mboten saged minangkani, amargi menika namung wonten ing salebeting dongeng kemawon. Mangga kula aturi ngendika sanesipun menika” (kapethik saking <i>data</i> kaca 81). 1. Krama alus amargi tembungipun krama saha krama inggil kersa, aturi, ngendika, wonten tembung sesulih krama kula, panjenengan, sarta panambang krama (-aken) ing tembung kersakaken, (-ipun) ing tembung sanesipun. 2. <i>Fungsi konatif</i> mboten sarujuk katitik saking ukara “....nyuwun pangapunten kula mboten saged minangkani....”

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
				3. Prakawis ingkang ndayani kawontenan boten resmi wonten pangimpenipun Ari nalika Jin gineman langsung kaliyan Ari ing lepen.
		nyuwun pirsu	Wonten ing dalemipun Galang nalika Galang gineman kaliyan Pak Kadhus.	Galang: “Pak Kadhus, menapa tanemanipun bonsai inggih dipunbekta sedaya?” (kapethik saking <i>data</i> kaca 42). 1. Krama alus amargi sadaya tembungipun krama saha krama andhap bekta, saha wuwuhan krama (dipun-) ing tembung dipunbekta, sarta panambang krama (-ipun) ing tembung tanemanipun. 2. <i>Fungsi konatif</i> pamundhut pirsu “Pak Kadhus, menapa tanemanipun bonsai inggih dipunbekta sedaya?” 3. Prakawis ingkang ndayani kawontenan boten resmi nalika Galang gineman kaliyan Pak Kadhus ing dalemipun Galang lan was ginemanipun Galang kangge nyuwun pirsu cacahipun wit serut ingkang kedah dipunbekta dhateng Jepang.
		ndhawuhi	Wonten ing Rum nalika Jamal (Jangkung) gineman kaliyan Jamil (Sultan Agung).	Jamal (Jangkung): “Samenika kanjeng Sultan gantos ageman kasultanan” (kapethik saking <i>data</i> kaca 71). 1. Krama alus amargi sadaya tembungipun krama samenika, gantos, ageman. 2. <i>Fungsi konatif</i> ndhawuhi “Samenika kanjeng Sultan gantos ageman kasultanan”

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
				3. Prakawis ingkang ndayani kawontenan boten resmi nalika Jamal gineman langsung kaliyan Jamil utawi Sultan Agung saha wos gunemanipun Jamal matur dhateng Jamil supados enggal gantos ageman.

Adhedhasar *tabel* wonten ing inggil, saged dipunpendhet dudutanipun bilih jinising undha-usuk basa Jawi ingkang dipunginakaken para paraga wonten ing Panggugah saged kagolong dados sakawan. Sakawan jinis undha-usuk wonten ing Panggugah inggih menika ngoko lugu, ngoko alus, krama lugu saha krama alus.

Sasanesipun jinis undha-usuk basa Jawi, ugi kapanggihaken gangsal *fungsi* basa. *Fungsi* basa ingkang wonten ing Panggugah inggih menika *fungsi emotif*, *fungsi referensial*, *fungsi puitik*, *fungsi fatik*, sarta *fungsi konatif*. *Fungsi emotif* dipunginakaken ing Panggugah ingkang ancasipun kangge ngandharaken raos bingah, gumun, sedhih, ajrih, kuciwa, jengkel, bingung, saha kaget. *Fungsi referensial* dipunginakaken kangge ngandharaken pawartos. *Fungsi puitik* kangge ngandharaken pamanggih nyata saha khayalan. *Fungsi fatik* dipunginakaken ing Panggugah kangge paring uluk salam dhateng paraga sanesipun. Salajengipun ingkang pungkasan *fungsi konatif* kangge naweni, panyuwunan, nyarujuki, boten sarujuk, pamrayogi, nyuwun pirsu, saha ndhawuhi. Sarta wonten prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi menika *setting and scene* (papan lan kawontenan) kaliyan *participants* (peserta tutur).

B. Pirembaganipun

Wonten ing perangan pirembagan anggenipun ngrembag kawiwitan saking jinis undha-usuk basa Jawi dipunlajengaken *fungsi* basa, sarta prakawis ing ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi ing Panggugah. Adhedhasar *data* ingkang dipunasilaken, boten sadaya kaandharaken saha dipunrembag wonten ing bab pirembagan panaliten menika. *Data-data* ingkang dipunrembag inggih menika namung dados tuladha saking *data-data* sanes ingkang sami jinisipun. *Data* ingkang sanes menika dipunlampiraken wonten ing lampiran kanthi jangkep menapa wontenipun.

Jinis undha-usuk basa Jawi ingkang kapanggihaken ing Panggugah menika wonten sakawan inggih menika ngoko lugu, ngoko alus, krama lugu, saha krama alus. Wonten ing ngandhap menika kaandharaken jinis undha-usuk ngoko lugu ingkang kapanggihaken ing Panggugah.

1. Ngoko Lugu

Adhedhasar saking asiling panaliten menika dipunpanggihi panganggenipun undha-usuk ngoko lugu wonten ing Panggugah awujud pacelathonipun para paraga. Undha-usuk ngoko lugu minangka salah satunggaling jinis undha-usuk basa Jawi ingkang sadaya tembungipun awujud tembung ngoko, tembung wancah ngoko, tembung sesulih ngoko, mekaten ugi wuwuhan saha panambangipun.

Undha-usuk ngoko lugu ingkang kapanggihaken menawi dipuntingali saking *fungsi* basa, kaperang dados gangsa jinis *fungsi* basa. Maneka warni *fungsi*

basa ingkang kapanggihaken inggih menika *fungsi emotif*, *fungsi referensial*, *fungsi puitik*, *fungsi fatik*, lan *fungsi konatif*. Wonten ing ngandhap menika kaandharaken jinis undha-usuk ngoko lugu *fungsi emotif*.

a. Ngoko lugu *fungsi emotif*

Ngoko lugu *fungsi emotif* inggih menika ukara ingkang sadaya tembungipun awujud tembung ngoko saha wos ukaranipun ngandharaken raos pangraos. Wonten ing Panggugah kapanggihaken jinis undha-usuk ngoko lugu kanthi *fungsi emotif* ingkang maneka warni. *Fungsi emotif* ingkang kapanggihaken inggih menika *emotif* bingah, gumun, jengkel, bingung, saha kaget. Wonten ing ngandhap menika kaandharaken jinis undha-usuk ngoko lugu *fungsi emotif* bingah.

1). Ngoko lugu *fungsi emotif* bingah

Panganggening undha-usuk ngoko lugu *fungsi emotif* bingah ingkang kapanggihaken wonten ing Panggugah kadadosan boten resmi wonten pangimpenipun Ari nalika Ari gineman piyambak. *Data* pacelathonipun Ari kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

Konteks : Kawontenan boten resmi wonten pangimpenipun Ari ing langit lan Ari gineman piyambak kangge ngandharaken raos bingah amargi saged ningali endahing negaranipun saking inggil.

Ari : ***“Jebul asri banget negaraku yen disawang saka gegana, lan sebutan Zamrut Katulistiwa iku pancen nyata temenan”*** (kapethik saking *data* kaca 82).

Pethikan pacelathon ing inggil menika minangka ginemanipun Ari ngginakaken undha-usuk ngoko lugu. Ari ngginakaken undha-usuk ngoko lugu amargi piyambakipun gineman piyambak. Ginemanipun Ari ngginakaken tembung ngoko lugu sedaya. Tembung-tembung ngoko lugu menika katitik saking tembung jebul, banget, yen, disawang, saka, lan, sebutan, iku, pancen, nyata, temenan sarta wonten tembung sesulih ngoko (-ku) ing tembung negaraku.

Pacelathon wonten ing nginggil menika kalebet *fungsi* basa *emotif* bingah. Ginemanipun Ari ngewrat *fungsi* basa *emotif* bingah amargi wonten ing *data* kaca 82 sampun dipunandharaken bilih Ari tansah bingah saha bombong.

Prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi inggih menika kadadosan boten resmi. Nalika Ari gineman piyambak wonten pangimpenipun Ari ing langit. Salajengipun kaandharaken pethikan *data* pacelathon kanthi undha-usuk ngoko lugu *fungsi* *emotif* gumun.

2). Ngoko lugu *fungsi* *emotif* gumun

Panganggening undha-usuk ngoko lugu *fungsi* *emotif* gumun ingkang kapanggihaken wonten ing Panggugah kadadosan boten resmi wonten ing pelataran dalemipun Galang saha gineman langsung antawisipun Pakdhe Sastra kaliyan Galang. *Data* pacelathonipun Pakdhe Sastra saha Galang kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

Konteks : Kawontenan boten resmi wonten ing pelataran dalemipun Galang lan Pakdhe Sastra gineman kanthi raos gumun wonten ing pundi anggenipun Galang mbedhol wit menika.

Pakdhe Sastra : *“Lha biyen anggonmu mbedhol ngendi gedhene semene iki?”*

Galang : *“Saking pekarangan wingking nika, cedhak lepen”*
(kapethik saking *data* kaca 36).

Pethikan pacelathon ing nginggil menika minangka ginemanipun Pakdhe Sastra kaliyan Galang ngginakaken undha-usuk ngoko lugu. Pakdhe Sastra ngginakaken undha-usuk ngoko lugu amargi piyambakipun langkung sepuh saha minangka Pakdhenipun Galang. Ginemanipun Pakdhe Sastra ngginakaken tembung ngoko lugu sedaya. Tembung-tembung ngoko lugu menika katitik saking tembung biyen, anggonmu, mbedhol, ngendi, gedhe, semene, iki saha wonten tembung sesulih ngoko (-mu) ing tembung anggonmu sarta panambang ngoko (-ne) ing tembung gedhene.

Ginemanipun Pakdhe Sastra ngewrat *fungsi* basa *emotif* gumun amargi Pakdhe Sastra menika ngraos gumun dhateng Galang wonten ing pundi anggenipun mbedhol wit ingkang ageng menika. Titikanipun Pakdhe Sastra ngraos gumun inggih menika saking ukara *“.....mbedhol ngendi gedhene semene iki?”*

Prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi inggih menika kadadosan boten resmi. Nalika Pakdhe Sastra gineman langsung kaliyan Galang ing pelataran dalemipun Galang lan ancas ginemanipun Pakdhe Sastra ngandharaken raos gumun dhateng Galang amargi sampun mbedhol wit ingkang ageng. Salajengipun kaandharaken pethikan *data* pacelathon kanthi undha-usuk ngoko lugu *fungsi* *emotif* gumun ingkang paraganipun gineman piyambak.

Panganggening undha-usuk ngoko lugu *fungsi emotif* gumun ingkang kapanggihaken wonten ing Panggugah kadadosan boten resmi wonten ing pangimpenipun Ari nalika gineman piyambak. *Data* pacelathonipun Ari kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

Konteks : Kawontenan boten resmi wonten pangimpenipun Ari ing lepen nalika Ari gineman piyambak kanthi raos gumun amargi panyuwunanipun saged kalaksanan.

Ari : “*Apa iki ngimpi?*” (kapethik saking *data* kaca 81).

Pethikan pacelathon ing inggil menika minangka ginemanipun Ari ngginakaken undha-usuk ngoko lugu. Ari ngginakaken undha-usuk ngoko lugu amargi Ari gineman piyambak. Ginemanipun Ari ngginakaken tembung ngoko lugu sedaya. Tembung-tembung ngoko lugu menika katitik saking tembung apa, iki, ngimpi.

Ginemanipun Ari ngewrat *fungsi* basa *emotif* gumun amargi Ari menika taksih dereng pitados menawi piyambakipun gadhah jaran kristal. Titikanipun Ari ingkang ngraos gumun inggih menika saking ukara “*Apa iki ngimpi?*”

Prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi inggih menika kadadosan boten resmi. Nalika Ari gineman piyambak wonten pangimpenipun Ari ing pingir lepen. Salajengipun kaandharaken pethikan *data* pacelathon kanthi undha-usuk ngoko lugu *fungsi emotif* jengkel.

2). Ngoko lugu *fungsi emotif* jengkel

Panganggening undha-usuk ngoko lugu *fungsi emotif* jengkel ingkang kapanggihaken wonten ing Panggugah. Kadadosan boten resmi wonten ing

pinggir lepen saha gineman langsung antawisipun lare kaliyan Karimin ingkang kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

Konteks : Kawontenan boten resmi wonten ing pinggir lepen lan lare sami gineman kaliyan Karimin kanthi raos jengkel dhateng Karimin.

Karimin : “*Cepet!*”

Lare alit : “*Teka kerī nesu, sakarepku ta!*”

Lare alit : “*Ngawur!*” (kapethik saking *data* kaca 23).

Pethikan pancelathon ing nginggil menika minangka ginemanipun lare alit kaliyan Karimin ngginakaken undha-usuk ngoko lugu. Lare alit ngginakaken undha-usuk ngoko lugu amargi lare alit menika tansah jengkel kaliyan Karimin lan boten ngormati Karimin. Ginemanipun lare alit ngginakaken tembung ngoko lugu sedaya. Tembung-tembung ngoko lugu menika katitik saking tembung teka, kerī, nesu, karep, ta, sarta wonten tembung sesulih ngoko (-ku) ing tembung sakarepku.

Ginemanipun lare alit ngewrat *fungsi* basa *emotif* jengkel amargi lare alit menika ngraos jengkel dhateng Karimin. Titikanipun lare alit ngraos jengkel inggih menika “*Teka kerī nesu, sakarepku ta!*”.

Prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi inggih menika kadadosan boten resmi amargi lare menika tansah jengkel. Nalika lare alit gineman langsung kaliyan Karimin wonten pinggir lepen. Salajengipun wonten ing andhap menika kaandharaken panganggening undha-usuk ngoko lugu *fungsi* *emotif* bingung.

3). Ngoko lugu *fungsi emotif* bingung

Panganggening undha-usuk ngoko lugu *fungsi emotif* bingung ingkang kapanggihaken wonten ing Panggugah. Kadadosan boten resmi wonten ing pekarangan lan gineman langsung antawisipun Markisa kunthing kaliyan Johar manis ingkang kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

Konteks	: Kawontenan boten resmi wonten ing pekarangan nalika Markisa Kunthing mangsuli kanthi raos bingung menapa ingkang dipunkarepaken Johar Manis.
Johar Manis	: “ <i>Dhasar kowe markisa kunthing, uripmu kuwi tanpa guna, tur tansah nyilakani wong liya!</i> ”
Markisa Kunthing	: “ <i>Aku ora mudheng karo karepmu johar manis, apa kang kok karepake nyilakani wong liya?</i> ” (kapethik saking data kaca 98-99).

Pethikan pacelathon ing inggil menika minangka ginemanipun Markisa kunthing kaliyan Johar manis ngginakaken undha-usuk ngoko lugu. Markisa kunthing ngginakaken undha-usuk ngoko lugu amargi Markisa kunthing saha Johar manis menika drajatipun sami. Ginemanipun Markisa kunthing ngginakaken tembung ngoko lugu sadaya. Tembung-tembung ngoko lugu menika katitik saking tembung mudheng, karep, apa, nyilakani, wong, liya, tembung sesulih ngoko (-mu) ing tembung karepmu sarta tembung sesulih ngoko aku, panambang ngoko (-ake) ing tembung karepake.

Ginemanipun Markisa kunthing ngewrat *fungsi basa emotif* bingung amargi Markisa kunthing menika ngraos bingung dhateng Johar manis. Titikanipun Markisa kunthing ngraos bingung inggih menika “*Aku ora mudheng karo karepmu johar manis.....*”.

Prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi inggih menika kadadosan boten resmi amargi wos ginemanipun Markisa kunthing ngandharaken raos bingung dhateng Johar manis. Nalika Markisa kunthing gineman langsung kaliyan Johar manis wonten ing pekarangan. Salajengipun wonten ing ngandhap menika kaandharaken panganggening undha-usuk ngoko lugu *fungsi emotif* kaget.

4). Ngoko lugu *fungsi emotif* kaget

Panganggening undha-usuk ngoko lugu *fungsi emotif* kaget ingkang kapanggihaken wonten ing Panggugah. Kadadosan boten resmi wonten ing mergi lan gineman langsung antawisipun Pak Agus kaliyan Karimin ingkang kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

Konteks	: Kawontenan boten resmi wonten ing mergi lan Pak Agus gineman kaliyan Karimin kanthi raos kaget amargi Karimin dipundakwa maling.
Karimin	: “ <i>Kula...kula diarani maling!</i> ”
Pak Agus	: “ <i>Ha??? Kowe maling?</i> ”
Karimin	: “ <i>Mboten...kula didakwa nyolong</i> ” (kapethik saking data kaca 30).

Pethikan pacelathon ing inggil menika minangka ginemanipun Pak Agus kaliyan Karimin ngginakaken undha-usuk ngoko lugu. Pak Agus ngginakaken undha-usuk ngoko lugu amargi Pak Agus menika minangka gurunipun Karimin. Ginemanipun Pak Agus ngginakaken tembung ngoko lugu sadaya. Tembung-tembung ngoko lugu menika katitik saking tembung ha, maling, tembung sesulih ngoko kowe.

Pacelathon wonten ing nginggil menika kalebet *fungsi* basa *emotif* kaget. Ginemanipun Pak Agus ngewrat *fungsi* basa *emotif* kaget amargi Kariminn dipundakwa maling. Titikanipun Pak Agus ngraos kaget inggih menika “*Ha??? Kowe maling?*”.

Prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi inggih menika kadadosan boten resmi amargi Pak Agus gineman langsung kaliyan Karimin nalika kepanggih ing mergi saha wos ginemanipun Pak Agus ngandharaken raos kaget amargi Karimin dipunpitnah maling. Salajengipun kaandharaken undha-usuk ngoko lugu *fungsi referensial*.

b. Ngoko lugu *fungsi referensial*

Ngoko lugu *fungsi referensial* inggih menika ukara ingkang sadaya tembungipun awujud tembung ngoko saha wos ukaranipun ngandharaken pawartos. Wonten ing ngandhap menika kaandharaken ngoko lugu *fungsi referensial* pawartos.

1). Ngoko lugu *fungsi referensial* pawartos

Panganggening undha-usuk ngoko lugu *fungsi referensial* pawartos ingkang kapanggihaken wonten ing Panggugah. Kadadosan boten resmi wonten ing dalemipun Galang saha gineman langsung antawisipun Pak Kadhus kaliyan Pak Jamin ingkang kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

Konteks : Kawontenan boten resmi wonten ing dalemipun Galang nalika Pak Kadhus gineman kangge ngandharaken pawartos bilih biyanipun sampun saking panitiya.

Pak Jamin : “*Nanging ragadipun kados pundi, Pak Kadhus?*”

Pak Kadhus : “*Ragad bab pesawat terbang, ongkos nginep hotel, mangan lan sangune wis ditanggung panitya*” (kapethik saking data kaca 41).

Pethikan pacelathon ing nginggil menika minangka ginemanipun Pak Kadhus kaliyan Pak Jamin ngginakaken undha-usuk ngoko lugu. Pak Kadhus ngginakaken undha-usuk ngoko lugu amargi Pak Kadhus menika minangka kadhus ing dhusun menika. Ginemanipun Pak Kadhus ngginakaken tembung ngoko lugu sadaya. Tembung-tembung ngoko lugu menika katitik saking tembung ragad, nginep, mangan, sangune, ditanggung, wonten tembung wancah ngoko wis, wuwuhan ngoko (di-) ing tembung ditanggung, panambang ngoko (-ne) ing tembung sangune.

Ginemanipun Pak Kadhus ngewrat *fungsi* basa *referensial* pawartos amargi Pak Kadhus ngandharaken bilih sadaya biaya sampun dipuntanggung kaliyan panitya. Titikanipun Pak Kadhus ngandharaken pawartos inggih menika “*Ragad bab pesawat terbang, ongkos nginep hotel, mangan lan sangune wis ditanggung panitya*”.

Prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi inggih menika kadadosan boten resmi. Pak Kadhus gineman langsung kaliyan Pak Jamin wonten ing dalemipun Galang nalika merdhayoh saha wos ginemanipun Pak Kadhus ngandharaken babagan biaya wonten ing Jepang menika sampun saking panitya. Salajengipun kaandharaken panganggening undha-usuk ngoko lugu *fungsi* puitik.

c. Ngoko lugu *fungsi puitik*

Ngoko lugu *fungsi puitik* inggih menika ukara ingkang sadaya tembungipun awujud tembung ngoko saha wos ukaranipun ngandharaken pamanggih nyata. Wonten ing ngandhap menika kaandharaken ngoko lugu *fungsi puitik* pamanggih.

1). Ngoko lugu *fungsi puitik* pamanggih

Panganggening undha-usuk ngoko lugu *fungsi puitik* pamanggih ingkang kapanggihaken wonten ing Panggugah. Kadadosan boten resmi wonten ing dalemipun Utama saha gineman langsung antawisipun Utama kaliyan Budi ingkang kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

Konteks : Kawontenan boten resmi wonten ing dalemipun Utama nalika gineman kangge ngandharaken pamanggihipun bilih kedah blaka dhateng tiyang sepuhipun.

Utama : **“*Karo wong tuwa kudu sing blaka*”**

Budi : “*Ngene...wong iki dudu barang kang ala, karepku rencana iku mung aku karo kowe sing ngerti. Aku kuwatir yen kebadharan*” (kapethik saking data kaca 51).

Pethikan pacelathon ing inggil menika minangka ginemanipun Utama kaliyan Budi ngginakaken undha-usuk ngoko lugu. Utama ngginakaken undha-usuk ngoko lugu amargi Utama saha Budi minangka kanca raket. Ginemanipun Utama ngginakaken tembung ngoko lugu sadaya. Tembung-tembung ngoko lugu menika katitik saking tembung karo, wong tuwa, kudu, sing, blaka.

Ginemanipun Utama ngewrat *fungsi basa puitik* pamanggih amargi Utama ngandharaken bilih kaliyan tiyang sepuh kedahipun matur sadaya

kadadosan. Titikanipun Utama ngandharaken pamanggih inggih menika “*Karo wong tuwa kudu sing blaka*”.

Prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi inggih menika kadadosan boten resmi amargi wos ginemanipun Utama ngandharaken bilih menawi kaliyan tiyang sepuh kedah blaka. Nalika Utama gineman langsung kaliyan Budi wonten ing dalemipun Utama. Salajengipun kaandharaken panganggening undha-usuk ngoko lugu *fungsi fatik*.

d. Ngoko lugu *fungsi fatik*

Ngoko lugu *fungsi fatik* inggih menika ukara ingkang sadaya tembungipun awujud tembung ngoko saha wos ukaranipun ngandharaken uluk salam dhateng paraga sanesipun. Wonten ing ngandhap menika kaandharaken ngoko lugu *fungsi fatik* uluk salam.

1). Ngoko lugu *fungsi fatik* uluk salam

Panganggening undha-usuk ngoko lugu *fungsi fatik* uluk salam ingkang kapanggihaken ing Panggugah. Kadadosan boten resmi wonten ing pelataran dalemipun Ari lan gineman langsung antawisipun Hari, Asti, Arya kaliyan Ari ingkang kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

Konteks	: Kawontenan boten resmi wonten ing pelataran dalemipun Ari nalika Hari, Asti, Arya sami paring uluk salam badhe ngajak Ari pados watu.
Hari, Asti, lan Arya	: “ <i>Ari, ayo mangkat!</i> ”
Ari	: “ <i>Ya, entenana dhisik!</i> ” (kapethik saking data kaca 78).

Pethikan pacelathon ing inggil menika minangka ginemanipun Hari, Asti, Arya kaliyan Ari ngginakaken undha-usuk ngoko lugu. Hari, Asti, saha Arya ngginakaken undha-usuk ngoko lugu amargi Hari, Asti, Arya saha Ari menika minangka kanca raket. Tembung-tembung ngoko lugu menika katitik saking tembung ayo, mangkat.

Pacelathon wonten ing inggil menika ugi gadhah *fungsi* basa inggih menika *fungsi* basa *fatik* uluk salam. Ginemanipun Hari, Asti, saha Arya nedahaken *fungsi fatik* uluk salam dhateng Ari katitik saking ukaranipun Hari, Asti, saha Arya “*Ari, ayo mangkat!*”

Prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi inggih menika nalika Hari, Asti, saha Arya gineman langsung kaliyan Ari wonten ing pelataran dalemipun Ari. Kadadosan boten resmi amargi ginemanipun Hari, Asti, saha Arya sami ngampiri Ari kangge pados watu ing lepen. Salajengipun kaandharaken panganggening undha-usuk ngoko lugu *fungsi konatif*.

e. Ngoko lugu *fungsi konatif*

Ngoko lugu *fungsi konatif* inggih menika ukara ingkang sadaya tembungipun awujud tembung ngoko saha wos ukaranipun kangge nyarujuki, boten sarujuk, paring pamrayogi, mundhut pirsu, saha paring dhawuh dhateng mitra tutur. Wonten ing ngandhap menika kaandharaken panganggening undha-usuk ngoko lugu *fungsi konatif* nyarujuki.

1). Ngoko lugu *fungsi konatif* nyarujuki

Panganggening undha-usuk ngoko lugu *fungsi konatif* nyarujuki ingkang kapanggihaken ing Panggugah. Kadadosan boten resmi wonten ing sekolahan saha gineman langsung antawisipun Ari kaliyan Asti ingkang kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

Konteks : Kawontenan boten resmi wonten ing sekolahan nalika Ari mangsuli menawi piyambakipun menika sarujuk badhe dipunampiri Asti.

Asti : “*Ari, mengko takampiri, ya? Mengko barengan padha golek watu ana pinggir kali cedhak omahmu!*”

Ari : “***Ya, mengko takenteni***” (kapethik saking data kaca 78).

Pethikan pacelathon ing inggil menika minangka ginemanipun Ari kaliyan Asti ngginakaken undha-usuk ngoko lugu. Ari ngginakaken undha-usuk ngoko lugu amargi Ari saha Asti minangka kanca raket. Tembung-tembung ngoko lugu menika katitik saking tembung ya, mengko, takenteni, tembung wancah ngoko ya, wuwuhan ngoko (tak-) ing tembung takenteni.

Pacelathon wonten ing inggil menika ugi gadhah *fungsi* basa inggih menika *fungsi* basa *konatif* nyarujuki. Ginemanipun Ari ngewrat *fungsi* basa *konatif* nyarujuki amargi Ari ngandharaken bilih piyambakipun sarujuk menawi badhe pados watu sareng-sareng. Titikanipun Ari nyarujuki Asti inggih menika “*Ya.....*”

Prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi inggih menika nalika Ari gineman langsung kaliyan Asti wonten ing sekolahan. Kadadosan boten resmi amargi wos ginemanipun Ari ngandharaken bilih

piyambakipun sarujuk pados watu sareng-sareng ing lepen. Wonten ing ngandhap menika kaandharaken panganggening undha-usuk ngoko lugu *fungsi konatif* boten sarujuk.

2). Ngoko lugu *fungsi konatif* boten sarujuk

Panganggening undha-usuk ngoko lugu *fungsi konatif* boten sarujuk ingkang kapanggihaken wonten ing Panggugah. Kadadosan boten resmi wonten ing Mataram saha gineman langsung antawisipun Jangkung kaliyan Pamirsa ingkang kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

Konteks	: Kawontenan boten resmi wonten ing Mataram nalika Jangkung mangsuli pamanggihipun pamirsa lan piyambakipun boten sarujuk bilih miturut pamirsa ingkang badhe menang menika macanipun.
Jangkung	: “ <i>Ki sanak! Aku taktakon karo kowe kabeh. Wedhus karo macan, yen tarung menang ngendi?</i> ”
Pamirsa	: “ <i>Menang macane</i> ”
Jangkung	: “ <i>Ora wae! Wedhus karo macan, yen tarung utawa diedu bisa menang wedhuse. Yen ora ngandel, ayo padha dibuktekake</i> ” (kapethik saking data kaca 66).

Pethikan pacelathon ing inggil menika minangka ginemanipun Jangkung kaliyan pamirsa ngginakaken undha-usuk ngoko lugu. Jangkung ngginakaken undha-usuk ngoko lugu amargi Jangkung saha pamirsa menika minangka warga ing Mataram. Tembung-tembung ngoko lugu menika katitik saking tembung ora, wae, karo, macan, yen, tarung, utawa, diedu, bisa, menang, ngandel, ayo, padha, dibuktekake, wuwuhan ngoko (di-) ing tembung diedu, dibuktekake, panambang ngoko (-e) saha (-ake) ing tembung wedhuse, dibuktekake.

Ginemanipun Jangkung ngewrat *fungsi* basa *konatif* boten sarujuk amargi Jangkung gadhah pamanggih bilih ingkang badhe menang inggih menika wedhusipun. Titikanipun Jangkung boten sarujuk inggih menika “*Ora wae! Wedhus karo macan, yen tarung utawa diedu bisa menang wedhuse.....*”

Prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi inggih menika Jangkung gineman langsung kaliyan pamirsa wonten ing Mataram. kadadosan boten resmi amargi nalika Jangkung ngawontenaken sulapan saha wos ginemanipun Jangkung ngandharaken bilih boten sarujuk kaliyan pamanggihipun pamirsa. Wonten ing ngandhap menika kaandharaken panganggening undha-usuk ngoko lugu *fungsi konatif* pamrayogi.

5). Ngoko lugu *fungsi konatif* pamrayogi

Panganggening undha-usuk ngoko lugu *fungsi konatif* pamrayogi ingkang kapanggihaken wonten ing Panggugah. Kadadosan boten resmi wonten ing dalemipun Utama saha gineman langsung antawisipun Utama kaliyan Budi ingkang kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

Konteks : Kawontenan boten resmi wonten ing dalemipun Utama nalika gineman kaliyan Budi kangge ngandharaken pamrayoginipun supados mendhet arta saking tabunganipun Budi kemawon.

Budi : “*Nanging dhuwite saka ngendi?*”

Utama : “*Tabunganmu isih pira, ya wis dijupuk wae*” (kapethik saking data kaca 51).

Pethikan pacelathon ing inggil menika minangka ginemanipun Utama kaliyan Budi ngginakaken undha-usuk ngoko lugu. Utama ngginakaken undha-

usuk ngoko lugu amargi Utama saha Budi menika minangka kanca raket. Tembung-tembung ngoko lugu menika katitik saking tembung isih, pira, dijupuk, wae, tembung wancah ngoko ya, wis, tembung sesulih ngoko (-mu) ing tembung tabunganmu, wuwuhan ngoko (di-) ing tembung diedu, dibuktekake, panambang ngoko (-e) saha (-ake) ing tembung dijupuk, dibuktekake.

Ginemanipun Utama ngewrat *fungsi* basa *konatif* pamrayogi amargi Utama paring pamrayogi dhateng Budi supados mendhet tabunganipun Budi kemawon. Titikanipun Utama paring pamrayogi dhateng Budi inggih menika “*Tabunganmu..... ya wis dijupuk wae*”

Prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi inggih menika kadadosan boten resmi amargi wos ginemanipun Utama ngandharaken supados Budi mendhet tabunganipun kangge pados tandha mata kagem Ibu Budi. Nalika Utama gineman langsung kaliyan Budi wonten dalemipun Utama. Salajengipun kaandharaken panganggening undha-usuk ngoko lugu *fungsi konatif* nyuwun pirsu.

6). Ngoko lugu *fungsi konatif* nyuwun pirsu

Panganggening undha-usuk ngoko lugu *fungsi konatif* nyuwun pirsu ingkang kapanggihaken wonten ing Panggugah. Kadadosan boten resmi wonten ing pesantren Sunan Kudus saha gineman langsung antawisipun Santri kaliyan Saridin ingkang kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

Konteks : Kawontenan boten resmi wonten ing pesantren Sunan Kudus nalika Santri gineman kaliyan Saridin lan nedahaken

bilih Santri menika nyuwun pirsa dhateng Saridin ingkang taksih nawu paceran.

Santri : *“Paceran kok ditawu, arep golek apa ta, kowe kuwi?”*

Saridin : *“Golek iwak”* (kapethik saking *data* kaca 61).

Pethikan pacelathon ing inggil menika minangka ginemanipun Santri kaliyan Saridin ngginakaken undha-usuk ngoko lugu. Santri ngginakaken undha-usuk ngoko lugu amargi Santri saha Saridin minangka santrinipun Sunan Kudus. Tembung-tembung ngoko lugu menika katitik saking tembung paceran, ditawu, arep, golek, apa, kuwi, tembung sesulih ngoko kowe, wuwuhan ngoko (di-) ing tembung ditawu.

Pacelathon wonten ing inggil menika ugi gadhah *fungsi* basa inggih menika *fungsi* basa *konatif* nyuwun pirsa. Ginemanipun Santri ngewrat *fungsi* basa *konatif* nyuwun pirsa katitik saking ukara *“Paceran kok ditawu, arep golek apa ta, kowe kuwi?”*

Prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi inggih menika kadadosan boten resmi amargi wos ginemanipun Santri menika kangge nyuwun pirsa dhateng Saridin ingkang taksih nawu paceran. Nalika Santri gineman langsung kaliyan Saridin wonten pesantren Sunan Kudus. Salajengipun kaandharaken panganggening undha-usuk ngoko lugu *fungsi konatif* ndhawuhi.

6). Ngoko lugu *fungsi konatif* ndhawuhi

Panganggening undha-usuk ngoko lugu *fungsi konatif* dhawuhi ingkang kapanggihaken wonten ing Panggugah. Kadadosan boten resmi wonten ing

pesawat lan gineman langsung antawisipun Pak George Philips kaliyan Galang ingkang kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

Konteks	: Kawontenan boten resmi wonten ing pesawat nalika Pak George Philip ndhawuhi Galang supados tansah bingah lan saged mameraken bonsainipun.
Pak George Philips	: <i>“Iya, Dhik. Kowe kudu seneng. Aja susah. Yen mengko neng negara Jepang susah, panitya njur melu susah. Wis, sing baku kowe bisa mamerke asilmu sing paling becik. Lan wit-witanmu bisa payu neng kana”</i>
Galang	: <i>“Menika mangke njujug pundi, Om?”</i> (kapethik saking data kaca 44).

Pethikan pacelathon ing inggil menika minangka ginemanipun Pak George Philips kaliyan Galang ngginakaken undha-usuk ngoko lugu. Pak George Philips ngginakaken undha-usuk ngoko lugu amargi Pak George Philips langkung sepuh tinimbang Galang. Tembung-tembung ngoko lugu menika katitik saking tembung iya, kudu, seneng, aja, susah, yen, mengko, neng, njur, melu, wis, sing, baku, bisa, mamerke, asilmu, paling, becik, payu, kana, tembung wancah ngoko njur, wis, tembung sesulih ngoko kowe, (-mu) ing tembung asilmu, wit-witanmu, panambang ngoko (-ke) ing tembung mamarke.

Ginemanipun Pak George Philips ngewrat *fungsi* basa *konatif* dhawuhi amargi Pak George Philips paring dhawuh ndhateng Galang supados ampun sedhih.. Titikanipun Pak George Philips ndhawuhi Galang inggih menika “.....
Kowe kudu seneng. Aja susah. Yen mengko neng negara Jepang susah, panitya njur melu susah. Wis, sing baku kowe bisa mamerke asilmu sing paling becik.
 ”

Prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi inggih menika kadadosan boten resmi. Nalika Pak George Philips gineman langsung kaliyan Galang wonten ing Pesawat. Wonten ing ngandhap menika kaandharaken undha-usuk ngoko alus.

2. Ngoko Alus

Adhedhasar saking asiling panaliten menika dipunpanggihi panganggenipun undha-usuk ngoko alus wonten ing Panggugah awujud pacelathonipun para paraga. Undha-usuk ngoko alus minangka salah satunggaling jinis undha-usuk basa Jawi ingkang tembungipun awujud tembung ngoko saha kacampur tembung madya utawi krama mekaten ugi ater-ater saha panambangipun.

Asiling panaliten menika ugi manggihaken *fungsi* panganggenipun undha-usuk ngoko alus wonten ing Panggugah. *Fungsi basa* ingkang kapanggihaken inggih menika *fungsi emotif, referensial, puitik, lan konatif*. Wonten ing ngandhap menika kaandharaken jinis undha usuk ngoko alus *fungsi emotif*.

a. Ngoko alus *fungsi emotif*

Ngoko alus *fungsi emotif* inggih menika ukara ingkang tembungipun awujud tembung ngoko kacampur tembung madya utawi krama saha wos ukaranipun ngandharaken raos pangraos. Wonten ing Panggugah kapanggihaken jinis undha-usuk ngoko alus kanthi *fungsi emotif* ingkang maneka warni. *Fungsi emotif* ingkang kapanggihaken inggih menika *fungsi emotif* bingah, gumun,

sedhah, ajrih, saha kaget. Wonten ing ngandhap menika kaandharaken ngoko alus *fungsi emotif* bingah.

1). Ngoko alus *fungsi emotif* bingah

Panganggening undha-usuk ngoko alus *fungsi emotif* bingah ingkang kapanggihaken wonten ing Panggugah. Kadadosan boten resmi wonten dalemipun Mbok Arja nalika Mbok Arja gineman kaliyan Isah. Ginemanipun Mbok Arja kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

Konteks	: Kawontenan boten resmi wonten dalemipun Mbok Arja nalika gineman kaliyan Isah lan ancasipun gineman menika kangge ngandharaken raos bingah.
Mbok Arja	: <i>“Wis, Nduk. Aku ngerti apa kang kok rasakake. Aku dhewe bungah, saka kasile mbakyumu. Saiki ayo padha nambah anggone muji sukur marang Gusti, marga paringane kang banget gedhe iki”</i> (kapethik saking data kaca 2).

Pethikan pacelathon ing inggil menika minangka ginemanipun Mbok Arja ngginakaken undha-usuk ngoko alus. Mbok Arja ngginakaken undha-usuk ngoko alus amargi Mbok Arja gineman kaliyan Isah minangka putranipun Mbok Arja. Tembung-tembung ngoko alus menika katitik saking tembung ngoko ngerti, apa, kang, rasakake, bungah, saka, kasile, mbakyumu, saiki, ayo, padha, nambah, anggone, marang, marga, banget, gedhe, ini, saha kacampur tembung madya paringane, wonten tembung wancah ngoko ing tembung wis, wonten tembung sesulih ngoko aku lan (-mu) ing tembung mbakyumu, sarta wonten wuwuhan ngoko (-e), (-ane), (-ake) ing tembung kasile, paringane, rasakake.

Pacelathon wonten ing inggil menika ugi gadhah *fungsi* basa inggil menika *fungsi* basa *emotif* bingah. Ginemanipun Mbok Arja ngewrat *fungsi* basa

emotif bingah katitik saking ukara “.....*Aku dhewe bungah, saka kasile mbakyumu.....*”

Prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi inggih menika kadadosan boten resmi amargi wos ginemanipun Mbok Arja menika kangge ngandharaken raos bingah dhateng putranipun inggih menika Siti lan ngajak Isah kangge muji sukur dhateng Gusti Allah. Nalika Mbok Arja gineman kaliyan Isah wonten ing dalemipun Mbok Arja. Salajengipun kaandharaken panganggening undha-usuk ngoko lugu *fungsi emotif* gumun.

2). Ngoko alus *fungsi emotif* gumun

Panganggening undha-usuk ngoko alus *fungsi emotif* gumun ingkang kapanggihaken wonten ing Panggugah. Kadadosan boten resmi wonten pelataran dalemipun Galang nalika Pakdhe Sastra gineman kaliyan Galang. Ginemanipun kekalih paraga kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

Konteks	: Kawontenan boten resmi wonten ing pelataran dalemipun Galang lan Pakdhe Sastra gineman kanthi raos gumun dhateng Galang ingkang saged geguyonan.
Pakdhe Sastra	: <i>“Kowe kok bisa geguyon, Lang? Pakdhe gumun karo kowe, dene bocah cilik kok wis pinter ngrengga taman kanthi nandur wit serut, sapa sing nuturi, sapa sing mulang?”</i>
Galang	: <i>“Nggih, nyinau Pakdhe, saking buku, saking seserepan, lan taken dhateng Pak Samudi bakul taman Kalibayem nika!”</i> (kapethik saking data kaca 35).

Pethikan pancelathon ing inggil menika minangka ginemanipun Pakdhe Sastra kaliyan Galang ngginakaken undha-usuk ngoko alus. Pakdhe Sastra ngginakaken undha-usuk ngoko alus amargi kangge ngurmati Galang. Tembung-

tembung ngoko alus menika katitik saking tembung ngoko kok, bisa, geguyon, karo, dene, bocah, cilik, wis, pinter, nandur, sapa, sing, mulang, lan kacampur tembung madya ing tembung nuturi, ngrengga sarta wonten tembung krama ing tembung kanthi. Wonten tembung wancah ngoko ing tembung wis saha wonten tembung sesulih ngoko kowe.

Ginemanipun Pakdhe Sastra ngewrat *fungsi* basa *emotif* gumun amargi Pakdhe Sastra menika ngraos gumun dhateng Galang ingkang saged geguyonan lan saged ngupakara wit serit. Titikanipun Pakdhe Sastra ngraos gumun inggih menika saking ukara “*Kowe kok bisa geguyon, Lang? Pakdhe gumun karo kowe, dene bocah cilik kok wis pinter ngrengga taman kanthi nandur wit serut.....*”

Prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi inggih menika kadadosan boten resmi amargi ginemanipun Pakdhe Sastra ngandharaken bilih piyambakipun gumun dhateng Galang ingkang saged ngupakara taneman serut. Nalika Pakdhe Sastra gineman langsung kaliyan Galang ing pelatran dalemipun Galang. Salajengipun kaandharaken pethikan *data* pacelathon kanthi undha-usuk ngoko alus *fungsi* *emotif* gumun ingkang paraganipun gineman piyambak.

Panganggening undha-usuk ngoko alus *fungsi* *emotif* gumun ingkang kapanggihaken wonten ing Panggugah. Kadadosan boten resmi wonten pangimpenipun Ari nalika Ari gineman piyambak. Ginemanipun Ari kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

Konteks : Kawontenan boten resmi wonten pangimpenipun Ari ing langit nalika Ari gineman piyambak kanthi raos gumun marang negaranipun ingkang endah.

Ari : ***“O, pancen agung karyane Gusti Allah iku!”*** (kapethik saking *data* kaca 85).

Pethikan pacelathon ing inggil menika minangka ginemanipun Ari ngginakaken undha-usuk ngoko alus. Ari ngginakaken undha-usuk ngoko alus amargi kangge ngandharaken pamujaning dhateng Gusti kanthi gineman piyambak. Ginemanipun Ari ngginakaken tembung ngoko alus katitik saking wontenipun tembung ngoko pancen, iku saha kacampur tembung krama agung, saha wonten panambang ngoko (-ne) ing tembung karyane.

Pacelathon wonten ing nginggil menika kalebet *fungsi* basa *emotif* gumun. Ginemanipun Ari ngewrat *fungsi* basa *emotif* gumun amargi Ari menika ngraos gumun dhateng karyanipun Gusti Allah. Titikanipun Ari ngraos gumun inggih menika saking ukara *“O, pancen agung.....”*

Prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi inggih menika kadadosan boten resmi amargi wonten pangimpenipun Ari saha Ari gineman piyambak. Salajengipun ing ngandhap menika kaandharaken panganggening undha-usuk ngoko alus *fungsi* *emotif* sedhah.

3). Ngoko alus *fungsi* *emotif* sedhah

Panganggening undha-usuk ngoko alus *fungsi* *emotif* sedhah ingkang kapanggihaken wonten ing Panggugah. Kadadosan resmi wonten dalemipun Pak Madi nalika Pak Marja gineman kaliyan para warga. Ginemanipun Pak Marja kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

- Konteks : Kawontenan resmi wonten ing dalemipun Pak Madi lan Pak Marja gineman kanthi raos sedhah lan trenyuh dhateng Karimin.
- Pak Marja : ***“Kula saguh nragadi nganti rampung SLTP!”***
- Pak Hardi : *“Kula sing nerusake nganti rampung SMU”* (kapethik saking data kaca 33).

Pethikan pacelathon ing inggil menika minangka ginemanipun Pak Marja ngginakaken undha-usuk ngoko alus. Pak Marja ngginakaken undha-usuk ngoko alus amargi kangge ngormati para warga. Ginemanipun Pak Marja ngginakaken tembung ngoko alus katitik saking wontenipun tembung ngoko saguh, nragadi, nganti, rampung saha wonten tembung sesulih krama kula.

Pacelathon wonten ing inggil menika kalebet *fungsi* basa *emotif* sedhah. Ginemanipun Pak Marja ngewrat *fungsi* basa *emotif* sedhah amargi wonten ing data antologi cerkak saha dongeng Panggugah kaca 33 sampun dipunandharaken bilih Pak Marja ndherek trenyuh. Titikanipun Ari ngraos sedhah inggih menika saking ukara *“Kula saguh nragadi nganti rampung SLTP!”*

Prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi inggih menika kadadosan resmi amargi wonten dalemipun Pak Madi ingkang taksih sami wawan-rembag babagan Karimin ingkang dipundakwa lan dipunpilara para warga nalika Pak Marja gineman kaliyan para warga. Salajengipun ing ngandhap menika kaandharaken panganggening undha-usuk ngoko alus *fungsi* *emotif* ajrih.

4). Ngoko alus *fungsi* *emotif* ajrih

Panganggening undha-usuk ngoko alus *fungsi* *emotif* ajrih ingkang kapanggihaken wonten ing Panggugah. Kadadosan boten resmi wonten dalemipun

Mbok Arja nalika Siti gineman piyambak. Ginemanipun Siti kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

Konteks : Kawontenan boten resmi wonten dalemipun Mbok Arja nalika Siti gineman wonten salebeting ati lan ngandharaken raos ajrih.

Siti : ***“Aja-aja Pak Hardi duka banjur nglapurake marang biyung”*** (kapethik saking *data* kaca 5).

Pethikan pacelathon ing nginggil menika minangka ginemanipun Siti ngginakaken undha-usuk ngoko alus. Siti ngginakaken undha-usuk ngoko alus amargi piyambakipun ajrih menawi Pak Hardiman duka. Ginemanipun Siti ngginakaken tembung ngoko alus katitik saking wontenipun tembung ngoko aja-aja, banjur, nglapurake, marang, saha wonten tembung krama ing tembung duka sarta wonten panambang ngoko (-ake) ing tembung nglapurake.

Pacelathon wonten ing inggil menika ugi gadhah *fungsi* basa inggih menika *fungsi* basa *emotif* ajrih. Ginemanipun Siti ngewrat *fungsi* basa *emotif* ajrih amargi Pak Hardiman merdhayoh sabibaripun Isah ngompol ing sekolahan. Titikanipun Siti ngraos ajrih inggih menika saking ukara ***“Aja-aja Pak Hardi duka banjur nglapurake marang biyung”***

Prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi inggih menika kadadosan boten resmi amargi wonten dalemipun Mbok Arja lan Siti gineman piyambak kangge ngandharaken raos ajrihipun. Salajengipun ing ngandhap menika kaandharaken panganggening undha-usuk ngoko alus *fungsi* *emotif* kaget.

5). Ngoko alus *fungsi emotif* kaget

Panganggening undha-usuk ngoko alus *fungsi emotif* kaget ingkang kapanggihaken wonten ing Panggugah. Kadadosan boten resmi wonten Parangtumaritis nalika Begawan Samudana gineman kaliyan Rara Singlon. Ginemanipun Begawan Samudana kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

Konteks	: Kawontenan boten resmi wonten ing Parangtumaritis nalika Begawan Samudana gineman kaliyan Rara Singlon lan ginemanipun ngandharaken raos kaget amargi Rara Singlon menika pranyata putrinipun Begawan Samudana.
Rara Singlon	: “ <i>Wonten menapa Bapa, ing semu Bapa kejot sanget?</i> ”
Begawan Samudana	: “ <i>I, I, iya. A.,a.,awit,..awit ora ngira babar pisan yen garwaku,...garwaku sawijining putra narendra agung binathara</i> ” (kapethik saking data kaca 111-112).

Pethikan pacelathon ing inggil menika minangka ginemanipun Begawan Samudana ngginakaken undha-usuk ngoko alus. Begawan Samudana ngginakaken undha-usuk ngoko alus amargi kangge ngormati Rara Singlon. Ginemanipun Begawan Samudana ngginakaken tembung ngoko alus katitik saking wontenipun tembung ngoko iya, ora, ngira, babar pisan, yen, saha kacampur tembung krama garwa, sawijining, putra, agung sarta wonten tembung sesulih ngoko (-ku) ing tembung garwaku.

Ginemanipun Begawan Samudana ngewrat *fungsi basa emotif* kaget amargi Begawan Samudana sampun mangertos bilih Rara Singlon menika sejatosipun minangka putraipun Begawan Samudana piyambak. Titikanipun Begawan Samudana ngraos kaget inggih menika saking ukara “*I, I, iya.*

A.,a.,awit,..awit ora ngira babar pisan yen garwaku,...garwaku sawijining putra narendra agung binathara”

Prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi inggih menika ginemanipun Begawan Samudana kaliyan Rara Singlon ing Parangtumaritis lan kadadosan boten resmi amargi wos ginemanipun Begawan Samudana ngandharaken bilih piyambakipun kaget dhateng garwanipun ingkang sejatosipun minangka putranipun Begawan Samudana. Salajengipun ing ngandhap menika kaandharaken panganggening undha-usuk ngoko alus *fungsi referensial*.

b. Ngoko alus *fungsi referensial*

Ngoko alus *fungsi referensial* inggih menika ukara ingkang sadaya tembungipun awujud tembung ngoko saha kacampur tembung madya utawi krama, sarta wos ukaranipun ngandharaken pawartos. Wonten ing ngandhap menika kaandharaken ngoko lugu *fungsi referensial* pawartos.

1). Ngoko alus *fungsi referensial* pawartos

Panganggening undha-usuk ngoko alus *fungsi referensial* pawartos ingkang kapanggihaken wonten ing Panggugah. Kadadosan boten resmi wonten ing dalemipun Mbok Arja lan gineman langsung antawisipun Mbok Arja kaliyan Siti ingkang kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

Konteks : Kawontenan boten resmi wonten dalemipun Mbok Arja nalika gineman kaliyan Siti minangka putranipun Mbok Arja ancasipun gineman kangge ngandharaken pawartos babagan kulawarganipun Pak Hardiman ingkang badhe tindak Jakarta.

Mbok Arja : “*Lho, kok sajak bungah!*”

Siti : *“Wonten kersa menapa, Yung? Kok Pak Hardi kersa rawuh?”*

Mbok Arja : *“Ngene ya, Ndhuk. Pak Hardi ngendika akeh banget. Salah sijine bab kulawargane. Sesuk kurang luwih seminggu maneh sakulawarga bakal tindak Jakarta, ngayahi tugas anyar. Kamangka putrane isih cilik-cilik. Dadine mesthi wae repot banget. Sateruse....”* (kapethik saking data kaca 6).

Pethikan pacelathon ing nginggil menika minangka ginemanipun Mbok Arja ngginakaken undha-usuk ngoko alus. Mbok Arja ngginakaken undha-usuk ngoko alus amargi kangge nyariyosaken Pak Hardiman ingkang badhe tindak dhateng Jakarta. Ginemanipun Mbok Arja ngginakaken tembung ngoko alus katitik saking wontenipun tembung ngoko ngene, ya, akeh, banget, salah sijine, sesuk, kurang, luwih, seminggu, maneh, bakal, ngayahi, anyar, kamangka, isih, cilik, dadine, mesthi, wae, banget, sateruse, lan kacampur tembung krama ing tembung ngendika, kulawarga, putra. Wonten tembung wancah ngoko ing tembung ya, wonten panambang ngoko (-ne) saha (-e) ing tembung sijine, kulawargane, putrane, dadine, sateruse.

Ginemanipun Mbok Arja ngewrat *fungsi* basa *referensial* pawartos amargi Mbok Arja ngandharaken satunggal pawartos babagan Pak Hardiman ingkang badhe tindak Jakarta. Titikanipun Mbok Arja ngandharaken pawartos inggih menika saking ukara *“Ngene ya, Ndhuk. Pak Hardi ngendika akeh banget. Salah sijine bab kulawargane. Sesuk kurang luwih seminggu maneh sakulawarga bakal tindak Jakarta, ngayahi tugas anyar. Kamangka putrane isih cilik-cilik. Dadine mesthi wae repot banget. Sateruse....”*

Prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi inggih menika ginemanipun Mbok Arja kaliyan Siti ing dalemipun Mbok Arja lan kadadosan boten resmi amargi kekalih paraga sami gineman sabibaripun kedhayohan Pak Hardiman. Salajengipun ing ngandhap menika kaandharaken panganggening undha-usuk ngoko alus *fungsi puitik*.

c. Ngoko alus *fungsi puitik*

Ngoko alus *fungsi puitik* inggih menika ukara ingkang sadaya tembungipun awujud tembung ngoko saha kacampur tembung madya utawi krama sarta wos ukaranipun ngandharaken pamanggih nyata. Wonten ing ngandhap menika kaandharaken ngoko lugu *fungsi puitik* pamanggih.

1). Ngoko lugu *fungsi puitik* pamanggih

Panganggening undha-usuk ngoko alus *fungsi puitik* pamanggih ingkang kapanggihaken wonten ing Panggugah. Kadadosan boten resmi wonten ing pesantrenipun Sunan Kudus saha gineman langsung antawisipun Sunan Kudus kaliyan Saridin ingkang kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

Konteks	: Kawontenan boten resmi wonten ing pesantren Sunan Kudus nalika mangsuli pamanggihipun Saridin lan Sunan Kudus ugi ngandharaken pamanggihipun menawi ngelmunipun Saridin menika sampun kathah dados boten prelu dipuntambah malih.
Saridin	: <i>“Sejatosipun kula badhe pados tambahing pangertosan ilmu agami dhateng Bapa Sunan Kudus, nanging engga sapriki kula mboten dipunparingi”</i>
Sunan Kudus	: <i>“Aku ora paring ilmu marang kowe jalaran kowe wis cukup, dadi ora prelu nyantri ana ing Kudus kene, lan goleka guru menyang papan liya!”</i> (kapethik saking data kaca 61-62).

Pethikan pacelathon ing nginggil menika minangka ginemanipun Sunan Kudus ngginakaken undha-usuk ngoko alus. Sunan Kudus ngginakaken undha-usuk ngoko alus amargi kangge paring raos kurmat dhateng santrinipun. Ginemanipun Sunan Kudus ngginakaken tembung ngoko alus katitik saking wontenipun tembung ngoko ora, marang, jalaran, wis, cukup, dadi, ana, kene, goleka, liya, saha kacampur tembung madya ing tembung menyang, sarta wonten tembung krama ing tembung paring, prelu. Wonten tembung wancah ngoko ing tembung wis, tembung sesulih ngoko aku saha kowe.

Ginemanipun Sunan Kudus ngewrat *fungsi* basa *puitik* pamanggih amargi Sunan Kudus ngandharaken pamanggihipun bilih Saridin menika ngelmunipun sampun cekap saha boten kedah dipuntambah malih. Titikanipun Sunan Kudus ngandharaken pamanggih inggih menika saking ukara “*Aku ora paring ilmu marang kowe jalaran kowe wis cukup, dadi ora prelu nyantri ana ing Kudus kene, lan goleka guru menyang papan liya!*”

Prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi inggih menika ginemanipun Sunan Kudus kaliyan Saridin ing pesantrenipun Sunan Kudus saha kadadosan boten resmi amargi kadadosan menika nalika Saridin taksih nawu paceran. Salajengipun ing ngandhap menika kaandharaken panganggening undha-usuk ngoko alus *fungsi puitik* khayalan.

2). Ngoko alus *fungsi puitik* khayalan

Panganggening undha-usuk ngoko alus *fungsi puitik* khayalan ingkang kapanggihaken wonten ing Panggugah. Kadadosan boten resmi wonten ing

dalemipun Ari saha gineman langsung antawisipun Simbah Kakung kaliyan Ari ingkang kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

- Konteks : Kawontenan boten resmi wonten ing dalemipun Ari nalika Simbah nyariyosaken dongeng kangge Ari.
- Simbah Kakung : ***“Kejaba pinter, Sang Raja uga sekti mandra guna lan wicaksana, seneng tetulung marang sapadha-padha, lan dadi kekasihe para dewa. Sang Raja kagungan reca jaran saka kaca (kristal), gedhene sak jaran tenan, sing ngendikane peparinge dewa. Dene istimewaane reca Jaran Kristal mau, yen dikersakake Sang Raja bisa dadi urip sanajan wujud isih saka kristal. Eloke maneh, Jaran Kristal mau bisa mlayu banter ngungkuli bantering angin lan bisa mabur ngambah jumantara”*** (kapethik saking data kaca 77).

Pethikan pacelathon ing nginggil menika minangka ginemanipun Simbah Kakung ngginakaken undha-usuk ngoko alus. Simbah Kakung ngginakaken undh- usuk ngoko alus amargi kangge nyariyosaken Sang Raja ing satunggaling dongeng. Ginemanipun Simbah Kakung ngginakaken tembung ngoko alus katitik saking wontenipun tembung ngoko kejaba, seneng, dadi, kekasihe, para, saka, gedhene, sakjaran, tenan, sing, dene, istimewaane, mau, yen, bisa, urip, sanajan, wujud, isih, eloke, maneh, mlayu, banter, ngungkuli, angin, mabur, ngambah. Sarta kacampur tembung madya inggih menika tembung marang, kagugan, saha wonten tembung krama inggih menika ing tembung ngendika, paring, lan kersa. Wonten wuwuhan ngoko (di-) ing tembung dikersakake. Wonten ugi panambang ngoko (-e) ing tembung kekasihe, wujud, eloke wonten panambang ngoko (-ne) ing tembung gedhene, ngendikane, istimewaane, saha wonten panambang ngoko (-ake) ing tembung dikersakake.

Pacelathon wonten ing inggil menika ugi gadhah *fungsi* basa inggih menika *fungsi* basa *puitik* khayalan. Ginemanipun Simbah Kakung ngewrat *fungsi* basa *puitik* khayalan amargi Simbah Kakung nyariyosaken Sang Raja ing satunggaling dongeng. Titikanipun Simbah Kakung nyariyosaken satunggaling dongeng inggih menika saking ukara “*Kejaba pinter, Sang Raja uga sekti mandraguna lan wicaksana, seneng tetulung marang sapadha-padha, lan dadi kekasihe para dewa. Sang Raja kagungan reca jaran saka kaca (kristal), gedhene sak jaran tenan, sing ngendikane peparinge dewa. Dene istimewaane reca Jaran Kristal mau, yen dikersakake Sang Raja bisa dadi urip sanajan wujud isih saka kristal. Elope maneh, Jaran Kristal mau bisa mlayu banter ngungkuli bantering angin lan bisa mabur ngambah jumantara*”

Prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi inggih menika ginemanipun Simbah Kakung kaliyan Ari ing dalemipun Ari saha kadadosan boten resmi amargi Simbah Kakung taksih nyariyosaken dongeng kangge Ari. Salajengipun ing ngandhap menika kaandharaken panganggening undha-usuk ngoko alus *fungsi konatif*.

d. Ngoko alus *fungsi konatif*

Ngoko lugu *fungsi konatif* inggih menika ukara ingkang sadaya tembungipun awujud tembung ngoko saha kacampur tembung madya utawi tembung krama sarta wos ukaranipun kangge naweni, panyuwunan, paring pamrayogi, nyuwun pirsu, saha paring dhawuh dhateng mitra tutur. Wonten ing ngandhap menika kaandharaken ngoko alus *fungsi konatif* naweni.

1). Ngoko alus *fungsi konatif* naweni

Panganggening undha-usuk ngoko alus *fungsi konatif* naweni ingkang kapanggihaken wonten ing Panggugah. Kadadosan boten resmi wonten ing dalemipun Utama saha gineman langsung antawisipun Utama kaliyan Budi ingkang kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

Konteks	: Kawontenan boten resmi wonten ing dalemipun Utama nalika gineman kaliyan Budi kangge naweni Budi badhe tindak dhateng toko pundi kemawon badhe dipundigekaken Utama.
Utama	: <i>“Gampang. Sesuk dakterake arep menyang toko ngendi?”</i>
Budi	: <i>“Yen mangkate pancen gampang”</i> (kapethik saking data kaca 50-51).

Pethikan pacelathon ing nginggil menika minangka ginemanipun Utama ngginakaken undha-usuk ngoko alus. Utama ngginakaken undha-usuk ngoko alus amargi kangge paring raos kurmat dhateng Budi. Ginemanipun Utama ngginakaken tembung ngoko alus katitik saking wontenipun tembung ngoko gampang, sesuk, dakterake, arep, ngendi, saha kacampur tembung madya ing tembung menyang. Sarta wuwuhan ngoko (dak-) ing tembung dakterake saha panambang ngoko (-ake) ing tembung dakterake.

Ginemanipun Utama ngewrat *fungsi* basa *konatif* naweni amargi Utama naweni saha sagah ndugekaken Budi pados tanda mata kangge Ibunipun. Titikanipun Utama naweni Budi inggih menika saking ukara “.....*dakterake arep menyang toko ngendi?*”

Prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi inggih menika ginemanipun Utama kaliyan Budi ing dalemipun Utama saha kadadosan

boten resmi amargi kekalih paraga sami gineman ngandharaken babagan tandha mata kangge Ibu Budi. Salajengipun ing ngandhap menika kaandharaken panganggening undha-usuk ngoko alus *fungsi konatif* panyuwunan.

2). Ngoko alus *fungsi konatif* panyuwunan

Panganggening undha-usuk ngoko alus *fungsi konatif* panyuwunan ingkang kapanggihaken wonten ing Panggugah. Kadadosan boten resmi wonten ing kraton Ratu Baka saha gineman langsung antawisipun Rara Jonggrang kaliyan Baka ingkang kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

Konteks	: Kawontenan boten resmi wonten ing kraton Ratu Baka nalika Rara Jonggrang gineman kaliyan Baka kangge paring panyuwunan bilih supados nyirnakaken Bandung Bandawasa.
Rara Jonggrang	: <i>“Yoh Prabu Baka, aku gelem dadi garwamu. Nanging panjenengan kudu bisa nyirnakake Bandung Bandawasa, yaiku pawongan sing uga arep mundhut garwa marang aku...”</i>
Baka	: <i>“Ha..ha..ha..aja kuwatir Nggrang, Junggrang. Kepenakna mapan ing Kraton Ratu Baka kene. Dak sirnakne Si Bandung Bandawasa!”</i> (kapethik saking data kaca 119).

Pethikan pacelathon ing nginggil menika minangka ginemanipun Rara Jonggrang ngginakaken undha-usuk ngoko alus. Rara Jonggrang ngginakaken undha-usuk ngoko alus amargi kangge paring raos kurmat dhateng Baka. Ginemanipun Rara Jonggrang ngginakaken tembung ngoko alus katitik saking wontenipun tembung ngoko yoh, gelem, dadi, kudu, bisa, sing, uga, arep, lan kacampur tembung madya ing tembung nyirnakake, marang, sarta tembung krama ing tembung garwa, nanging. Wonten tembung sesulih ngoko aku saha tembung

sesulih ngoko (-mu) ing tembung garwamu ugi wonten tembung sesulih krama panjenengan. Sarta wonten panambang ngoko (-ake) ing tembung nyirnakake.

Ginemanipun Rara Jonggrang ngewrat *fungsi* basa *konatif* panyuwunan amargi Rara Jonggrang nyuwun dhateng Baka supados mejahi Bandhung Bandhawasa. Titikanipun Rara Jonggrang nyenyuwun dhateng Baka inggih menika saking ukara “.....aku gelem dadi garwamu. Nanging panjenengan kudu bisa nyirnakake Bandung Bandawasa.....”

Prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi inggih menika ginemanipun Rara Jonggrang kaliyan Baka ing kraton Ratu Baka saha kadadosan boten resmi amargi kekalih paraga sami gineman ngandharaken babagan kangge mejahi Bandhung Bandhawasa. Salajengipun ing ngandhap menika kaandharaken panganggening undhausuk ngoko alus *fungsi konatif* nyuwun pirsu.

3). Ngoko alus *fungsi konatif* nyuwun pirsu

Panganggening undha-usuk ngoko alus *fungsi konatif* nyuwun pirsu ingkang kapanggihaken wonten ing Panggugah. Kadadosan boten resmi wonten ing dalemipun Bu Rini saha gineman langsung antawisipun Bu Rini kaliyan Beja ingkang kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

Konteks : Kawontenan boten resmi wonten dalemipun Bu Rini lan gineman kaliyan Beja nalika nyuwun pirsu sampun dinten dinten anggenipun gerah.

Bu Rini : “*Gerahe biyungmu wis pirang dina?*”

Beja : “*Pitung dinten*” (kapethik saking data kaca 17).

Pethikan pacelathon ing nginggil menika minangka ginemanipun Bu Rini ngginakaken undha-usuk ngoko alus. Bu Rini ngginakaken undha-usuk ngoko alus amargi kangge paring raos kurmat dhateng Beja. Ginemanipun Bu Rini ngginakaken tembung ngoko alus katitik saking wontenipun tembung ngoko wis, pirang, dina llan kacampur tembung krama gerah. Wonten tembung sesulih ngoko (-mu) ing tembung biyungmu saha wonten panambang ngoko (-e) ing tembung gerahe.

Ginemanipun Bu Rini ngewrat *fungsi basa konatif* nyuwun pirsamargi Bu Rini tansah nyuwun pirsam dhateng Beja babagan gerahipun Mbok Sayem minangka biyungipun Beja. Titikanipun Bu Rini nyuwun pirsam inggih menika saking ukara “*Gerahe biyungmu wis pirang dina?*”

Prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi inggih menika ginemanipun Bu Rini kaliyan Beja ing dalemipun Bu Rini saha kadadosan boten resmi amargi kekalih paraga sami gineman ngandharaken babagan gerahipun Mbok Sayem. Salajengipun ing ngandhap menika kaandharaken panganggening undha-usuk ngoko alus *fungsi konatif* ndhawuhi.

4). Ngoko alus *fungsi konatif* ndhawuhi

Panganggening undha-usuk ngoko alus *fungsi konatif* ndhawuhi ingkang kapanggihaken ing Panggugah. Kadadosan boten resmi wonten ing dalemipun Mbok Arja saha gineman langsung antawisipun Mbok Arja kaliyan Isah ingkang kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

- Konteks : Kawontenan boten resmi wonten dalemipun Mbok Arja nalika gineman kaliyan Isah ingkang ancasipun kangge ndhawuhi Isah dhateng dalemipun Bu Jaya.
- Mbok Arja : ***“Ndhuk, kepenak durung awakmu? Nek uwis ndang mangkata neng daleme Bu Jaya!”***
- Mbok Arja : *“Lho... kok mesem-mesem. Wis ketemu jodhone pa..?”*
- Isah : *“Biyung kuwi lho, ana-ana wae. Kula kelingan menawi Mbak Siti nangis drijine mesthi diemut kaya kempongan. Ha...ha...ha...”* (kapethik saking data kaca 8).

Pethikan pacelathon ing nginggil menika minangka ginemanipun Mbok Arja ngginakaken undha-usuk ngoko alus. Mbok Arja ngginakaken undha-usuk ngoko alus amargi kangge paring raos kurmat dhateng Bu Jaya. Ginemanipun Mbok Arja ngginakaken tembung ngoko alus katitik saking wontenipun tembung ngoko kepenak, durung, awakmu, nek, uwis, ndang, mangkata, ning, lan kacampur tembung krama ing tembung dalem. Wonten tembung sesulih ngoko (-mu) ing tembung awakmu, wonten panambang (-e) ing tembung daleme.

Ginemanipun Mbok Arja ngewrat *fungsi* basa *konatif* ndhawuhi amargi Mbok Arja paring dhawuh dhateng putranipun inggih menika Isah supados dhateng dalemipun Bu Jaya. Titikanipun Mbok Arja paring dhawuh inggih menika saking ukara *“.....Nek uwis ndang mangkata neng daleme Bu Jaya!”*

Prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi inggih menika ginemanipun Mbok Arja kaliyan Isah ing dalemipun Mbok Arja lan kadadosan boten resmi amargi Mbok Arja paring dhawuh supados Isah dhateng dalemipun Bu Jaya. Salajengipun ing ngandhap menika kaandharaken panganggening undha-usuk krama lugu.

3. Krama Lugu

Adhedhasar saking asiling panaliten menika dipunpanggihi panganggenipun undha-usuk krama lugu wonten ing Panggugah awujud pacelathonipun para paraga. Undha-usuk krama lugu minangka salah satunggaling jinis undha-usuk basa Jawi ingkang tembungipun awujud tembung krama saha kacampur tembung madya utawi ngoko mekaten ugi ater-ater saha panambangipun.

Asiling panaliten menika ugi manggihaken *fungsi* panganggenipun undha-usuk krama lugu wonten ing Panggugah. *Fungsi basa* ingkang kapanggihaken inggih menika *fungsi emotif, referensial, puitik, fatik, lan konatif*. Wonten ing ngandhap menika kaandharaken krama lugu *fungsi emotif*.

a. Krama lugu *fungsi emotif*

Krama lugu *fungsi emotif* inggih menika ukara ingkang tembungipun awujud tembung krama kacampur tembung madya utawi ngoko saha wos ukaranipun ngandharaken raos pangraos. Wonten ing *antologi* cerkak saha dongeng Panggugah kapanggihaken jinis undha-usuk krama lugu kanthi *fungsi emotif* ingkang maneka warni. *Fungsi emotif* ingkang kapanggihaken inggih menika *fungsi emotif* sedhih lan jengkel. Wonten ing ngandhap menika kaandharaken krama lugu *fungsi emotif* sedhih.

1). Krama lugu *fungsi emotif* sedhih

Panganggening undha-usuk krama lugu *fungsi emotif* sedhih ingkang kapanggihaken wonten ing Panggugah. Kadadosan resmi wonten ing dalemipun Pak Madi saha gineman langsung antawisipun Pak Agus kaliyan Pak Madi ingkang kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

Konteks	: Kawontenan resmi wonten ing dalemipun Pak Madi lan Pak Agus ngraos sedhih lan gineman kaliyan Pak Madi.
Pak Madi	: “ <i>Wosipun, warga nglenggana lepat mila kula sagah nragadi ngantos larenipun bagus waras, malah katambah warni-warni. Wonten ingkang nragadi dumugi SLTP, SMU, lan sanes-sanesipun</i> ”
Pak Agus	: “ <i>Sae sanget niyat warga ngriki, ananging ndadosna kawuninagan kasaenan punika kados muspra</i> ” (kapethik saking data kaca 33).

Pethikan pacelathon ing nginggil menika minangka ginemanipun Pak Agus ngginakaken undha-usuk krama lugu. Pak Agus ngginakaken undha-usuk krama lugu amargi kangge ngurmati Pak Madi ingkang minangka ketua RW. Ginemanipun Pak Agus ngginakaken tembung krama lugu katitik saking wontenipun tembung krama sae, sanget, ngriki, ananging, kawuningan, kasaenan, punika, kados, lan tembung madya ndadosna. Wonten panambang ngoko (-na) ing tembung ndadosna.

Ginemanipun Pak Agus ngewrat *fungsi basa emotif* sedhih amargi wonten ing data kaca 33 sampun dipunandharaken bilih Pak Agus tansah trenyuh. Titikanipun Pak Agus ngraos sedhih inggih menika saking ukara “*Sae sanget niyat warga ngriki, ananging ndadosna kawuninagan kasaenan punika kados muspra*”

Prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi inggih menika ginemanipun Pak Agus kaliyan Pak Madi ing dalemipun Pak Madi lan kadadosan resmi amargi Pak Madi saha para warga sanesipun taksih sami wawanrembag babagan Karimin. Salajengipun ing ngandhap menika kaandharaken panganggening undha-usuk krama lugu *fungsi emotif* jengkel.

2). Krama lugu *fungsi emotif* jengkel

Panganggening undha-usuk krama lugu *fungsi emotif* jengkel ingkang kapanggihaken wonten ing Panggugah. Kadadosan boten resmi wonten ing mergi saha gineman langsung antawisipun Pak Agus kaliyan warga ingkang kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

Konteks : Kawontenan boten resmi wonten ing mergi lan Pak Agus gineman kaliyan para warga nalika mundhut pirsu kanthi raos jengkel dhateng para warga.

Pak Agus : ***“Sampeyan ngertos?”***

Warga : *“Kula mboten ngertos”*

Pak Agus : *“Kenging napa melu menthung?”* (kapethik saking data kaca 31-32).

Pethikan pacelathon ing nginggil menika minangka ginemanipun Pak Agus ngginakaken undha-usuk krama lugu. Pak Agus ngginakaken undha-usuk krama lugu amargi kangge ngormati warga ingkang sami pilara Karimin. Ginemanipun Pak Agus ngginakaken tembung krama lugu katitik saking wontenipun tembung krama ngertos saha wonten tembung sesulih madya inggih menika sampeyan.

. Ginemanipun Pak Agus ngewrat *fungsi* basa *emotif* jengkel amargi wonten ing *data* kaca 31 sampun dipunandharaken bilih Pak Agus tansah muntab. Titikanipun Pak Agus ngraos jengkel inggih menika saking ukara “*Sampeyan ngertos?*”

Prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi inggih menika ginemanipun Pak Agus kaliyan warga ing mergi lan kadadosan boten resmi amargi kadadosanipun wonten ing mergi nalika warga sami pilara saha dakwa menawi Karimin maling. Salajengipun ing ngandhap menika kaandharaken panganggening undha-usuk krama lugu *fungsi referensial*.

b. Krama lugu *fungsi referensial*

Krama lugu *fungsi referensial* inggih menika ukara ingkang tembungipun awujud tembung krama kacampur tembung madya utawi ngoko saha wos ukaranipun ngandharaken pawartos. Wonten ing ngandhap menika kaandharaken krama lugu *fungsi referensial* pawartos.

1). Krama lugu *fungsi referensial* pawartos

Panganggening undha-usuk krama lugu *fungsi referensial* pawartos ingkang kapanggihaken wonten ing Panggugah. Kadadosan resmi wonten ing dalemipun Pak Madi saha gineman langsung antawisipun Pak Madi kaliyan warga ingkang kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

Konteks : Kawontenan resmi wonten ing dalemipun Pak Madi lan gineman kaliyan para warga nalika ngandharaken pawartos menawi kangge urusan polisi dipunanggep sampun cekap.

Warga : “*Lajeng urusan polisi kados pundi?*”

Pak Madi : “*Warga purun mbiyantu punika kanthi pangajap urusan polisi dipunanggep rampung*” (kapethik aking data kaca 33).

Pethikan pacelathon ing nginggil menika minangka ginemanipun Pak Madi ngginakaken undha-usuk krama lugu. Pak Madi ngginakaken undha-usuk krama lugu amargi kangge ngormati warga ingkang sami wawanrembag. Ginemanipun Pak Madi ngginakaken tembung krama lugu katitik saking wontenipun tembung krama purun, mbiyantu, punika, kanthi, pangajab, dipunanggep, saha kacampur tembung ngoko ing tembung rampung. Sarta wonten panambang krama (dipun-) ing tembung dipunanggep.

Pacelathon wonten ing inggil menika ugi gadhah *fungsi* basa inggih menika *fungsi* basa *referensial* pawartos. Ginemanipun Pak Madi ngewrat *fungsi* basa *referensial* pawartos amargi Pak Madi ngandharaken satunggaling pawartos bilih urusan polisi kaanggep sampun cekap. Titikanipun Pak Madi ngandharaken pawartos inggih menika saking ukara “*Warga purun mbiyantu punika kanthi pangajap urusan polisi dipunanggep rampung*”

Prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi inggih menika ginemanipun Pak Madi kaliyan warga ing dalemipun Pak Madi lan kadadosan resmi amargi para paraga taksih sami wawanrembag babagan Karimin ingkang dipunpitnah dados maling. Salajengipun ing ngandhap menika kaandharaken panganggening undha-usuk krama lugu *fungsi puitik*.

c. Krama lugu *fungsi puitik*

Krama lugu *fungsi puitik* inggih menika ukara ingkang sadaya tembungipun awujud tembung krama saha kacampur tembung madya utawi ngoko sarta wos ukaranipun ngandharaken pamanggih nyata. Wonten ing ngandhap menika kaandharaken krama lugu *fungsi puitik* pamanggih.

1). Krama lugu *fungsi puitik* pamanggih

Panganggening undha-usuk krama lugu *fungsi puitik* pamanggih ingkang kapanggihaken wonten ing Panggugah. Kadadosan boten resmi wonten ing pelataran dalemipun Galang saha gineman langsung antawisipun Galang kaliyan Pak Jumeri ingkang kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

Konteks : Kawontenan boten resmi wonten ing pelataran dalemipun Galang lan mangsuli pitakenanipun Pak Jumeri kanthi ngandharaken kados pundi anggenipun ndamel bonsai.

Galang : ***“Ngaten, Pak Guru. Umpamanipun wit serut menika gesang, lajeng saged pun angkat sasampunipun oyod ingkang ageng menika dipungraji langkung rumiyin. Kantun nengga laminipun setengah wulan. Menawi gesang nggih mboten alum, yen sampun ketingal seger, ateges gesang, saged dipundhongkel”***

Pak Jumeri : *“Tekan ngomah isih dikemonah?”* (kapethik saking data kaca 39-40).

Pethikan pacelathon ing nginggil menika minangka ginemanipun Galang ngginakaken undha-usuk krama lugu dhateng Pak Jamin. Galang ngginakaken undha-usuk krama lugu amargi Galang ngurmati Pak Jamin ingkang langkung sepuh saking Galang saha Pak Jamin menika minangka Guru kelas enem. Ginemanipun Galang ngginakaken tembung krama lugu katitik saking wontenipun tembung krama umpamanipun, menika, gesang, lajeng, saged,

punangkat, sasampunpun, ingkang, ageng, dipungraji, langkung, rumiyin, kanton, nengga laminipun, wulan, menawi, mboten, sampun, ketingal, ateges, dipundhongkel. Kacampur tembung ngoko ing tembung yen, wonten tembung wancah madya ing tembung nggih. Wonten wuwuhan krama (pun-) ing tembung pun angkat, (dipun-) ing tembung dipungraji, dipundhongkel. Sarta wonten panambang krama (-ipun) ing tembung umpamanipun, sasampunipun, laminipun.

Pacelathon wonten ing inggil menika ugi gadhah *fungsi* basa inggih menika *fungsi* basa *puitik* pamanggih. Ginemanipun Galang ngewrat *fungsi* basa *puitik* pamanggih amargi Galang ngandharaken satunggaling pamanggihipun inggih ngandharaken caranipun nanem saha ngupakara taneman serut. Titikanipun Galang ngandharaken pamanggih inggih menika saking ukara “*Ngaten, Pak Guru. Umpamanipun wit serut menika gesang, lajeng saged pun angkat sasampunipun oyod ingkang ageng menika dipungraji langkung rumiyin. Kanton nengga laminipun setengah wulan. Menawi gesang nggih mboten alum, yen sampun ketingal seger, ateges gesang, saged dipundhongkel*”

Prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi inggih menika ginemanipun Galang kaliyan Pak Jumeri ing pelataran dalemipun Galang saha kadadosan boten resmi amargi nalika Pak Jamin mampir saha mirsani taneman serut kagunganipun Galang. Salajengipun ing ngandhap menika kaandharaken panganggening undha-usuk krama lugu *fungsi fatik*.

d. Krama lugu *fungsi fatik*

Krama lugu *fungsi fatik* inggih menika ukara ingkang sadaya tembungipun awujud tembung krama saha kacampur tembung madya utawi tembung ngoko sarta wos ukaranipun ngandharaken uluk salam dhateng paraga sanesipun. Wonten ing ngandhap menika kaandharaken krama lugu *fungsi fatik* uluk salam.

1). Krama lugu *fungsi fatik* uluk salam

Panganggening undha-usuk krama lugu *fungsi fatik* uluk salam ingkang kapanggihaken wonten ing Panggugah. Kadadosan boten resmi wonten ing mergi saha gineman langsung antawisipun Pak Madi kaliyan Pak Agus ingkang kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

Konteks : Kawontenan boten resmi wonten ing mergi lan Pak Madi gineman kaliyan Pak Agus sarta nepangaken piyambakipun dhateng Pak Agus.

Pak Madi : “*Pak, sampeyan sinten kok mbelani bocah niki?*”

Pak Agus : “*Kula gurunipun lare punika, Pak. Kula Agus*”

Pak Madi : “***Kula ketua RW. Saenipun kita rembag sae-sae selak mesakake lare punika***” (kapethik sating data kaca 32).

Pethikan pacelathon ing nginggil menika minangka ginemanipun Pak Madi ngginakaken undha-usuk krama lugu. Pak Madi ngginakaken undha-usuk krama lugu amargi kangge ngormati Pak Agus. Ginemanipun Pak Madi ngginakaken tembung krama lugu katitik saking wontenipun tembung krama saenipun, rembag, sae-sae, lare, punika, saha kacampur tembung ngoko ing tembung selak, mesakake. Wonten tembung sesulih krama ing tembung kula, kita.

Wonten panambang krama (-ipun) ing tembung saenipun sarta wonten panambang ngoko (-ake) ing tembung mesakake.

Pacelathon wonten ing inggil menika ugi gadhah *fungsi* basa inggih menika *fungsi* basa *fatik* uluk salam. Ginemanipun Pak Madi ngewrat *fungsi* basa *fatik* uluk salam amargi Pak Madi ndherek pitepangan dhateng Pak Agus. Titikanipun Pak Madi ngandharaken uluk salam inggih menika saking ukara “*Kula ketua RW.....*”

Prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi inggih menika ginemanipun Pak Madi kaliyan Pak Agus ing mergi saha kadadosan boten resmi amargi kekalih paraga kepanggih wonten ing mergi saha wos ginemanipun kekalih paraga menika kangge nyekapaken prakawis babagan Karimin ingkang dipunpitnah dados maling. Salajengipun ing ngandhap menika kaandharaken panganggening undha-usuk krama lugu *fungsi konatif*.

e. Krama lugu *fungsi konatif*

Krama lugu *fungsi konatif* inggih menika ukara ingkang sadaya tembungipun awujud tembung krama saha kacampur tembung madya utawi tembung krama saha wos ukaranipun kangge naweni, ngandharaken panyuwunan, nyarujuki, boten sarujuk, saha nyuwun pirsu dhateng mitra tutur. Wonten ing ngandhap menika kaandharaken panganggening undha usuk krama lugu *fungsi konatif* naweni.

1). Krama lugu *fungsi konatif* naweni

Panganggening undha-usuk krama lugu *fungsi konatif* naweni ingkang kapanggihaken wonten ing Panggugah. Kadadosan boten resmi wonten ing pelataran dalemipun Galang saha gineman langsung antawisipun Galang kaliyan Pakdhe Sastra ingkang kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

Konteks : Kawontenan boten resmi wonten ing pelataran dalemipun Galang lan gineman kaliyan Pakdhe Sastra nalika naweni Pakdhe Sastra.

Pakdhe Sastra : “*Iki ya karo kok dol?*”

Galang : “*Nggih, Pakdhe. Pakdhe badhe nyobi nanem wit serut?*”
(kapethik saking data kaca 35-36)

Pethikan pacelathon ing inggil menika minangka ginemanipun Galang ngginakaken undha-usuk krama lugu. Galang ngginakaken undha-usuk krama lugu amargi kangge paring raos kurmati dhateng Pakdhe Sastra. Ginemanipun Galang ngginakaken tembung krama lugu katitik saking wontenipun tembung krama badhe, nyobi, nanem, saha kacampur tembung madya nggih.

Pacelathon wonten ing nginggil menika ugi gadhah *fungsi* basa inggil menika *fungsi* basa *konatif* naweni. Ginemanipun Galang ngewrat *fungsi* basa *konatif* naweni amargi Galang gadhah pepenginan naweni Pakdhe Sastra kangge nanem serut menika. Titikanipun Galang naweni Pakdhe Sastra inggil menika saking ukara “.....*Pakdhe badhe nyobi nanem wit serut?*”

Prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi inggil menika ginemanipun Galang kaliyan Pakdhe Sastra ing pelataran dalemipun Galang saha kadadosan boten resmi amargi kekalih paraga sami geneman babagan

wit serut saha nalika Galang taksih ngupakara tanemanipun. Salajengipun ing ngandhap menika kaandharaken panganggening undha-usuk krama lugu *fungsi konatif* panyuwunan.

2). Krama lugu *fungsi konatif* panyuwunan

Panganggening undha-usuk krama lugu *fungsi konatif* panyuwunan ingkang kapanggihaken wonten ing Panggugah. Kadadosan boten resmi wonten ing dalemipun Galang saha gineman langsung antawisipun Galang kaliyan Pak Jamin ingkang kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

Konteks	: Kawontenan boten resmi wonten ing dalemipun Galang lan gineman kaliyan Pak Jamin ingkang ancasipun gineman menika supados Pak Jamin tumut dhateng Jepang.
Galang	: <i>“Bapak nggih ndherek dhateng Jepang, mangke ragadipun kula”</i>
Pak Jamin	: <i>“Njur seka ngendi Le, dhuwitmu sing bakal kanggo ragad tekan kana kuwi?”</i> (kapethik saking data kaca 42).

Pethikan pancelathon ing nginggil menika minangka ginemanipun Galang ngginakaken undha-usuk krama lugu. Galang ngginakaken undha-usuk krama lugu amargi kangge paring raos kurmati dhateng Pak Jamin minangka bapakipun Galang. Ginemanipun Galang ngginakaken tembung krama lugu katitik saking wontenipun tembung krama dhateng, mangke, ragadipun, lan kacampur tembung madya ing tembung ndharek. Wonten tembung sesulih krama ing tembung kula saha wonten tembung wancah ing tembung nggih. Sarta wonten panambang krama (-ipun) ing tembung ragadipun.

Pacelathon wonten ing nginggil menika kalebet *fungsi* basa *konatif* panyuwunan. Ginemanipun Galang ngewrat *fungsi* basa *konatif* panyuwunan amargi Galang gadhah pepenginan lan nyuwun supados Pak Jamin kersa tumut dhateng Jepang. Titikanipun Galang nyuwun supados Pak Jamin tumut dhateng Jepang inggih menika saking ukara “*Bapak nggih ndherek dhateng Jepang, mangke ragadipun kula*”

Prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi inggih menika ginemanipun Galang kaliyan Pak Jamin ing pelataran dalemipun Galang saha kadadosan boten resmi amargi kekalih paraga sami geneman babagan panyuwunanipun Galang supados Pak Jamin kersa tumut dhateng Jepang. Salajengipun kaandharaken pethikan *data* pacelathon kanthi undha-usuk krama lugu *fungsi konatif* panyuwunan ingkang paraganipun gineman piyambak.

Panganggening undha-usuk krama lugu *fungsi konatif* panyuwunan ingkang kapanggihaken wonten ing Panggugah. Kadadosan boten resmi wonten dalemipun Mbok Arja nalika Mbok Arja gineman piyambak. Ginemanipun Mbok Arja kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

Konteks : Kawontenan boten resmi wonten dalemipun Mbok Arja ingkang gineman piyambak nalika ngandharaken panyuwunan dhateng Gusti supados dipunparingi kekiyatan.

Mbok Arja : “*Gusti, paringana kuwat dhumateng kawula*” (kapethik saking *data* kaca 6).

Pethikan pacelathon ing nginggil menika minangka ginemanipun Mbok Arja ngginakaken undha-usuk krama lugu. Mbok Arja ngginakaken undha-usuk krama lugu amargi kangge nyenyuwun dhateng Gusti Allah. Ginemanipun Mbok

Arja ngginakaken tembung krama lugu katitik saking wontenipun tembung krama paring, dhumateng, kawula, saha kacampur tembung ngoko ing tembung kuwat. Sarta wonten panambang ngoko (-ana) ing tembung paringana.

Pacelathon wonten ing nginggil menika kalebet *fungsi* basa *konatif* panyuwunan. Ginemanipun Mbok Arja ngewrat *fungsi* basa *konatif* panyuwunan amargi Mbok Arja nyenyuwun dhateng Gusti Allah supados dipunparingi kekiatan nalika Siti minangka putranipun Mbok Arja boten purun ndherek Pak Hardiman dhateng Jakarta. Titikanipun Mbok Arja nyuwun dhateng Gusti Allah inggih menika saking ukara “*Gusti, paringana kuwat dhumateng kawula*”

Prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi inggih menika ginemanipun Mbok Arja ing dalemipun Mbok Arja saha kadadosan boten resmi amargi nalika Mbok Arja gineman piyambak. Salajengipun ing ngandhap menika kaandharaken panganggening undha-usuk krama lugu *fungsi konatif* sarujuk.

3). Krama lugu *fungsi konatif* sarujuk

Panganggening undha-usuk krama lugu *fungsi konatif* sarujuk ingkang kapanggihaken wonten ing Panggugah. Kadadosan boten resmi wonten Rum nalika Jamam gineman kaliyan Sultan Rum. Ginemanipun Jamal kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

Konteks : Kawontenan boten resmi wonten ing Rum lan Jamal gineman kaliyan Sultan Rum nalika Jamal nyarujuki panyuwunanipun Sultan Rum.

Sultan Rum : “*Menawa aku kepingin ketemu dina iki, apa bisa?*”

- Jamal : “*Saged kemawon*”
- Sultan Rum : “*Luwih cepet luwih becik, aku kepengin ketemu dina iki*”
- Jamal : “***Kula sagahi, nanging kula nyuwun kasedhiyakaken kamar kosong***” (kapethik saking *data kaca 71*).

Pethikan pacelathon ing inggil menika minangka ginemanipun Jamal ngginakaken undha-usuk krama lugu. Jamal ngginakaken undha-usuk krama lugu amargi kangge paring raos kurmat dhateng Sultan Rum. Ginemanipun Jamal ngginakaken tembung krama lugu katitik saking wontenipun tembung krama sagahi, nanging, nyuwun, kasedhiyakaken saha kacampur tembung krama ing tembung kosong. Wonten panambang ngoko (-i) ing tembung sagahi. Sarta wonten panambang krama (-aken) ing tembung kasedhiyakaken.

Pacelathon wonten ing inggil menika kalebet *fungsi* basa *konatif* sarujuk. Ginemanipun Jamal ngewrat *fungsi* basa *konatif* sarujuk amargi Jamal sagah saha nyarujuki badhe manggihaken Sultan Rum kaliyan Sultan Agung. Titikanipun Jamal nyarujuki panyuwunanipun Sultan Rum inggih menika saking “*Kula sagahi.....*”

Prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi inggih menika ginemanipun Jamal ing Rum saha kadadosan boten resmi amargi nalika Jamal gineman kaliyan Sultan Rum wonten ing Rum saha nalika nyuwun idi kangge nyuwita ing Rum. Salajengipun ing ngandhap menikakaandharaken panganggening undha-usuk krama lugu *fungsi konatif* boten sarujuk.

4). Krama lugu *fungsi konatif* boten sarujuk

Panganggening undha-usuk krama lugu *fungsi konatif* boten sarujuk ingkang kapanggihaken wonten ing Panggugah. Kadadosan boten resmi wonten kraton Sulbi nalika Dewi Daruwati gineman kaliyan Prabu Dipakusuma. Ginemanipun kekalih paraga kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

- Konteks : Kawontenan boten resmi wonten ing kraton Sulbi nalika Daruwati gineman kaliyan Prabu Dipakusuma lan ngandharaken pamanggihipun bilih boten sarujuk kaliyan pamanggihipun Prabu Dipakusuma.
- Dewi Daruwat : “*Mboten Rama. Menawi Kangmas Darumaya jengkar, kula kedah ndherek!*”
- Prabu Dipakusuma : “*Ora! Ora kena...!*”
- Dewi Daruwati : “***Mboten Rama, kula kedah ndherek. Kula badhe ndherek!***” (kapethik saking data kaca 107).

Pethikan pacelathon ing nginggil menika minangka ginemanipun Dewi Daruwati ngginakaken undha-usuk krama lugu. Dewi Daruwati ngginakaken undha-usuk krama lugu amargi kangge paring raos kurmat dhateng Prabu Dipakusuma minangka ramanipun. Ginemanipun Dewi Daruwati ngginakaken tembung krama lugu katitik saking wontenipun tembung krama boten, kedah, badhe saha kacampur tembung madya ing tembung ndherek. Sarta wonten tembung sesulih krama ing tembung kula.

Pacelathon wonten ing nginggil menika kalebet *fungsi basa konatif* boten sarujuk. Ginemanipun Dewi Daruwati ngewrat *fungsi basa konatif* boten sarujuk amargi Dewi Daruwati boten purun ing kraton Sulbi tanpa kang mas Darumaya.

Titikanipun Dewi Daruwati boten sarujuk dhateng Prabu Dipakusuma inggih menika saking “*Mboten Rama.....*”

Prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi inggih menika ginemanipun Dewi Daruwati ing kraton Sulbi saha kadadosan boten resmi amargi nalika Dewi Daruwati gineman kaliyan Prabu Dipakusuma saha wos ginemanipun Dewi Daruwati inggih kangge ndherek kangmas Darumaya. Salajengipun ing ngandhap menika kaandharaken panganggening undha-usuk krama lugu *fungsi konatif* nyuwun pirsu.

5). Krama lugu *fungsi konatif* nyuwun pirsu

Panganggening undha-usuk krama lugu *fungsi konatif* nyuwun pirsu ingkang kapanggihaken wonten ing Panggugah. Kadadosan boten resmi wonten pelataran dalemipun Galang nalika Bu Jumeri gineman kaliyan Pak Jamin. Ginemanipun kekalih paraga kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

Konteks : Kawontenan boten resmi wonten ing pelataran dalemipun Galang nalika Pak Jumeri mundhut pirsu dhateng Galang babagan obat ingkang saged kangge nuwuhaken ronipun wit serut menika wonten menapa boten.

Bu Jumeri : “*Nanging menapa wonten cara sanes lan obat menapa ingkang saged kangge supados ronipun cepet semi menika?*”

Pak Jamin : “*Sejatosipun nggih wonten, nanging kula dereng nate ngginakaken cara obat menika*” (kapethik saking data kaca 40).

Pethikan pacelathon ing inggil menika minangka ginemanipun Bu Jumeri ngginakaken undha-usuk krama lugu. Bu Jumeri ngginakaken undha-usuk krama lugu amargi kangge paring raos kurmat dhateng Pak Jamin. Ginemanipun

Bu Jumeri ngginakaken tembung krama lugu katitik saking wontenipun tembung krama nanging, menapa, wonten, sanes, ingkang, saged, kangge, supados, ronipun, saha kacampur tembung ngoko ing tembung cepet. Sarta wonten panambang krama (-ipun) ing tembung ronipun.

Pacelathon wonten ing nginggil kalebet *fungsi* basa *konatif* nyuwun pirsa. Ginemanipun Bu Jumeri ngewrat *fungsi* basa *konatif* nyuwun pirsa amargi Bu Jumeri nyuwun pirsa cara kangge ronipun enggal tuwuh dhateng Pak Jamin. Titikanipun Bu Jumeri nyuwun pirsa dhateng Pak Jamin inggih menika saking “*Nanging menapa wonten cara sanes lan obat menapa ingkang saged kangge supados ronipun cepet semi menika?*”

Prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi inggih menika ginemanipun Bu Jumeri ing pelataran dalemipun Galang lan kadadosan boten resmi nalika Bu Jumeri ningali bonsai saha nyuwun pirsa cara supados ronipun enggal tuwuh dhateng Pak Jamin. Salajengipun ing ngandhap menika kaandharaken panganggening undha usuk krama alus.

4. Krama Alus

Adhedhasar saking asiling panaliten menika dipunpanggihi panganggenipun undha-usuk krama alus wonten ing Panggugah awujud pacelathonipun para paraga. Undha-usuk krama alus minangka salah satunggaling jinis undha-usuk basa Jawi ingkang sedaya tembungipun awujud tembung krama, tembung wancah krama, tembung sesulih krama, mekaten ugi wuwuhan saha panambangipun.

Undha-usuk krama alus ingkang kapanggihaken menawi dipuntingali saking *fungsi* basa, kaperang dados gangsa jinis *fungsi* basa. Maneka warni *fungsi* basa ingkang kapanggihaken inggih menika *fungsi* *emotif*, *fungsi* *referensial*, *fungsi* *puitik*, *fungsi* *fatik*, lan *fungsi* *konatif*. Wonten ing ngandhap menika kaandharaken jinis undha-usuk ngoko lugu *fungsi* *emotif*.

a. Krama alus *fungsi* *emotif*

Krama alus *fungsi* *emotif* inggih menika ukara ingkang sadaya tembungipun awujud tembung krama saha wos ukaranipun ngandharaken raos pangraos. Wonten ing Panggugah kapanggihaken jinis undha-usuk krama alus kanthi *fungsi* *emotif* ingkang maneka warni. *Fungsi* *emotif* ingkang kapanggihaken inggih menika *fungsi* *emotif* bingah, gumun, ajrih, kuciwa, bingung, saha kaget. Wonten ing ngandhap menika kaandharaken krama lugu *fungsi* *emotif* bingah.

1). Krama alus *fungsi* *emotif* bingah

Panganggening undha-usuk krama alus *fungsi* *emotif* bingah ingkang kapanggihaken wonten ing Panggugah. Kadadosan resmi wonten ing pangimpenipun Ari saha gineman langsung antawisipun Jin kaliyan Ari ingkang kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

Konteks : Kawontenan boten resmi wonten pangimpenipun Ari ing lepen lan Jin gineman kaliyan Ari nalika ngandharaken raos bingah amargi sampun dipundalaken.

Jin : ***“Kula matur sanget nuwun, kula sampun panjenengan luwaraken saking botol menika”***

Jin : “*Kula sampun nate prasetya, menawi kula saged luwar, kula badhe minangkani sadaya pepenginan lan panyuwunipun sinten kemawon ingkang mitulungi kula. Samenika panjenengan ingkang saged ngluwaraken kula, pramila mangga kula aturi ngendika panjenengan badhe ngersakaken menapa? Raja brana, utawi menapa kemawon, kula badhe mbudidaya nyembadani*” (kapethik saking data kaca 80-81).

Pethikan pacelathon ing nginggil menika minangka ginemanipun Jin ngginakaken undha-usuk krama alus. Jin ngginakaken undha-usuk krama alus amargi kangge paring raos kurmat dhateng Ari ingkang sampun medalaken Jin saking botol. Ginemanipun Jin ngginakaken tembung krama alus katitik saking wontenipun tembung matur, sanget, nuwun, sampun, luwaraken, saking, menika. Wonten tembung sesulih krama ing tembung kula saha panjenengan. Wonten panambang krama (-aken) ing tembung luwaraken.

Pacelathon wonten ing inggil kalebet *fungsi* basa *emotif* bingah. Ginemanipun Jin ngewrat *fungsi* basa *emotif* bingah amargi Jin sampun dipunluwaraken saking botol kaliyan Ari. Titikanipun Jin ngraos bingah dhateng Ari inggih menika saking “*Kula matur sanget nuwun, kula sampun panjenengan luwaraken saking botol menika*”

Prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi inggih menika ginemanipun Jin ing pangimpenipun Ari lan kadadosan boten resmi. Salajengipun ing ngandhap menika kaandharaken panganggening undha-usuk krama alus *fungsi* *emotif* gumun.

2). Krama alus *fungsi emotif* gumun

Panganggening undha-usuk krama alus *fungsi emotif* gumun ingkang kapanggihaken wonten ing Panggugah. Kadadosan resmi wonten ing Rum saha gineman langsung antawisipun Sultan Rum kaliyan Sultan Agung ingkang kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

- Konteks : Kawontenan boten resmi wonten ing Rum nalika Sultan Rum gineman kaliyan Jamal kanthi nedahaken raos gumun menawi aben ajeng kaliyan Sultan Agung.
- Sultan Rum : ***“Menapa leres samenika kula aben ajeng kaliyan panjenenganipun Sultan Agung saking tanah Jawi?”***
- Sultan Agung : *“Leres. Kula menika Sultan Agung saking tanah Jawi. Menawi mboten pitados saged dipunbuktèkaken kanthi mbekta medal anak kula. Piyambakipun mangke badhe ngaken piyambak”* (kapethik saking data kaca 71-72).

Pethikan pacelathon ing nginggil menika minangka ginemanipun Sultan Rum ngginakaken undha-usuk krama alus. Sultan Rum ngginakaken undha-usuk krama alus amargi kangge paring raos kurmat dhateng Sultan Agung saking tanah Jawi. Ginemanipun Sultan Rum ngginakaken tembung krama alus katitik saking wontenipun tembung menapa, leres, samenika, aben ajeng, kaliyan, saking, Jawi. Wonten tembung sesulih krama ing tembung panjenenganipun. Sarta wonten panambang krama (-ipun) ing tembung panjenenganipun.

Ginemanipun Sultan Rum ngewrat *fungsi* basa *emotif* gumun amargi Sultan Rum ngraos boten pitados bilih aben ajeng kaliyan Sultan Agung saking tanah Jawi. Titikanipun Sultan Rum ngraos gumun inggih menika saking ukara *“Menapa leres samenika kula aben ajeng kaliyan panjenenganipun Sultan Agung saking tanah Jawi?”*

Prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi inggih menika ginemanipun Sultan Rum ing Rum saha kadadosan boten resmi amargi wos ginemanipun Sultan Rum ngandharaken bilih piyambakipun boten pitados lan ngraos gumun amargi sampun aben ajeng kaliyan Sultan Agung. Salajengipun ing ngandhap menika kaandharaken panganggening undha-usuk krama alus *fungsi emotif* ajrih.

3). Krama alus *fungsi emotif* ajrih

Panganggening undha-usuk krama alus *fungsi emotif* ajrih ingkang kapanggihaken wonten ing Panggugah. Kadadosan resmi wonten ing pangimpenipun Ari ing wana saha gineman langsung antawisipun Ari kaliyan Tiyang ingkang negori jati ingkang kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

Konteks : Kawontenan boten resmi wonten pangimpenipun Ari ing wana lan tiyang ingkang negori jati sami mangsuli Ari bilih nyarujuki menapa ingkang dipundhawuhi Ari.

Ari : “*He, padha rungokna! Yen kabeh kepengin padha slamet, kepengin anak putumu ora rekasa uripe, ayo, enggal lunga saka kene! Ora kena negori alas jati iki!*”

Tiyang ingkang negori jati : “***Inggih...inggih, kula mboten badhe negori jati malih***”

Tiyang ingkang negori jati : “*Nanging sampun damel sangsaraning anak putu kula*” (kapethik saking data kaca 84).

Pethikan pacelathon ing nginggil menika minangka ginemanipun Tiyang ingkang negori jati ngginakaken undha-usuk krama alus. Tiyang ingkang negori jati ngginakaken undha-usuk krama alus amargi kangge paring raos kurmat dhateng Ari ingkang dipunkinten mbaureksa wana pejaten. Ginemanipun Tiyang

ingkang negori jati ngginakaken tembung krama alus katitik saking wontenipun tembung inggih, mboten, badhe, malih. Wonten tembung sesulih krama inggih menika tembung kula.

Pacelathon wonten ing inggil menika kalebet *fungsi basa emotif* ajrih. Ginemanipun Tiyang ingkang negori jati ngewrat *fungsi basa emotif* ajrih amargi wonten ing *data* Panggugah kaca 84 sampun dipunandharaken bilih Tiyang ingkang negori jati sami pating jlerit saha pating slebar. Titikanipun Tiyang ingkang negori jati ngraos ajrih inggih menika saking ukara “*Inggih...inggih, kula mboten badhe negori jati malih*”

Prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi inggih menika ginemanipun Tiyang ingkang negori jati ing wana pejaten saha kadadosan boten resmi amargi wonten ing pangimpenipun Ari. Salajengipun ing ngandhap menika kaandharaken panganggening undha-usuk krama alus *fungsi emotif* kuciwa.

4). Krama alus *fungsi emotif* kuciwa

Panganggening undha-usuk krama alus *fungsi emotif* kuciwa ingkang kapanggihaken wonten ing Panggugah. Kadadosan resmi wonten ing padhepokan Gunung Prau sarta gineman langsung antawisipun Begawan Samudana kaliyan Begawan Dewakusuma ingkang kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

Konteks : Kawontenan boten resmi wonten ing padhepokan Gunung Prau nalika Begawan Samudana gineman kaliyan Begawan Dewakusuma kangge ngandharaken raos kuciwa dhateng piyambakipun amargi ingkang

nerak paugeran menika inggih Begawan Samudana piyambak.

Begawan Samudana : ***“Menawi mekaten Kakang Begawan,... tetiyang kanthi lelampahan menika kula piyambak,..pramila paedah menapa kula gesang...!”***

Begawan Dewakusuma : *“Hei...! Aja,..aja kaya ngono Dhi!”* (kapethik saking data kaca 112-113).

Pethikan pacelathon ing nginggil menika minangka ginemanipun Begawan Samudana ngginakaken undha-usuk krama alus. Begawan Samudana ngginakaken undha-usuk krama alus amargi kangge paring raos kurmat dhateng Begawan Dewakusuma. Ginemanipun Begawan Samudana ngginakaken tembung krama alus katitik saking wontenipun tembung menawi, mekaten, tetiyang, kanthi, lelampahan, menika, piyambak, pramila, paedah, menapa, gesang. Sarta wonten tembung sesulih krama inggih menika tembung kula.

Pacelathon wonten ing nginggil menika kalebet *fungsi* basa *emotif* kuciwa. Ginemanipun Begawan Samudana ngewrat *fungsi* basa *emotif* kuciwa amargi piyambakipun ngraos kuciwa sampun anggarwa putranipun piyambak. Titikanipun Begawan Samudana ngraos kuciwa inggih menika saking ukara *“..... tetiyang kanthi lelampahan menika kula piyambak,..pramila paedah menapa kula gesang...!”*

Prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi inggih menika ginemanipun Begawan Samudana ing padhepokan Gunung Prau saha kadadosan boten resmi nalika Begawan Samudana nguda rasa kaliyan Begawan Dewakusuma. Salajengipun ing ngandhap menika kaandharaken panganggening undha-usuk krama alus *fungsi* *emotif* bingung.

5). Krama alus *fungsi emotif* bingung

Panganggening undha-usuk krama alus *fungsi emotif* bingung ingkang kapanggihaken wonten ing Panggugah. Kadadosan boten resmi wonten ing Rum saha gineman langsung antawisipun Sultan Rum kaliyan Jamal saha Jamil ingkang kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

- Konteks : Kawontenan boten resmi wonten ing Rum lan Sultan Rum mundhut pirsamargi bingung dhateng Jamal lan Jamil menika sinten.
- Sultan Rum : ***“Nyuwun pangapunten, sejatosipun panjenengan kekalih menika sinten?”***
- Jamal : *“Kula Jangkung. Dene Jamil menika sejatosipun inggih panjenenganipun Kanjeng Sultan Agung saking tanah Jawi”* (kapethik saking data kaca 72).

Pethikan pacelathon ing nginggil menika minangka ginemanipun Sultan Rum ngginakaken undha-usuk krama alus. Sultan Rum ngginakaken undha-usuk krama alus amargi kangge paring raos kurmat dhateng Jamal saha Jamil. Ginemanipun Sultan Rum ngginakaken tembung krama alus katitik saking wontenipun tembung nyuwun pangapunten, sejatosipun, kekalih, menika, sinten. Sarta wonten tembung sesulih krama ing tembung panjenengan.

Pacelathon wonten ing nginggil menika kalebet *fungsi* basa *emotif* bingung. Ginemanipun Sultan Rum ngewrat *fungsi* basa *emotif* bingung amargi piyambakipun ngraos bingung dhateng Jamal ingkang sampun manggihaken Sultan Rum kaliyan Sultan Agung. Titikanipun Sultan Rum ngraos bingung inggih menika saking ukara *“..... sejatosipun panjenengan kekalih menika sinten?”*

Prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi inggih menika ginemanipun Sultan Rum ing Rum sarta kadadosan boten resmi nalika Sultan Rum gineman saha wosipun gineman ngandharaken bilih piyambakipun bingung saged pinanggih Sultan Agung saking tanah Jawi. Salajengipun ing ngandhap menika kaandharaken panganggening undha-usuk krama alus *fungsi emotif* kaget.

6). Krama alus *fungsi emotif* kaget

Panganggening undha-usuk krama alus *fungsi emotif* kaget ingkang kapanggihaken wonten ing *antologi* cerkak saha dongeng Panggugah. Kadadosan resmi wonten ing dalemipun Pak Madi lan gineman langsung antawisipun Pak Madi kaliyan Pak Agus ingkang kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

Konteks : Kawontenan resmi wonten ing dalemipun Pak Madi saha gineman kaliyan Pak Agus kanthi raos kaget amargi wonten pawartos bilih Karimin sampun nilar donya.

Pak Agus : "*Karimin...Karimin...murid kula, sampun...*"

Pak Madi : "***Sampun kados pundi?***"

Pak Agus : "*Sampun nilar donya!*" (kapethik saking *data* kaca 34).

Pethikan pacelathon ing nginggil menika minangka ginemanipun Pak Madi ngginakaken undha-usuk krama alus. Pak Madi ngginakaken undha-usuk krama alus amargi kangge paring raos kurmat dhateng Pak Agus ingkang minangka gurunipun Karimin. Ginemanipun Pak Madi ngginakaken tembung krama alus katitik saking wontenipun tembung sampun, kados, pundi.

Pacelathon wonten ing nginggil menika ugi gadhah *fungsi* basa inggih menika *fungsi* basa *emotif* kaget. Ginemanipun Pak Madi ngewrat *fungsi* basa *emotif* kaget amargi wonten ing *data* Panggugah kaca 34 sampun dipunandharaken bilih Pak Madi tansah kaget. Titikanipun Pak Madi ngraos kaget inggih menika saking ukara “*Sampun kados pundi?*”

Prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi inggih menika ginemanipun Pak Madi ing dalemipun Pak Madi sarta kadadosan resmi nalika sami wawanrembag babagan Karimin ingkang dipunpitnah dados maling. Salajengipun ing ngandhap menika kaandharaken panganggening undha-usuk krama alus *fungsi referensial*.

b. Krama alus *fungsi referensial*

Krama alus *fungsi referensial* inggih menika ukara ingkang tembungipun awujud tembung krama sadaya saha wos ukaranipun ngandharaken pawartos. Wonten ing ngandhap menika kaandharaken krama alus *fungsi referensial* pawartos.

1). Krama alus *fungsi referensial* pawartos

Panganggening undha-usuk krama alus *fungsi referensial* pawartos ingkang kapanggihaken wonten ing Panggugah. Kadadosan resmi wonten ing dalemipun Pak Madi lan gineman langsung antawisipun Pak Madi kaliyan para warga ingkang kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

- Konteks : Kawontenan resmi wonten ing dalemipun Pak Madi saha gineman kaliyan para warga kangge ngandharaken pawartos bilih Karimin mbetahaken dhonor dharah golongan B.
- Pak Madi : ***“Nak Karimin sakmenika sampun sadhar, nanging betah dhonor dharah piyantun tiga, golonganipun B”***
- Para Warga : *“Kula nggih B. Kula sagah dhonor, Pak RW!”* (kapethik saking data kaca 34).

Pethikan pacelathon ing nginggil menika minangka ginemanipun Pak Madi ngginakaken undha-usuk krama alus. Pak Madi ngginakaken undha-usuk krama alus amargi kangge paring raos kurmat dhateng para warga. Ginemanipun Pak Madi ngginakaken tembung krama alus katitik saking wontenipun tembung sakmenika, sampun, sadhar, nanging, betah, dhonor dharah, piyantun, tiga, golonganipun. Sarta wonten panambang krama (-ipun) ing tembung golonganipun.

Pacelathon wonten ing nginggil menika ugi gadhah *fungsi* basa inggih menika *fungsi* basa *referensial* pawartos. Ginemanipun Pak Madi ngewrat *fungsi* basa *referensial* pawartos amargi Pak Madi ngandharaken satunggal pawartos biilih Karimin menika sampun sadhar saha mbetahaken dhonor dharah B. Titikanipun Pak Madi ngandharaken pawartos inggih menika saking ukara *“Nak Karimin sakmenika sampun sadhar, nanging betah dhonor dharah piyantun tiga, golonganipun B”*

Prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi inggih menika ginemanipun Pak Madi ing dalemipun Pak Madi lan kadadosan resmi nalika sami wawanrembag babagan Karimin ingkang dipunpitnah dados maling.

Salajengipun ing ngandhap menika kaandharaken panganggening undha-usuk krama alus *fungsi puitik*.

c. Krama alus *fungsi puitik*

Krama alus *fungsi puitik* inggih menika ukara ingkang sadaya tembungipun awujud tembung krama sarta wos ukaranipun ngandharaken pamanggih nyata. Wonten ing ngandhap menika kaandharaken krama alus *fungsi puitik* pamanggih.

1). Krama alus *fungsi puitik* pamanggih

Panganggening undha-usuk krama alus *fungsi puitik* pamanggih ingkang kapanggihaken wonten ing Panggugah. Kadadosan boten resmi wonten ing pesantrenipun Sunan Kudus sarta gineman langsung antawisipun Saridin kaliyan Sunan Kudus ingkang kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

Konteks	: Kawontenan boten resmi wonten ing pesantren Sunan Kudus nalika Saridin gineman kangge ngandharaken pamanggihipun bilih piyambakipun boten dipunparingi ilmu agami.
Sunan Kudus	: “ <i>Wis, Saridin, aja mbok terusake maneh, ora becik yen pamer kabisan kaya mangkono iku</i> ”
Saridin	: “ <i>Sejatosipun kula badhe pados tambahing pangertosan ilmu agami dhateng Bapa Sunan Kudus, nanging engga sapriki kula mboten dipunparingi</i> ” (kapethik saking data kaca 62).

Pethikan pacelathon ing inggil menika minangka ginemanipun Saridin ngginakaken undha-usuk krama alus. Saridin ngginakaken undha-usuk krama alus amargi kangge paring raos kurmat dhateng Sunan Kudus ingkang minangka gurunipun ing pesantren. Ginemanipun Saridin ngginakaken tembung krama alus

katitik saking wontenipun tembung sejatosipun, badhe, pados, tambahing, pangertosan, ilmu, agami, dhateng, nanging, sapriki, boten, dipunparingi. Wonten tembung sesulih krama ing tembung kula. Wonten wuwuhan krama (dipun-) ing tembung dipunparingi. Sarta wonten panambang krama (-ipun) ing tembung sejatosipun.

Pacelathon wonten ing nginggil menika ugi gadhah *fungsi* basa inggih menika *fungsi* basa *puitik* pamanggih. Ginemanipun Saridin ngewrat *fungsi* basa *puitik* pamanggih amargi Saridin badhe pados ngelmu agami kaliyan Sunan Kudus ananging boten dipunparingi. Titikanipun Saridin ngandharaken pamanggihipun inggih menika saking ukara “*Sejatosipun kula badhe pados tambahing pangertosan ilmu agami dhateng Bapa Sunan Kudus, nanging engga sapriki kula mboten dipunparingi*”

Prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi inggih menika ginemanipun Saridin ing pesantrenipun Sunan Kudus saha kadadosan boten resmi nalika Saridin nawu paceran. Salajengipun ing ngandhap menika kaandharaken panganggening undha-usuk krama alus *fungsi fatik*.

d. Krama alus *fungsi fatik*

Krama alus *fungsi fatik* inggih menika ukara ingkang sadaya tembungipun awujud tembung krama sarta wos ukaranipun ngandharaken uluk salam dhateng paraga sanesipun. Wonten ing andhap menika kaandharaken krama alus *fungsi fatik* uluk salam.

1). Krama alus *fungsi fatik* uluk salam

Panganggening undha-usuk krama alus *fungsi fatik* uluk salam ingkang kapanggihaken wonten ing Panggugah. Kadadosan resmi wonten ing kelas saha gineman langsung antawisipun Bu Rini kaliyan para murid ingkang kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

Konteks : Kawontenan resmi wonten ing kelas nalika Bu Rini paring uluk salam dhateng para siswa.

Para murid : “*Sugeng enjang, Bu!*”

Bu Rini : “***Sugeng enjing***” (kapethik saking *data* kaca 12)

Pethikan pacelathon ing nginggil menika minangka ginemanipun Bu Rini ngginakaken undha-usuk krama alus. Bu Rini ngginakaken undha-usuk krama alus amargi kangge paring raos kurmat sarta kangge tuladha ingkang sae kangge para murid. Ginemanipun Bu Rini ngginakaken tembung krama alus katitik saking wontenipun tembung sugeng enjing.

Pacelathon wonten ing nginggil menika kalebet *fungsi* basa *fatik* uluk salam. Ginemanipun Bu Rini ngewrat *fungsi* basa *fatik* uluk salam amargi Bu Rini miwiti piwulangan ing salebeting kelas. Titikanipun Bu Rini ngandharaken pamanggihipun inggih menika saking ukara “*Sugeng enjing*”

Prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi inggih menika ginemanipun Bu Rini ing salebeting kelas sarta kadadosan resmi nalika Bu Rini mbikak piwulang ing kelas. Salajengipun ing ngandhap menika kaandharaken panganggening undha-usuk krama alus *fungsi konatif*.

e. Krama alus *fungsi konatif*

Krama alus *fungsi konatif* inggih menika ukara ingkang sadaya tembungipun awujud tembung sarta wos ukaranipun kangge naweni, ngandharaken panyuwunan, nyarujuki, boten sarujuk, nyuwun pirsa, saha ndhawuhi mitra tutur. Wonten ing ngandhap menika kaandharaken panganggening undha-usuk krama alus *fungsi konatif* naweni.

1). Krama alus *fungsi konatif* naweni

Panganggening undha-usuk krama alus *fungsi konatif* naweni ingkang kapanggihaken wonten ing Panggugah. Kadadosan boten resmi wonten pangimpenipun Ari ing lepen sarta gineman langsung antawisipun Jin kaliyan Ari ingkang kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

Konteks : Kawontenan boten resmi wonten pangimpenipun Ari ing lepen lan Jin gineman kaliyan Ari nalika naweni Ari badhe nyuwun menapa kemawon badhe dipunjabahi dening Jin. 80

Jin : ***“Kula sampun nate prasetya, menawi kula saged luwar, kula badhe minangkani sadaya pepenginan lan panyuwunipun sinten kemawon ingkang mitulungi kula. Samenika panjenengan ingkang saged ngluwaraken kula, pramila mangga kula aturi ngendika panjenengan badhe ngersakaken menapa? Raja brana, utawi menapa kemawon, kula badhe mbudidaya nyembadani”***

Ari : *“Aku ora kepengin apa-apa, ora kepengin raja brana utawa bandha, aku kepengin Jaran Kristal, yaiku reca jaran saka kaca, sing bisa urip, bisa mlayu banter, bisa mabur kaya kagungane Sang Raja ing negara Antah Brantah”* (kapethik saking data kaca 80).

Pethikan pacelathon ing nginggil menika minangka ginemanipun Jin ngginakaken undha-usuk krama alus. Jin ngginakaken undha-usuk krama alus

amargi kangge paring raos kurmat dhateng Ari ingkang sampun medalaken Jin saking botol. Ginemanipun Jin ngginakaken tembung krama alus katitik saking wontenipun tembung sampun, nate, prasetya, menawi, saged, luwar, badhe, minangkani, sadaya, pepenginan, panyuwunanipun, sinten, kemawon, ingkang, mitulungi, samenika, saged, pramila, mangga, aturi, ngendika, ngersakaken, menapa, raja brana, mbudidaya, nyembadani. Wonten tembung sesulih krama inggih menika tembung kula, saha panjenengan. Wonten panambang krama (-ipun) ing tembung panyuwunanipun, (-aken) ing tembung ngluwaraken saha ngersakaken.

Pacelathon wonten ing inggil menika ugi gadhah *fungsi* basa inggih menika *fungsi* basa *konatif* naweni. Ginemanipun Jin ngewrat *fungsi* basa *konatif* naweni amargi Jin menika ngraos bingah saha badhe ngijabahi menapa kemawon ingkang dipunkersakaken kaliyan Ari. Titikanipun Jin naweni Ari inggih menika saking ukara “.....*pramila mangga kula aturi ngendika panjenengan badhe ngersakaken menapa? Raja brana, utawi menapa kemawon, kula badhe mbudidaya nyembadani*”

Prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi inggih menika ginemanipun Jin kaliyan Ari saha kadadosan boten resmi amargi wonten pangimpenipun Ari ing pinggir lepen. Salajengipun ing ngandhap menika kaandharaken panganggening undha-usuk krama alus *fungsi konatif* panyuwunan.

2). Krama alus *fungsi konatif* panyuwunan

Panganggening undha-usuk krama alus *fungsi konatif* naweni ingkang kapanggihaken wonten ing Panggugah. Kadadosan boten resmi wonten dalemipun Bu Rini saha gineman langsung antawisipun Beja kaliyan Bu Rini ingkang kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

Konteks : Kawontenan boten resmi wonten dalemipun Bu Rini saha Beja gineman kaliyan Bu Rini nalika ngndharaken panyuwunan badhe nyambut arta.

Bu Rini : “*Ana wigati apa?*”

Beja : “*Saderengipun kula nyuwun pangapunten awit badhe ngrepoti panjenengan. Menawi kepareng, kula badhe nyuwun ngampil arta kalih dasa ewu kangge nyuntikaken simbok kula*” (kapethik saking data kaca 17).

Pethikan pacelathon ing nginggil menika minangka ginemanipun Beja ngginakaken undha-usuk krama alus. Beja ngginakaken undha-usuk krama alus amargi kangge paring raos kurmat dhateng Bu Rini ingkang gurunipun Beja ing sekolahan. Ginemanipun Beja ngginakaken tembung krama alus katitik saking wontenipun tembung saderengipun, nyuwun pangapunten, awit, badhe, ngrepoti, menawi, kepareng, ngampil, arta, kalih dasa ewu, kangge, nyunkikaken. Wonten tembung sesulih inggih menika tembung kula saha panjenengan. Sarta wonten panambang krama (-ipun) ing tembung saderengipun sarta (-aken) ing tembung nyuntikaken.

Pacelathon wonten ing inggil menika kalebet *fungsi basa konatif* panyuwunan. Ginemanipun Beja ngewrat *fungsi basa konatif* panyuwunan amargi Beja badhe nyambut arta dhateng Bu Rini. Titikanipun Beja nyambut arta dhateng

Bu Rini inggih menika saking ukara “.....nyuwun pangapunten awit badhe ngrepoti panjenengan. Menawi kepareng, kula badhe nyuwun ngampil arta kalih dasa ewu kangge nyuntikaken simbok kula”

Prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi inggih menika ginemanipun Beja kaliyan Bu Rini saha kadadosan boten resmi amargi wonten dalemipun Bu Rini lan wos ginemanipun Beja badhe nyambut arta. Salajengipun kaandharaken pethikan *data* pacelathon kanthi undha-usuk ngoko lugu *fungsi emotif* gumun ingkang paraganipun gineman piyambak.

Panganggening undha-usuk krama alus *fungsi konatif* panyuwunan ingkang kapanggihaken wonten ing Panggugah. Kadadosan boten resmi wonten pekarangan saha Markisa kunthing gineman piyambak ingkang kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

Konteks	: Kawontenan boten resmi wonten ing pekarangan nalika Markisa kunthi gineman piyambak nyenyuwun dhateng Gusti.
Markisa Kunthing	: <i>“Dhuh Gusti, mugi panjenengan paring usada dhumateng kula, mboten wonten daya kekiyatan kejawi saking Panjenengan. Panjenengan ingkang Maha Welas lan Maha Asih”</i> (kapethik saking <i>data</i> kaca 102).

Pethikan pacelathon ing nginggil menika minangka ginemanipun Markisa Kunthing ngginakaken undha-usuk krama alus. Markisa Kunthing ngginakaken undha-usuk krama alus amargi Markisa Kunthing dedonga dhateng Gusti Allah. Ginemanipun Markisa Kunthing ngginakaken tembung krama alus katitik saking wontenipun tembung mugi, paring, usada, dhumateng, boten,

wonten, daya, kekiyatan, kejawi, saking, ingkang, welas, asih. Sarta wonten tembung sesulih krama panjenengan lan kula.

Pacelathon wonten ing nginggil menika ugi gadhah *fungsi* basa inggih menika *fungsi* basa *konatif* panyuwunan. Ginemanipun Markisa Kunthing ngewrat *fungsi* basa *konatif* panyuwunan amargi Markisa Kunthing tansah nandang kasengsaran lan nyenyuwun dhateng Gusti Allah. Titikanipun Markisa Kunthing nyenyuwun dhateng Gusti Allah inggih menika saking ukara “.....*Gusti, mugi panjenengan paring usada dhumateng kula, mboten wonten daya kekiyatan kejawi saking Panjenengan. Panjenengan ingkang Maha Welas lan Maha Asih*”

Prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi inggih menika ginemanipun Markisa Kunthing saha kadadosan boten resmi amargi wonten pekarangan saha Markisan Kunthing gineman piyambak kangge nyenyuwun dhateng Gusti Allah. Salajengipun kaandharaken pethikan *data* pacelathon kanthi undha-usuk krama alus *fungsi konatif* sarujuk.

3). Krama alus *fungsi konatif* sarujuk

Panganggening undha-usuk krama alus *fungsi konatif* sarujuk ingkang kapanggihaken wonten ing Panggugah. Kadadosan boten resmi wonten pangimpenipun Ari ing wana saha gineman langsung antawisipun Tiyang ingkang negori jati kaliyan Ari ingkang kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

Konteks : Kawontenan boten resmi wonten pangimpenipun Ari ing wana lan tiyang ingkang negori jati sami mangsuli Ari bilih nyarujuki menapa ingkang dipundhawuhi Ari.

Ari : “*He, padha rungokna! Yen kabeh kepengin padha slamet, kepengin anak putumu ora rekasa uripe, ayo, enggal lunga saka kene! Ora kena negori alas jati iki!*”

Tiyang ingkang negori jati : “*Inggih...inggih, kula mboten badhe negori jati malih*” (kapethik saking *data* kaca 84).

Pethikan pacelathon ing inggil menika minangka ginemanipun Tiyang ingkang negori jati ngginakaken undha-usuk krama alus. Tiyang ingkang negori jati ngginakaken undha-usuk krama alus amargi Tiyang ingkang negori jati tansah ajrih kaliyan Ari ingkang dipunkinten mbaureksa wana menika. Ginemanipun Tiyang ingkang negori jati ngginakaken tembung krama alus katitik saking wontenipun tembung inggih, boten, badhe, malih. Sarta wonten tembung sesulih krama inggih menika tembung kula.

Pacelathon wonten ing inggil menika kalebet *fungsi* basa *konatif* sarujuk. Ginemanipun Tiyang ingkang negori jati ngewrat *fungsi* basa *konatif* sarujuk amargi Tiyang ingkang negori jati tansah ajrih dhateng Ari. Titikanipun Tiyang ingkang negori jati nyarujuki panyuwunanipun Ari inggih menika saking ukara “*Inggih...inggih.....*”

Prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi inggih menika ginemanipun Tiyang ingkang negori jati sarta kadadosan boten resmi amargi wonten pangimpenipun Ari ing wana saha Tiyang ingkang negori jati gineman kaliyan Ari kangge ngandharaken raos sarujuk dhateng panyuwunanipun Ari. Salajengipun kaandharaken pethikan *data* pacelathon kanthi undha-usuk krama alus *fungsi konatif* boten sarujuk.

4). Krama alus *fungsi konatif* boten sarujuk

Panganggening undha-usuk krama alus *fungsi konatif* boten sarujuk ingkang kapanggihaken wonten ing Panggugah. Kadadosan boten resmi wonten pangimpenipun Ari ing pinggir lepen lan gineman langsung antawisipun Jin kaliyan Ari ingkang kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

Konteks : Kawontenan boten resmi wonten pangimpenipun Ari ing lepen nalika Jin mangsuli bilih boten saged ngijabahi panyuwunanipun Ari.

Ari : “*Aku ora kepengin apa-apa, ora kepengin raja brana utawa bandha, aku kepengin Jaran Kristal, yaiku reca jaran saka kaca, sing bisa urip, bisa mlayu banter, bisa mabur kaya kagungane Sang Raja ing negara Antah Brantah*”

Jin : “*Menawi menika ingkang panjenengan kersakaken, nyuwun pangapunten kula mboten saged minangkani, amargi menika namung wonten ing salebeting dongeng kemawon. Mangga kula aturi ngendika sanesipun menika*” (kapethik saking data kaca 81).

Pethikan pacelathon ing nginggil menika minangka ginemanipun Jin ngginakaken undha-usuk krama alus. Jin ngginakaken undha usuk krama alus amargi kangge ngormati Ari ingkang sampun mendalaken Jin saking botol. Ginemanipun Jin ngginakaken tembung krama alus katitik saking wontenipun tembung menawi, menika, ingkang, kersakaken, nyuwun pangapunten, boten, saged, minangkani, amargi, namung, wonten, salebeting, kemawon, mangga, aturi, ngendika, sanesipun. Wonten tembung sesulih krama inggih menika tembung panjenengan saha kula. Sarta wonten panambang krama (-aken) ing tembung kersakaken, (-ipun) ing tembung sanesipun.

Pacelathon wonten ing inggil menika kalebet *fungsi* basa *konatif* boten sarujuk. Ginemanipun Jin ngewrat *fungsi* basa *konatif* boten sarujuk amargi Jaran Kristal menika namung wonten ing dongeng kemawon dados Jin boten saged minangkani panyuwunanipun Ari. Titikanipun Jin boten nyarujuki dhateng panyuwunanipun Ari inggih menika saking ukara “*Menawi menika ingkang panjenengan kersakaken, nyuwun pangapunten kula mboten saged minangkani.....*”

Prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi inggih menika ginemanipun Jin saha kadadosan boten resmi amargi wonten pangimpenipun Ari ing pinggir lepen saha Jin gineman kaliyan Ari kangge ngandharaken boten sarujuk dhateng panyuwunanipun Ari. Salajengipun kaandharaken pethikan *data* pacelathon kanthi undha-usuk krama alus *fungsi konatif* nyuwun pirsu.

5). Krama alus *fungsi konatif* nyuwun pirsu

Panganggening undha-usuk krama alus *fungsi konatif* nyuwun pirsu ingkang kapanggihaken wonten ing Panggugah. Kadadosan boten resmi wonten dalemipun Galang sarta gineman langsung antawisipun Galang kaliyan Pak Kadhus ingkang kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

Konteks	: Kawontenan boten resmi wonten ing dalemipun Galang lan mundhut pirsu dhateng Pak Kadhus babagan cacahipun bonsai ingkang kedah dipunbekta menika pinten.
Galang	: “ <i>Pak Kadhus, menapa tanemanipun bonsai inggih dipunbekta sedaya?</i> ”

Pak Kadhus : “*Bab tanduran sing bakal kanggo pameran mengko luwih becik dipilih sing paling apik dhewe, dadi ora perlu etungan, ana sepuluh sing apik ya digawa kabeh, bab ongkos barang uga wis ditanggung panitya*” (kapethik saking data kaca 42).

Pethikan pacelathon ing nginggil menika minangka ginemanipun Galang ngginakaken undha-usuk krama alus. Galang ngginakaken undha-usuk krama alus amargi kangge paring raos kurmati dhateng Pak Kadhus. Ginemanipun Galang ngginakaken tembung krama alus katitik saking wontenipun tembung menapa, tanemaipun, inggih, dipunbekta, sedaya. Sarta wonten panambang krama (-ipun) ing tembung tanemanipun.

Pacelathon wonten ing nginggil menika kalebet *fungsi basa konatif* nyuwun pirsu. Ginemanipun Galang ngewrat *fungsi basa konatif* nyuwun pirsu amargi Galang dereng mangartos cacahipun bonsai ingkang badhe dipunbekta ing Jepang. Titikanipun Galang nyuwun pirsu dhateng Pak Kadhus inggih menika saking ukara “.....menapa tanemanipun bonsai inggih dipunbekta sedaya?”

Prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi inggih menika ginemanipun Galang kaliyan Pak Kadhus wonten dalemipun Galang lan kadadosan boten resmi amargi wos ginemaipun Galang nyuwun pirsu cacahipun bonsai ingkang badhe dipunbekta ing Jepang. Salajengipun kaandharaken pethikan *data* pacelathon kanthi undha-usuk krama alus *fungsi konatif* ndhawuhi.

6). Krama alus *fungsi konatif* ndhawuhi

Panganggening undha-usuk krama alus *fungsi konatif* ndhawuhi ingkang kapanggihaken wonten ing Panggugah. Kadadosan boten resmi wonten Mataram

sarta gineman langsung antawisipun Jangkung kaliyan Sultan Agung ingkang kaandharaken wonten ing andhap menika.

- Konteks : Kawontenan boten resmi wonten ing Mataram lan Jangkung nyuwun dhateng Sultan Agung supados nyamudana lan salin nama dados Jamal lan Jamil.
- Jangkung : ***“Kanjeng Sultan, panjenengan kaliyan kula kedah nyamudana. Panjenengan ngagem asma Jamil lan kula Jamal”***
- Sultan Agung : *“Menawa sarate kudu mengkono, aku kari manut”* (kapethik saking data kaca 69).

Pethikan pacelathon ing nginggil menika minangka ginemanipun Jangkung ngginakaken undha-usuk krama alus. Jangkung ngginakaken undha-usuk krama alus amargi kangge paring raos kurmati dhateng Sultan Agung. Ginemanipun Jangkung ngginakaken tembung krama alus katitik saking wontenipun tembung kaliyan, kedah, nyamudana, ngagem, asma. Wonten tembung sesulih krama inggih menika tembung panjenengan saha kula.

Ginemanipun Jangkung ngewrat *fungsi* basa *konatif* ndhawuhi amargi Jangkung saha Sultan Agung badhe nyamudana ing Rum. Titikanipun Jangkung matur dhateng Sultan Agung supados enggal gantos ageman kanthi ukara “..... *panjenengan kaliyan kula kedah nyamudana. Panjenengan ngagem asma Jamil lan kula Jamal”*

Prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi inggih menika ginemanipun Jangkung kaliyan Sultan Agung wonten Mataram saha kadadosan boten resmi amargi wos ginemaipun Jangkung nyuwun supados Sultan Agung kersa nyamudana saha gantos asma.

BAB V

PANUTUP

A. Dudutan

Adhedhasar asiling panaliten kaliyan pirembagan babagan panganggening undha-usuk basa Jawi wonten ing Panggugah anggitanipun, saged kapendhet dudutan kados makaten.

1. Jinisipun undha-usuk basa Jawi ingkang dipunpanggiaken saking wawanrembag para paraga ing Panggugah menika wonten sekawan inggih menika ngoko lugu, ngoko alus, krama lugu, saha krama alus.
2. *Fungsi* panganggening undha-usuk basa Jawi wonten ing Panggugah dipunpanggiaken ing panaliten menika wonten gangsal inggih menika *fungsi emotif, fungsi referensial, fungsi puitik, fungsi fatik, saha fungsi konatif*.
 - a). Wonten ing jinis undha usuk ngoko lugu dipunpanggiaken *fungsi* basa.
 - (1). Ngoko lugu *fungsi emotif* (bingah, gumun, jengkel, bingung, kaget).
 - (2). Ngoko lugu *fungsi referensial* (pawartos).
 - (3). Ngoko lugu *fungsi puitik* (pamanggih nyata).
 - (4). Ngoko lugu *fungsi fatik* (uluk salam).
 - (5). Ngoko lugu *fungsi konatif* (sarujuk, boten sarujuk, pamrayogi, nyuwun pirsu, ndhawuhi).
 - b). Wonten ing jinis undha-usuk ngoko alus dipunpanggiaken *fungsi* basa.
 - (1). Ngoko alus *fungsi emotif* (bingah, gumun, sedhih, ajrih, kaget).

(2). Ngoko alus *fungsi referensial* (pawartos).

(3). Ngoko alus *fungsi puitik* (pamanggih nyata lan khayalan).

(4). Ngoko alus *fungsi konatif* (naweni, panyuwunan, nyuwun pirsu, ndhawuhi).

c). Wonten ing jinis undha-usuk krama lugu dipunpanggihaken *fungsi* basa.

(1). Krama lugu *fungsi emotif* (sedhih, jengkel).

(2). Krama lugu *fungsi referensial* (pawartos).

(3). Krama lugu *fungsi puitik* (pamanggih nyata).

(4). Krama lugu *fungsi fatik* (uluk salam).

(5). Krama lugu *fungsi konatif* (naweni, panyuwunan, sarujuk, boten sarujuk, nyuwun pirsu).

d). Wonten ing jinis undha-usuk krama lugu dipunpanggihaken *fungsi* basa.

(1). Krama alus *fungsi emotif* (bingah, gumun, ajrih, kuciwa, bingung, kaget).

(2). Krama alus *fungsi referensial* (pawartos).

(3). Krama alus *fungsi puitik* (pamanggih nyata).

(4). Krama alus *fungsi fatik* (uluk salam).

(5). Krama alus *fungsi konatif* (naweni, panyuwunan, sarujuk, boten sarujuk, nyuwun pirsu, ndhawuhi).

3. Prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi ing Panggugah inggih menika kadayan saking saperangan prakawis. Prakawis kasebut inggih menika kawontenan resmi saha boten resmi. Sarta

ginemanipun para paraga ing Panggugah menika wonten ingkang gineman langsung kaliyan paraga sanes saha wonten ugi ingkang gineman piyambak.

B. Implikasi

Asiling panaliten menika nedahaken bilih wonten ing tuturan para paraga ing Panggugah ngginakaken undha-usuk basa Jawi ingkang dipunjumbuhaken kaliyan *konteks* tuturipun. Asiling panaliten menika saged kangge tuladha saha nggladhi para siswa mliginipun ing pasinaon basa Jawi. Saking tuladha-tuladha ing Panggugah menika kaangkah para siswa saged ngecakaken ing padintenan ingkang dipunjumbuhaken kaliyan papan, wekdal, swasana, ancas, *norma*, sarta kaliyan sinten mitra tuturipun.

Kangge pamaos, asiling panaliten menika saged mbiyantu wonten ing babagan mangartosi anggenipun ngginakaken undha-usuk basa Jawi dhateng mitra tuturipun. Asiling panaliten menika ugi saged dipunginakaken kangge *referensi* anggenipun nindakaken panaliten sanes mliginipun babagan basa.

C. Pamrayogi

Adhedhasar asiling panaliten kaliyan pirembagan panaliten menika, wonten saperangan pamrayogi ingkang kedah dipungatosaken inggih menika.

1. Panaliten menika namung winates ngrembag babagan jinis undha-usuk basa Jawi, *fungsi* basa, sarta prakawis ingkang ndayani panganggening undha-usuk basa Jawi wonten ing Panggugah. Dipunangkah kangge para panaliti basa saged nindakaken panaliten salajengipun ngengingi *aspek* basa kadosta

kalepatan *fonologis* jalaran wonten ing Panggugah menika wonten tembung ingkang taksih lepat panyeratanipun.

